12+

12

2017





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Зам. гл. редактора, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2017

# МАХ ДУГ

12
2017

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Сæйраг редакторы хæдивæг, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2017

## НОМЫРЫ ИС:

### ХОСТЫХЪОТЫ ЗИНÆ: 80 АЗЫ

**Фысджытæ Зинæйы тыххæй** 7

*ХОСТЫХЪОТЫ Зинæ.* **Æз – сылгоймаг.** Æмдзæвгæтæ 11

### ГУЫРДЗЫБЕТЫ ИРИНÆ: 80 АЗЫ

*ГУЫРДЗЫБЕТЫ Иринæ.* **Æнусты рухс.** Æмдзæвгæтæ 17

*ХУЫГАТЫ Сергей.* **Къостайы авдæн.** Уацау. Кæрон 24

*АБОЙТЫ Зарæ.* **Мæ зæрдæ – æвдисæн.** Æмдзæвгæтæ 81

*КЦОЙТЫ Астемыр.* **Хуыцауы минæвар.** Таурæгъ 83

*ГАГЛОЙТЫ Толик.* **Мæ фыццаг уалдзæг.** Æмдзæвгæтæ 86

*ДЗУЦЦАТЫ Къоста.* **Сатирикон нывтæ æмæ таурæгъ** 88

*БЫЗЫККАТЫ Земфирæ.* **Гыркъо – чындзхæссæг.** Юморескæ 96

*ГАПБАТЫ Алетæ.* **Худын – цардыхос.** Худæджы хабæрттæ 101

### РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ

*ДЖЫККАЙТЫ Къоста.* **Георгийы кавалер** 108

### ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

**Результат политической беспечности** 112

*ПЛИТЫ Грис.* **Историон рæстад галиуæй** 115

АРВИСТОН 125

**«Мах дуг» 2017 азы ныммыхуыр кодта** 136

**ТÆФÆРФÆС**

**ЧЕДЖЕМТЫ Геор** 142

* * *

Дæлимонтæ зилдух кæнынц æнаккаг адæймæгты зæрдæты алыварс. Уыдон сты дæлимоны хизæнуæттæ, стæй йе ‘фсад. Фæлæ йæ зæрдæ æлгъаг миниуджытæй чи ссыгъдæг кодта, уыдонмæ дæлимон æввахс нæ цæуы.

* * *

Зонды лæгтæй чидæр загъта: «Хæлæджы цæф дзæбæх нæ кæны, хæлæггæнаг йæ хъуыды никуы раргом кæндзæн». Араби та загъта: «Æз мæ цард-цæрæнбонты иу ахæм тираны дæр никуы федтон, хæлæггæнаджы хуызæн æфсырд æмæ гæвзыкхуыз чи у; исты хорз дыл куы ‘рцæуа, уæд хæлæггæнаг та йæхи афтæ фæдары, цыма стыр бæллæхы бахауди».

*Газали (1058–1111)*

# ХОСТЫХЪОТЫ ЗИНÆ: 80 АЗЫ



# ФЫСДЖЫТÆ ЗИНÆЙЫ ТЫХХÆЙ

* * *

Зинæйы зарæг у йæ поэтикон дуне – йæхи цард, йæхи хъысмæт, йæхи зæрдæ æмæ, йæхи психикæмæ гæсгæ кæй сфæлдыста, уыцы дуне...

Уым ис арв æмæ зæхх. Иу дзы иннæйы хуызæн нæу. Иу дзы у иннæйы ныхмæ. Зæххыл «нырма рæстдзинад туджы аргъ у», «нырма цæрынц лæгсырд æмæ хæрам» («Мæ зæрдæ»). Поэтессæйæн зæхх æнæтугæй æргæвды йæ бæллиц, лæгæрды йыл милуан къахæй, æмæ куы фæтырны цæргæсау арвмæ стæхынмæ, æврæгътæн хъæбыстæ кæнынмæ, уæд æй зæхх йæхимæ нылвасы «йæ дам-думтæй, йæ фæныкгуыз æгъдæуттæй», фæлæ поэтессæйы уырны: иубон стæхдзæн арвмæ æмæ уæд зæххы «фæныкгуыз æгъдæуттыл» уæлейæ бынмæ ныххуддзæн («Фæзæгъын: ехх, цæргæсау арвмæ стæх»). «Зæххы фыдæх» ын цъæл кæны йæ зæрдæ, фæлæ йæ зæрдæ бардузын йæ бон нæу, уый хъуамæ уадза цæргæс-лæппынтæ (æвæццæгæн, æмдзæвгæтæ) æмæ уыдон арвыл зилой æмæ тымыгътимæ хæцой («Чи зоны, æнцондæр у цæрын»). Къæвдайы æртах бæрзондæй рахсы йæхи æмæ, кæд зæххон цардæн сæрнывонд у, сæрхаст, уæддæр айнæджы сæрыл куы сæмбæлы, уæд райхъуысы йæ удисæн цъæхахст æмæ, рыст зæрдæйау, фæхауы кæрдихтæ («Къæвдайы æртах»). Зæххæй арвмæ фæцæф цæргæс, сусæгæй йæ фæдыл рагæй чи зылд, уыцы цуаноны нæмыгæй, рахауд æмæ къæдзæхыл фæцæудзæн йæ дзæхст: «Мæнæн уæддæр æнусон бынат арв у, Мæ бынмæ зæхх та – цуанæтты хæтæн» («Цæргæсы мæлæт»). Зæхх, дам, зæдбадæн нæу, зæдбадæн у зæрдæ, фæлæ йыл кæнынц «къуырма фосы лæгæрст», æмæ поэтессæ «лæппын цъиуæй» йæ ных сарæзта арвмæ: «Зылди мæ сæр, мæ бынмæ та мæм зæххыл Æнхъæлмæ касти хæфсбадæн цъыфдзаст» («Мæнгæй нæ уасыд райсомсарæй уасæг»)...

...Фæстæдæр поэтессæ дзырдта: поэзи, дам, у Хуыцау, цыдæр тых æм тæхы æрвбæрзæндтæй, уырдыгæй йæм цæуынц «уаз дзырдтæ», æмæ сын уый та урс гæххæттыл ратты цард, йæ уд уым,

уæларвон зæдты цур ис, цæмæй æвзæгты рæсугъддæр – Хуыцæутты æвзагыл, ома поэзийы æвзагыл, æрдзы сусæг дзура, уарзт зæххонты зæрдæты мидæг ныхтабуйаг скæна æмæ йæ фыдæхы бардуагæн сыскъуынын ма бауадза, æмæ, йæхиуыл æнæууæнчытæ кæнгæйæ, бафарста: «Кæд уый Хуыцауы иу къæртт у мæ уд?» («Æнахуыр тых»). Фыны хъуыста: поэзи, дам, у Хуыцау. Фын æмæ хъалы æхсæн та уыдта: аргъуаны рухс ныв – Чырысти – йæ уæлхъус æрлæууыд: «Уыйбæрц та, уыйбæрц рæсугъд дзырд кæм ардта! Поэтты поэт йæхæдæг цыма уыд». Акодта йæ йемæ «бæрзонд бæстæм», уым поэтессæйы къæхты раз срæмыгъта дидинæг...

***Дзуццаты Хадзы-Мурат***

* * *

«Æрвнæрыны размæ». Ахæм ном сæвæрдта Зинæ йе 'мдзæвгæты фæстаг чиныгыл. Чиныг рухс федта 1994 азы зымæджы. Хуыцау йæ дæсны, цæмæй зыдта Хостыхъон, рæхджы æцæгæй дæр арв кæй ныннæрдзæн, уый. Раст тъæнджымæйы дыккаг бон райхъуыст арвы нæрын æмæ йемæ æрхаста сау хабар: æнæнхъæлæджы цардæй ахицæн Хостыхъоты Зинæ. Æмæ мах, йе 'мбæлттæ, æвиппайды æрвдзæфтау фестæм: никæй уырныдта уыцы æвирхъау уац.

Царды æгъатыр фæтк ахæм у: адæймаг цалынмæ нæ фарсмæ вæййы, уæдмæ йын аргъ кæнын нæ фæфæразæм, нæ зонæм. Стæй нæ иуахæмы сидзæртæй куы фæуадзы, уæд сабыргай-сабыргай æрæмбарæм, куыд æнæрхъуыды стæм (фылдæр хатт та – дурзæрдæ). Æмæ нæ зынгхуыст æмбалы зæрдæуынгæгæй мысын байдайæм, йæ мидæг цы рухс хаста, уый нæ цæсты тынгдæр сахады, æмæ йæ аиппытæ ауæттау æрбайсæфынц.

Абон нæ мæгуыр литературæйыл уынгæджы бонтæ куы скодта, йæ царддæттæг тыхтæ – лæппын суадæттæ – хуыскъ кæнын куы байдыдтой, уæд Зинæхъуаг уæлдай тынгдæр стæм, уымæн æмæ нæм уый хуызæн æнæнцой зæрдæйы хицæуттæ иугæйттæ йеддæмæ нал ис. Нартæн Сатана цы уыди, Зинæ та нæ литературæйæн уый уыди, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд цыма стыр ныхас нæ уыдзæни. Бирæ уарзт æвзæрд йæ риссаг зæрдæйы, бирæ маст хъæрдта йæ уарзаг зæрдæмæ. Йæ маст æмæ йæ уарзт та йæ чызгон бонтæй йæ амæлæты онг ныййарæг адæмимæ баст уыдысты. Уыдоны цæрайæ цард, æмæ уый иттæг ирдæй зыны йе 'мдзæвгæты хуыздæрты.

***Хъодзаты Æхсар***

* * *

Сæууон æртæх – сыгъдæг æмæ æвзонгдзинады символ... Уый йæ сатæгæй æвзонг кæны фæллад зайæгойты, ссæст кæрдæджы бауадзы ног тыхтæ, ратты йын царды монц; хурсыгъд дидинджытæ базыртау сисынц сæ хауд сыфтæ, схæцынц сæ сæртыл, ногæй сфидауынц сæ рæсугъддзинадæй, сæрттивынц сатæгæй æмæ æртæхдзастæй фæкæсынц арвы цъæхмæ. Сæууон æртæх – хуымæтæджы доны æртæхтæ – равзæрынц æрдзы комулæфтæй. Фæлæ сæ ирд буары налхъуыт-налмасау алыхуызон æрттывдæй тæмæнтæ скалы сæуæхсид, хуры фыццаг тынтæ ссудзынц сæууон æртæхы, фестынц алæмæты хуызтæй арвыроны цæхæртæ...

«Сæууон æртæх» – афтæ схуыдта йе 'мдзæвгæты фыццаг чиныг Хостыхъоты Зинæ.

...Зинæйы æмдзæвгæты лирикон герой ирон сылгоймаг у, ивгъуыд замантæй нырмæ царды цы цæрæццаг традицитæ баззад, уыдоны хорздзинæдты æмæ нæ дуджы ног æгъдæутты органикон бастдзинад йæ удыхъæды ирдæй кæмæн зыны, ахæм адæймаг...

...Зинæйы æмдзæвгæты ис зæрдæбын лиризм, арф сагъæстæ, ирд хъуыдытæ æмæ аив поэтикон фæлгонцтæ. Йæ лирикон герой у зæрдæйæ рæсугъд æмæ хъæздыг...

...Уый хайджын у рæстæджы сагъæстæй. ...катай кæны, кæддæр йæ фыды уæзæг чи ныууагъта, цагъардзинад æмæ зын цардæй хуыздæр амонд агурæг чи фæцыд æмæ дунейы кæрæтты, райгуырæн бæстæм бæлгæйæ, хауæггаг чи сси, уыцы ирæтты – йе 'мбæстæгты хъысмæтыл. ...хъыгзæрдæйæ дзуры, нæ адæмы историйы зæрдæхалæн трагедийæ чи баззад, уыцы хабæрттыл...

...Сæууон æртæх æхсæвы комулæфтæй куыд равзæры, афтæ Зинæйы хуыздæр æмдзæвгæтæ равзæрдысты йæ зæрдæйы арф сагъæстæй...

***Джыккайты Шамил***

* * *

Нæ хуыздæр сылыстæг поэтæн йæ каст æдзухдæр фидæнмæ уыд. Фæндыд æй хæххон цæргæсау бæрзонд арвмæ стæхын, тымыгъзæрдæ æврæгътæн хъæбыстæ кæнын. Кæд ын зæхх нырма нæ зоны йе 'мбæхст хъарутæ, уæддæр уый никуы сисдзæн йæ къух йæ рухсдзыд сæнттыл... «Зинæ ирон поэзимæ æрбахаста

чызджы зæрдæ. Сылгоймаджы цин æмæ хъыг, йæ царды царвытад æнкъарæнтæ, йæ бирæ дзуринæгтæ...» – фыста Бестауы-фырт...

...Поэты зæрдæ æдзух дæр сыгъдис цырагъæу. Кæд зыдта: «Æгæр ирд судзаг тагъд фæвæййы сыгъд», уæддæр йæхиуыл нæ ауæрста. Фæсмон ницæуыл кодта. Йæ уды конд афтæ уыд...

...Поэт йæ иу æмдзæвгæйы фыста, рæсугъд зæрдæ, дам, нæ мæлы. «Уый фесты ном, дунейы фарныл бафты»... Зинæйы зæрдæ дæр нæ амард, «цырагъдарæй баззайдзæн мыггагæй-мыггагмæ, цалынмæ зæххыл ирон дзырды фарн лæггадиуæг кæна, уæдмæ»...

*Æрдз, мыййаг, мæ ку' айсай ды фæстæмæ, –*
*Фестын кæн сæууон ыстъалы мæн,*
*Кæд кæсин Ирыстоны зæрдæмæ,*
*Калин уым æнæрмынæг тæмæн.*

Фестын мæ кæн рухс хуры фыццаг зынг,
Хæхтыл-иу мæ цадæггай æруадз,
Фестын мæ кæн рагуалдзæджы уаз сыг,
*Удхосæн мæ Иры зæхмæ ‘ртадз...*

Оххай, Зинæ... æгæр æвгъау уыд саумæр сыджытæн дæу хуызæн цардæмхиц, цардмондаг хæзна адæймаг.

***Мурасты Эльбрус***

* * *

Цард цард у, æнæмæлгæ дуне нæй. Фæлæ куыд зын вæййы, йæ царды гуылфæнты арфмæ бахæццæ уæвгæйæ, йæ бæллицты хал æрдæгыл кæмæн аскъуыны, йæ зæгъинæгтæ кæронмæ зæгъын йæ къухы кæмæн нæ бафтынц, не ‘хсæнæй ахæм куы ацæуы, уæд. Сæууон стъалыйау, цы йæ фæзынд вæййы дунейы рухсмæ, цы йæ ацыд...

Стъалыйау атахт, йæ фæстæ нæ алкæй зæрдæйы дæр, арвы ронау, рæсугъд фæд ныууадзгæйæ...

Æрдæгфæлдæхтæй баззад йе стъолыл йæ чиныг, æрдæгфыстæй та – зарæг, æрдæгнозтæй фынгыл – йæ Ног азы гаджидау... Ног азы къæсæрыл фæзынд Зинæ дунейы рухсмæ 1937 азы æмæ йæ адзал дæр уыцы бон æрæййæфта 1995 азы...

***Дегъуаты Соня***

*ХОСТЫХЪОТЫ Зинæ*

# ÆЗ – СЫЛГОЙМАГ

## АДÆМ

Нырыонг дæр æнæбæрæг, æнæсгæрст
Ыстут сымах, планетæтау, мæнæн,
Æз уæм цæуын, æз уæм тæхын æдæрсгæ,
Цы уыдзæнис, нæй развæлгъау зæгъæн.

Фæлæ мæ фæндаг тынг зын у, æмбарын,
Цæудзынæн мигъты, нал фаг кæндзæн дон.
Куы мыл-иу арв ныккалдзæнис йæ уарын,
Куы мыл-иу æхсæв нал кæндзæнис бон.

Куы-иу дæлимон бабаддзæн мæ размæ,
Кæндзæн мæ уый йæ сау дзæмбытæй хурх.
Уæд-иу æрбалæууу, адæймаг, мæ фарсмæ,
Уæд-иу мæм, адæм, бадарут уæ къух.

Цы у сæ нысан дунейы лæгдæртæн,
Мæнæн дæр уый – мæ бæллицты сæйраг:
Планетæтæ, о, адæмы зæрдæтæ,
Тæхуды ‘мæ куы ссарин уæм фæндаг!

* * *

Æз – сылгоймаг, цардаразæг фарн дæн,
Кувут, лæгтæ, иууылдæр мæнæн.
Æз бæллиц дæн, дидинæджы тау дæн.
Æз цъæх уалдзæг, цины зарæг дæн.

Æз æфсарм дæн, нуазæн дæн уæ къухы,
Æз хæдзары – мин бæркады фынг.
Æз æдзухдæр – уе ‘мдзу царды дугъы.
Фарн – мæ дзырд, ныххуыссын кæны зынг.

Сисут, лæгтæ, баназут мæ кадæн,
Æз уæ раттæг, уе стыр мæт, уæ хур.
Æз уæ къухы бахъуаджы бон кард дæн,
Æз уæ фидæн – уе ‘нхъæлцау быидур.

* * *

О, фæлтау куы ныххауид мæ быны
Уыцы зæхх, кæмæй бахордтон ард.
Уарзты зынг куынæма ‘руазал былтыл,
Хинæй мыл цæмæн разылд мæ цард?

Какон сындз цæмæн фестади абон
Фембæлдмæ нæ рацæуæн фæндаг?
Æз дæуыл цы сонт зæрдæ фæдзæхстон,
Уый цæмæн у адæмæн дзырдтаг?

Уый дæуыл куыд тынг зыдта æууæндын,
Ныр мæ риуæй мастхæрдæй фæтахт.
О, фæлтау куы ныххауид мæ быны
Уыцы зæхх, кæм фембæлдыстæм мах.

* * *

Æртæфсти цъиуыл дысоны фыдуазал,
Ныддæлгом, мæгуыр, миты уæлæ салдæй,
Мæ рудзынджы цур хаудбазырæй баззад,
Æмæ та банцад иу зæрдæ йæ цавдæй.

Тæккæ знон дæр ма хохбæрзæндты тахти,
Кæсын æм ныр мæ фæрсагæй æдзынæг...
Мæ комулæфтæй авджы их æртади,
Цыма кæуы йæ тæригъæдæй рудзынг.

## ÆРДЗМÆ КУРДИАТ

Æрдз, мыййаг мæ ку’ айсай ды фæстæмæ, –
Фестын кæн сæууон ыстъалы мæн,
Кæд кæсин Ирыстоны зæрдæмæ,
Калин уым æнæрмынæг тæмæн.

Фестын мæ кæн рухс хуры фыццаг зынг,
Хæхтыл-иу мæ цадæггай æруадз,
Фестын мæ кæн рагуалдзæджы уаз сыг,
Удхосæн мæ Иры зæхмæ ‘ртадз.

## ÆРЫМЫСÆМ

*Зæирæмæ*

Тæхуды, искуы ма дæуимæ сбон кæ де ‘хсæв,
Сæудармæ иу базыл кæрæдзи хъусты дзур!
Дæхæдæг хорз зоныс,
Нæ уыди сусæг не ‘хсæн...
Уæд та мæм иунæг хатт ныр уал азы æрцу.

Æрцу,
Æрымысæм, Фыййагдоны цъæх былтæм
Куыд хуыдтон дидиндзуан сæумæрайсомты дæу.
Æрцу,
Æрымысæм хæххон доны уылæнтыл
Сæрдыгон бонрæфты нæ дзыккуты зæу-зæу.

Æрцу,
Æрымысæм нæ сæууон ивгъуыд бонтæ,
Кæм уыд цæссыгтæ дæр, фæлæ фылдæр та – цин.
Нæ рæсугъд сусæг уарзт – æнæрайы лæппутæн
Куыд кодтам не ‘нгасæй дæс азы размæ хин.

Æви дæм ницуал и зæгъинагæй æппындæр,
Дæ зæрдæ сафтид и цъæх уалдзæджы сæнттæй?!
Æрцу уæддæр, æмæ нæ зæрдæйы тыппыртæ
Зæгъæм кæрæдзийæн ныр уал азы фæстæ.

## МÆ ЗÆРДÆ

Ызнæт дунемæ райгуырдтæ, мæ зæрдæ,
Нырма рæстдзинад туджы аргъ у ам.
Хур тавы ‘мхуызон хорзы æмæ ‘взæры,
Нырма цæрынц лæгсырд æмæ хæрам.

Фæлæ уæддæр ыстыр фæрнджын у а зæхх, –
Йæ хъæдгæмттæй та равзæры цъæх бон,
Йæ риуыл уалдзæг сабийау куы хъазы,
Уæд ыл, мæ зæрдæ, бацин кæнын зон.

Куы уай æфхæрд, уæддæр-иу базон уарзын,
Ыссудз цырагъау, макуы ахуысс, ма.
Мæ ныфс, мæ зæрдæ, тохвæразон разын,
Цæмæй дын зæхх гыццийы къух ысуа.

Ды ма рох кæн, лæг намысджын цæмæй у, –
Кæйдæр мастыл дæхи мастау дзыназ...
Мæ ныфс, мæ зæрдæ, ме 'ппæт цард дæуæй у,
Мæлæт дæр, уадз, дæуæй ыссарон æз.

* * *

Уарди сыгъд, мæ зæрдæйау, дæ разы,
Кодта дын рæсугъд уарзты ныхæстæ.
Уый куыд тынг уыд цардцыбæл, тыгъдбазыр,
Фæлæ бампылд, де стъолыл ныргъæвсти.

Фæлæ бампылд, де стъолыл ныргъæвсти.
Раст цыма йыл хъызт æрцыди, уыйау.
Тар хъæдæй цæуылнæ йын æрхастай
Сагвæды дон, аргъауы лæппуйау?!

* * *

Æмбæрзы уалдзæг хуссæрттыл цъæх дари,
Æндзыг бæлæстыл хуры тынтæ тауы.
Ды дæр мæнæн дæ хъарм комулæфт рарвит,
Цæмæй мæ зæрдæ ног къуыпа æфтауа.

Нæ каурæбын фыццаг кæрдæг куы суайа, –
Æрвит мын æй! Дæ хъæбул дзы куы раид!
Мæ хъæлдзæг худт сырх уардийы куы ссарай,
Уæддæр-иу мын дæ цины цæссыг рарвит.

Ыстæй мын рарвит хорз ныфсæн фæндагмæ,
Фыдыуæзæгыл ц' амонд и, цы фарн и, –
Дæ рæстзæрдæ – мæ бæллиццаг фæнд рагæй,
Мæн уый хуызæн цы хæзна хъæуы царды?!

## ХЪАРÆГ

Йæ хионтæ-иу мæрддзыгоймæ скуыдтой,
Æнкъард устыты сусæг ныхас цыд.
«Мæгуыр йæ уд... æвзæр лæг æй нæ хуыдтой», –
Ныллæг хъæлæсæй лæгтæн хъуыст сæ дзырд.

Фæлæ фæзындтæ ды, æмæ ныццарыд
Ирон хъарæг – ирон зæрдæ, Æна, –
Ныидзыг, ныpхæндæг рухс арвы цъæх царыл
Нæ хурзæрин йæхæдæг дæр цыма.

Цыма ныртæккæ фехъуыстой сæ фыдох
Йæ сау хотæ, – сæ сæры хил тыдтой,
Нæуæг чындзытæй уайсадын дæр ферох,
Æмæ хъæрæй хæкъуырцц куыдæй куыдтой.

Быруйы фарсмæ 'нусыккон зæрæдтæ
Лæууынц мæсгуытау, рагбонтæ – сæ кой.
Æркъул кодтой ныр уыдон дæр сæ сæртæ,
Сæ къухуæлæрмттæй цæстысыг сæрфтой.

Мæнæн дæр уæд дæ хъарæджы хуыдимы
Фыццаг хатт райгуырд ме стыр фæндиаг:
Куы ссарид искуы адæмы зæрдæмæ
Дæ хъарæгау мæ зарæг дæр фæндаг.

# ГУЫРДЗЫБЕТЫ ИРИНÆ: 80 АЗЫ



*ГУЫРДЗЫБЕТЫ Иринæ*

# ÆНУСТЫ РУХС

## ЛЕВИТАНЫ ХЪÆЛÆС

Алæмæты хъæлæстæ...
Нæ саусæрæй нæ урссæрмæ рæвдауынц мах,
Цыма нæ уд ысты, нæ хъæстæ,
Сæ алы мыр дæр – менджы сой,
дзæм-дзæмы ‘ртах.

Алæмæты хъæлæстæ...
Цæрæццаг уым – нæ Райгуырæн, нæ бæстæ,
Нæ цардуалдзæджы ад...
Фæлæ дзы диссаг дæр уæддæр
Ныййарæг мад –
Йæ хъæлæс алкæддæр æхцон,
Æфтауы тых нæ тыхыл,
Æхсæвæй фестын кæны бон...

Уæдæ поэты арфæйаг хъæлæс –
Хуыцауы комытæфæй диссаг,
Кæны уæларвон хæс æххæст
Æмæ, æхсæрдзæнау цы зарæг сисы,
Уым – адæмæн сæ цинтæ æмæ рис дæр.
Йæ хъуыды – арвæрттывды фаззон –
Æнæуынон у тары, зинты бардзæн,
Фæлæ нæ дзыллæйæн та – уарзон...

Кæннæуæд скъола!
Хæрзæмбæлæг – фыццаг –
Ныййарæгау уым ахуыргæнæг махæн
Фæлмæн хъæлæсæй амоны фæндаг...
О уыцы рагбонтæ – æрдаг!
Руймон æрбаскъуыдта сæ таг.

Нæ зæрдыл тынг арæх æрлæууы, –
Зындон-арт абухта уæлæуыл,
Балсæджы цалх ныгуылæнæй æфсæрста,
Нæ хъæутæ, горæттæ ыссæста.

Æмæ дын азæлыд æрвнæрдау уæд
Йæ хъæлæс Левитанæн,
Уый райста диссагæн æппæт:
Тызмæг уæвгæйæ уыд цыма хъæдабæ.

Зæринком басгуыхт Юрий Левитан,
Зæрдæфæйлыд дзыллæтæн сси ныфсдæттæг,
Фæлæ фыдгултæн та – тыхсæттæг.

Æнæуи цард дæр тох у,
Уæд сау хæст та – дывæр фыдохæн,
Æмæ нын уыцы хъæлæс фестад
Æнæфæцудгæ хохау.
Цыма сæрибары дзæнгæрæг,
Уый кодта знаджы тых дзæгæрæг...

Уый уыд Фыдызæххы хъæлæс,
Хæдзайраг алы бинонтæн, зынаргъ,
Нæрæмон стыр ныфсы цырагъ,
Уый уыд нæ Уæлахизы рæз.

О уыцы хъæлæс агургæ мæ н'аргæ!
Сыгъзæрин Пакъуындзæ – тæхгæ-нæргæ, уыраугæ.
Уым – сау гæххæтты дудгæ рис,
Уым – мадæлты фыдбоны хъарæг,
Уым – хæсты уынæргъгæ æвирхъау зæлтæ,
Уым – Дзотты Лазыры зынг зæрдæ,
Цыфыддæр тохты судзгæ азар,
Æмæ æнусон азæлд...
Тæхуды, гъæй-джиди, бæргæ,
Йæ аккаг дзырдтæ ссар нæргæ!
Кæнæ йын сæвæр алæмæты цырт!
Фæлæ куыд бацæудзæни айнæг дуры ДЗЫРД!

Хъæлæсæн не 'вæрынц цыртдзæвæн,
Æндæра стъалытыл æндзæвид...

## ÆФСÆДДОН ФЫНТÆ

Цы уынут, мард салдæттæ, фыны?
Цы уынут уыцы урс æдзæмы?
Тъымы-тъыматæй уæм цы зыны?
Цы у уæ зæрдæтæн дзæм-дзæмау?

Кæд хæсты размæ бонтæ?
Хæххон уыгæрдæны хæрздæф?
Æви фæззыгон зæрин гонтæ?
Кæд уарзон цæстыты æнгас –
Йæ алæмæты цæф?
Æви уæ хъарм къонаты тавс?
Уæдæ, уæдæ!
Мæнг дунейæн йæ хæрзтæ – цас!
Нымайæн цас и царды цинтæ?
Уæлæуыл уыдон – минтæ, минтæ.
Уæ фæстаг фынæн уыдон – диссаг хал,
Фæлæ дзы иу дæр хъалæй – нал...

Æмæ – зынгхуыст бæллицты базырты пæр-пæр,
Кæнынц уыл арвы стъалы-цæссыгтæ гæр-гæр...
Хуыцау дæр уын йæхæдæг дзуры рухсаг,
Æмæ кæд ахуыссыд уæ зынг æнустæм,
Уæддæр æгъуыстаг у уæ кад.
Сымахæн ма – æрмæстдæр ивгъуыд,
Фæлæ нæ арт – уæ зынгæй ифтыгъд.
Гъе уымæн равзæрстат мæрдон фын,
Цæмæй-иу адæм райхъал уой сæумæ.
Цæмæй цæрæм уæ фæстæ мах фæрнæй, –
Хъуыдис сымах рæстаг тохы æрхауын.
Уæ фæстаг фынæн радзурæн куыд нæй,
Гъе афтæ-иу уын рох кæнæн дæр ма уæд.

## АВТОБУСЫ

Лæууыдис хæсты ветеран –
Нæ йын радтой бынат,
Йæ дæлбазыр æвзонг чызг бадт,
Йæ къухты – цавæрдæр роман...

Лæууыд Уæлахизы салдат –
Нæ йын радтой бынат,
Йæ къухæй хæцæныл хæцыд,
Ӕдзæмæй, дард кæсгæ, лæууыд,
Цыма нæ уыдта никæй, ницы...

Фæлæууыд афтæ ветеран,
Ӕрыгон чызг та каст роман...

Хъайтарты фæзы рахызтысты иумæ,
Цыма мысинæгты æрхæндæг зиумæ...
Хæстон тымыгъ мæ цæстыл уад,
Цыппорæм азты сау зæй.
Нæ хистæр уæд – хуымæтæджы салдат –
Цыдис ныббырсты разæй,
Уæлахизы бон уафгæ.
Уæд уый дæр афтæ
Нæ радта никæмæн
Хæстоны табуйаг бынат...

## МӔ ФӔДЗӔХСТ

Зæххы къори, оххай,
Цы дары фыдохæй?
Цы хъалон ын фиды –
Куы марæм нæ фидæн.

Мах иу артæй стæм дих –
Ӕфсымæртæ ‘мæ хотæ,
Уæд бирæгътау уæхи
Цæмæн æппарут тохмæ?

Амброзийау фыдæх
Куы бацахста нæ зæхх.
Ӕгъгъæд ыл калут туг –
Куыдзы кæны хуыдуг...

Йæ дойны уымæн – донæй,
Рæстаг, сыгъдæг фæллойæ.
Цæмæн æй кæнут дихтæ
Цыма æвирхъау сихтæ?

Мах – иу зæрдæйы тæгтæ,
Мах – иу арты æвзæгтæ,
Мах– иу фурды æртæхтæ,
Цæмæн систæм ызнæгтæ?!

***Къадзаты Станиславы***
*бархи тæлмацтæ*

* * *

Куы фенай хур сæумæраджы – фæхуд,
Куы фенай стъалы мæйдары – фæхуд.
Æуyæнд, æмгар: æрвдунейы тъæпæнты
У алы стъалы, алы дур дæр уд.

* * *

Уæ зæрдыл дарут, ног ирон, уырыссаг –
Уæ фæндæгтæ тæссаг ысты, бырынцъаг:
Зæронд ирон, зæронд уырыссаг уыдон
Ныхсадтой тугæй – ма фæут æлгъыстаг!

* * *

Космосы коймæ дæ цæстытæ зилынц
Арвы æрфыты, тæхынтæ дзы сисынц.
Уый бæсты, ме ‘мгар, дæ риумæ ныккæс:
Космосæн ам ис йæ азар, йæ фидыц.

* * *

Дзæвгар базыдта адæймаг æвзæгтæ,
Йæхæдæг дæр ма сфæлдыста нæуæгтæ.
Фæлæ йын, оххай, æрдзы ‘взаг – æхгæд:
Æнус-æнус æм не ссардта фæндæгтæ.

* * *

Фыднизæй ма тæрс: хосгæнджытæ – хæрх,
Кæнынц рынæй, фыдбылызæй дзæбæх.
Фæлæ бæстыл нæй иу хосгæнæг ахæм,
Фыдæхы низæй чи бахиза зæхх.

***Хъодзаты Æхсары*** *тæлмацтæ*

## КЪОСТА

Гени, дам, мыггагмæ дæр нæ мæлы?..
Ралæууы цæрынхъуагæй йæ рад:
Низ кæнæ фыднæмыг ыл æмбæлы,
Йе знæгтæн – дæргъвæтиндæр сæ цард.
О Къоста, уырыд бонтæ æвзарæг,
Чи зоны, хъысмæты хал æндæр!..
Мады хъæлæс, мады фæлмæн зарæг
Бавзæрстаид удхосау дæ сæр.
Чи зоны, фыдазары æлгъыстæй
Бахызтаид сау чызджы уарзт дæу,
Ратыдтаид дæу дæ низ, дæ рыстæй,
Суыдаид дын ныфс æмæ быцæу...
Чи зоны, дæ дзыллæ дын дæ номæн
Афоныл куы скодтаиккой аргъ,
Се уæхскмæ æмвæнд, æмдых, æнгомæй
Систаиккой де 'фхæрдты зын уаргъ!..
Байрæджы ныр оххайтæ, фæсмонтæн,
Исты дзуапп æз агурын уæддæр...
Чи зоны, ыссардтаиккой хостæ,
Фæлæ уæд æндæр дуг уыд, æндæр.
Чи зоны, дын ахъаздæр уыдаид –
Хæхты уæлдæф, цъити æмæ суар!?.
Де стыр фарн дын Барастыр уыдтаид,
Ахгæдтаид афоныл йæ дуар!?.
Аккаг дзуапп мæ фæрстытæн нæ арын,
Фæлæ зонын: алы бон дæ уаз,
Кадджын ном хъуыры æгънæгæн дарæм,
Махæн дæ мыггагмæ дæр æгас.
Сабийы былалгъыл – «гино гис»...
У зынаргъ зæронд лæгæн дæ «Ныстуан»...
Немæ дзуры абон дæр дæ сис,
Де 'вджид ыстæм не 'ппæт дæр, дæ быгъдуан.
Д' алы рæнхъ дæ ингæнæн йæ сæрты
Рухс фæлмæй нæ зæрдæтæм тæдзы,
Алы уд дæ «Аргъуаны» къæсæртыл
Мидæмæ табугæнгæ тындзы.

## ИРЫСТОН

Иу хатт дæ, Фыдыбæстæ, лæвæрд,
Уираг дур æнæ хохæй – нæ намыс.
Зарыс ды нæ уды арфы кæд,
Хъисфæндырыл ризгæ мыртæ уафыс.

Ирд бæрзæндтæм уадыстæм æргом,
Ронгæй-иу нæ тыппыртæ ысуагътам.
Тохы бон-иу хъамайы цыргъ ком
Знаджы риуы фистонмæ ныссагътам.

Фынг лæууы æртæ къахыл æрмæст,
Фынгыл та – æртæ æртæдзыхоны…
Рагон зæхх, нæ дыл æххæссы цæст,
Мах дæу фарн рæсугъд фидæнмæ хоны.

Рагфыдæлты цыртытæ кæсынц
Фидæнмæ пехуымпартау æдзынæг.
Таурæгътæ æнусты рухс хæссынц,
Ссудзынц арвыл авднывон æрдынæг.

Баззадис æрдхæрæны æвзаг
Мах æмæ фæстагæттæн, тæхудйаг.
Ма фестæд уый сау рындзыл цæф саг,
Судзæд артау, макуы суæд æртхутæг.

Ма фесæфæд рухс фыдæлты ном
Дун-дунеты, космосон тыгъдады…
Намыс æмæ кады кувæндон
Абон махмæ хаты.

***Мамыкъаты Хъазыбеджы** тæлмацтæ*

*ХУЫГАТЫ Сергей*

# КЪОСТАЙЫ АВДÆН[1]

*Уацау*

## 11

– Кæдæм фæцæуыс, кæ, уæртæ лæппу? – æнæнхъæлæджы фæцыд мады ныхас, æмæ лæугæйæ аззад Хъарадзау. Афтæ куы алæууыд, уæд йе 'ргом азылдта, тæрхæгыл рæбынæй, мад кæм фæхуыссы, уыцырдæм. Уый куы зыдтаид, æмæ фынæй нæма у мад, уæд уал фæлæууыдаид. Æниу фынæй, æвæццæгæн, æппындæр никуал вæййы.

– Фынæй цæмæннæ кæныс, дзыцца? – Мады фарстæн дзуапп нæ радта, афтæмæй бафарста йæхæдæг Хъарадзау.

Дзæгъианæн йæ улæфæнты мынæг æхситт фæцыд, æвæццæгæн та арф ныуулæфыд. Уæдæй нырмæ афтæ кæны – исты дзурынмæ хъавы, уæд уал хъуамæ арф ныуулæфа, æмæ уæд улæфæнты фæсус æхситт дæр фæцæуы. Лæппутæ кæсгæйæ баззайынц кæрæдзимæ.

– Гъæ, уæдмæ фынæй фæкæной, мæнæн мæ артыл дон чи ауагъта, уый ахсджиæгтæ! – Мад фæлæууыд йæ ныхасæй, æмæ фæфæнд кодта Хъарадзау – ацæуа! Фæлæ та уæдмæ райхъуыст мады ныхас: – Афтæ ма иу фæстæмæ фæкасты бæрц авæрон мæ цæстытæ кæрæдзиуыл, æмæ уæд та нæ чындз æрбалæууы мæ разы. Уыцы хæрзконд æмæ хæрзуынд вæййы, æмæ йæм ныр мæ

[1] Кæрон. Райдайæн кæс журналы ацы азы 11-æм номыры.

фаг фækæсдзынæн, куы фæзæгъын, уæд фехъал вæййын. Гъæ, мæ уд ын дыууæ дзабыры феста, дыууæ цæфхадджын дзабыры, æмæ сæ гуыртт-гуыртгæнгæ рацу-бацу кæна дзæнæты фæндæгтыл!

Хъарадзауы зæрдæ бауынгæг и мады ныхæстæм æмæ батагъд кодта:

– Мæн дæр нæ ахсы хуыссæг æмæ, зæгъын, гыццыл æдде абадон уæлдæфмæ.

– Абад, абад. Æцæг фæстиат ма ныуу. Рагсом уын, йед куы феста, уæддæр уæ кæрстытæм æнæ цæугæ нæй. Афонмæ сæ хур систа, цы ма сæ баззадаид. Ссивинаг дзы ницуал уыдзæн, афтæ сæ сагæйттæй кæд байстытæ кæнат иурæттæм-иурæттæм æмæ сæ уымæлæй куынæ æрхуытæ кæнат, уæд уын кæрæдзиуыл нал фæхæцдзысты.

– Хорз, – загъта Хъарадзау, кæд аирвæзид, кæннæуæд æфсымæртæ дæр куы райхъал уой, уæд сын уыдон дæр фæйнæфæйнæ дзырды ма баппарой сæ ныхасмæ, æмæ уæд фæстæмæ баздæх дæ уатмæ!

Фæцыди та уыцы мынæг æхситт, – цыдæр зæгъынмæ ма хъавы мад, змæлгæ дæр бакодта йæ хуыссæны. Æмæ йæ тагъддæр куы зæгъид! Кæннæуæд йæ пысултæ йæ уæлæ сты, уый куы базона – цы нæ базондзæн мады зæрдæ! Æмæ нал бафæрæзта лæууын – йе ‘рмифицаугæ цыдæй бараст и дуармæ, æддæмæ куы ахызт, уæд æрлæууыд – уæд та баздæхид фæстæмæ. Цыдæр зæгъинаг ма йын цыма уыд, æмæ йын æххæст уый дæр куы загътаид! Кæннæуæд ма йын æй кæд зæгъдзæн! Æмæ баздæха. Хæдзар талынг у, саудалынг, æмæ, кæд нæ базонид, йæ цухъхъа дæр конд у, йæ рон дæр баст у. Фæлæ йæ куы базона, уæд та?!

Нал баздæхт фæстæмæ. Цæндмæ бараст æмæ йæ къæхтæй дур дуры уæлæ сгаргæ схызти йæ сæрмæ цæндæн æмæ уым æрбадт.

Æнахуыр талынг уыди ком. Цыма иууыл йæхи талынг нæ уыди, фæлæ йæм цыма иннæ кæмттæн дæр æрбакалд сæ талынг – сау талынг æмæ бæзджын талынг, улæфын дæр чи нæ уагъта æмæ фæсонтыл дæр чи æнцади, ахæм талынг. Уæд-иу цыфæнды талынг уыдаид, хæхты нывтæ-иу ахста цæст, ныр цыма сæ кой дæр нал и хæхтæн. Æрмæст ма талынг баззади бæстыл, æндæр ницы.

Ныма, дам, йæ худ дзуары и. Йæ нымæтхуд. Æмæ, цымæ, йæ нымæтхуды быдыргъ цæмæ æрвыста дзуармæ? Йæ уæлдзарм худ цæмæннæ арвыста? Уæд дзуары бынмæ худ æрви-

тыс ӕмӕ де ‘взӕр худ арвитай, дӕ дзӕбӕх худ ма арвитай, фӕлӕ! Кӕд ын сӕфынӕй тарст, ома, хорз худ у ӕмӕ. Фӕлӕ дзуары куыд хъуамӕ фесӕфа худ? Дзуарӕй алчи йӕхи худ хӕссын куынӕ уӕнды, уӕд дзы исчи искӕй худ хӕссы?! Кӕд ын рӕмпӕджытӕй тарсти? Ӕмӕ дзуары рӕмпӕг цы архайы! Уый йын Исмел загъта, йӕ худ ма дзуары и Тъотъойӕн, уый. Знон сӕм Хуындӕгонимӕ бацыдысты, карк аргӕвстой ӕмӕ сын ӕй афтӕ цуайнаджы бахастой ӕд бас – ӕд ӕндӕр. Фӕхатыдысты сӕм, фӕхуыппытӕ сын кӕнын кодтой басӕй. Лӕппутӕн дзидзатӕй дӕр атъыстытӕ кодта сӕ дзыхты Исмел, ӕмӕ-иу сӕ кӕй дзыхы атъыста дзидза, уымӕ-иу йӕхи фӕтызмӕг кодта:

– Афтӕ нӕ вӕййы, нӕ! Уӕдӕ ныр нӕхи ныццӕгъдӕм? Ӕмӕ куыд ныццӕгъдӕм нӕхи?!

Хъарадзау сӕ фӕстӕ рахызт, Хуындӕгон аразӕй ӕмӕ йӕм уӕд раздӕхт Исмел:

– Уый уыди, ӕндӕр мӕ никӕй тӕригъӕд хъӕуы. Йӕ худ дӕр уым лӕзӕры нырма.

Иннӕтӕй алчи ӕрхаста йӕ худ. Ссыд ӕм ӕмӕ йӕ ‘рхаста. Ӕмӕ, йӕ цӕсгом сыгъдӕг кӕмӕн уа, уымӕн цы ‘рхӕссын хъӕуы йӕ худ! Ссу дзуармӕ, табу дын уӕд, ын зӕгъ, дӕхӕдӕг ранцай ӕмӕ рафардӕг кӕн дӕ худ. Фӕлӕ йӕ цӕсгом сыгъдӕг кӕмӕн нӕ уа, уый та цы цӕсгомӕй хъуамӕ балӕууа дзуары бын ӕмӕ цы цӕсгомӕй бавнала йӕ худмӕ! Ӕмӕ не суӕндыд Тъотъо. Рынчынӕфсон скодта.

Иуафон бафиппайдта Хъарадзау – йӕ уӕнгтӕ ӕруӕззау сты йӕ уӕлӕ. Афӕнд кодта: сыста ‘мӕ ацӕуа. Фӕлӕ йӕхиуыл схӕца, уый йӕм нӕ цыд ӕмӕ бадти. Бадти ӕмӕ уалӕ дзуармӕ ссӕуӕн лӕзгъӕры, иу стыр къӕссайы бын ныггуыбыр, афтӕмӕй фӕцӕуы Исмел. Къӕсса – йӕ тӕккӕ дзаг ӕмӕ йын ӕрмӕст йӕ иу хъусыл хӕцы, ӕмӕ йӕ куы иуырдӕм ахӕссы къӕсса, куы – иннӕрдӕм.

Стӕй йыл Джигола ‘рбамбӕлди. Сӕхи Джигола. Уый та дзуарырдыгӕй ӕрцӕйцыд. Йӕ цӕвӕг йе уӕхскыл – ӕвӕццӕгӕн та дзуары алыварс уыцы цӕппӕлгътӕ карста. Зын кӕрдӕн сты, фӕлӕ сӕ кӕрдӕг хъӕдурхос хӕццӕ у ӕмӕ йӕ къӕфгӕ кӕнынц фос. Алы аз дӕр сӕ Джигола ныккӕрды. Хӕрзкарст сӕ ныккӕны. Хӕрзыссывд сӕ ӕркӕны, стӕй сӕ дзуары бын уыцы лӕнчы рӕсугъд цъери самайы ӕмӕ сфидауы дзуар дӕр ӕмӕ йӕ алыварс дӕр.

– Цы дын и уыцы къæссайы, мæ уд? – фæрсы Исмелы Джигола.

– Худтæ, худтæ! – цыдæр разæнгард æмæ хъæрæй дзуры Исмел.

– Æмæ сæ кæдæм хæссыс, дæ гыццыл фыд Кæкусайыстæн?

– Худæджы фæрстытæ кæныс, Джигола, Хуыцауыстæн. Уæдæ худтæ кæдæм фæхæссынц, уый нæ зоныс?! – дзуры та хъæрæй Исмел, æмæ Хъарадзау дис кæны – уæдæ Исмел уай æмæ афтæ хъæрæй дзурай!

– Дзуармæ-æ? – тынг ныддис кодта Джигола æмæ йæ ныхас даргъ ауагъта. Уæдæ афтæ бадис кæнай æмæ дæ ныхас даргъ ма ауадзай, уый гæнæн куыд и! – Фæлæуу-ма, Исмел, æмæ худ афтæ уæззау у, куынæ сæ фæразыс?

– Гæр, æмæ, худ куыд уæззау у, уый кæд нæ зоныс, уæд кæм базæронд дæ?! Худæй уæззаудæр æппындæр ницы и, æппын, кæд мæ фæрсыс, уæд. – Уыцы ныхас куыддæр загъта Исмел, афтæ йæ уæрджытæ йæ быны ацавта, къæсса йæ сæрты ахауд, йæ комæй иу худ рагæпп кодта, иу нарæгчъил сау худ æмæ тылд радта уыцы уырдыджы дæлæмæ. Уæд Исмел фестад, хæбæцц алæууыд, йæ тъæпæн æрмттæ йæ дзыхы кæрæтты авæрдта æмæ ныхъхъæр кодта!

– Гъе-гъе-гъей! Худ фæтулы, Тъотъойы худ фæтулы, фæлæ дзы уæхи хъахъхъæнут! – хъæр нæргæ ацыди, цыма арв фæдфæдыл цалдæр нæрды ныккодта, уый хуызæн.

Хъарадзау йæ сæр ныттылдта, йæ къух базмæлыд æмæ хъамайы фистоныл куы фæхæст, уæд æрсабыр къух. Стæй цыди уыцы талынг уынджы æмæ хъуыды кодта: Æмæ Тъотъойæн ахæм сау худ куынæ и. Иу ын хъусджын худ и, йæ сæрак æддæмæ кæмæн у, ахæм хъусджын худ, иннæ та йын нымæтхуд и. Фæныкхуыз нымæтхуд. Æмæ уæд уыцы худ Тъотъойы цæмæн хуыдта цымæ Исмел? Стæй дзы цæмæй тарсти адæмæн? Цæмæн сæ дзы хъахъхъæнын кодта сæхи? Дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр худ йеддæмæ куы ницы уыд! Балсæджы цалх куынæ уыди, Нарты Сосланы уæрджытæ чи ахауын кодта, уыцы Балсæджы цалх æмæ уый куынæ рацæйтылди дзуары къуыппæй!

Стæй йæ цыд сабыр-сабыр ахаста æмæ бынтондæр æрлæууыд: фæлæуу-ма æмæ уый фын куы уыди, фын! Фыны куы рацæйтылди уыцы нарæгчъил худ дзуары бынæй. Æмæ фыны куы хъæр кодта Исмел дæр. Æмæ уыдон дæр фыны хуызы куы ауадысты йæ цæстыл – Исмел къæсса куыд фæцæйхаста, уый дæр,

æмæ йыл Джигола куыд амбæлди, уый дæр. Уæдæ фынæй аци, фынæй сæ дурты цæндыл, æндæр дзы ницы уыд. Уым бадти дурты цæндыл æмæ афынæй. Худ дæр фыны рацæйтылд, уыцы нарæгчъил сау худ. Æндæр фын куынæ уыдаид, уæд дзы цæмæй тарстаид адæмæн Исмел? Худ у, тулы æмæ тулæд, чи йæ нæ уадзы? Фæлæ фын уыди ‘мæ!

## 12

Тъотъойæн йæ уæнгты цыдæр тас бабадти, æмæ рызтысты йæ уæнгтæ – нал æрбадын фæрæзта, нал – æрлæууын. Фыццаг цалдæр боны сабыр уыди йæ зæрдæ – йæхæдæг нал и, æмæ йыл комдзог чи хъуамæ рацæуа! Æниу æй йæхæдæг дæр кæнæ базыдтаид, кæнæ нæ. Цæмæй йæ хъуамæ базыдтаид, дзургæ йæм уый ницы скодта ‘мæ æндæр. Уæдæ йæ уынгæ дæр куыд фæкодтаид уыцы талынг сæгъдоны! Ницы йæ фæкодтаид уынгæ дæр. Стæй схъæл лæугæйæ аззади Тъотъо, йæ цонг уæлæмæ сæппарæгау кодта. Намæ цы ‘рцыди, цы не ‘рцыд, ахæмæй?! Никуы никæй чындзмæ бахъуызыдæуы?! Æмæ дзы бæстæ фесæфы?! Асусу-бусу кæнынц устытæ, сæ митæ кæнын дæр нæ ныууадзынц, афтæмæй хæдзæртты дæлбазырты, æмæ ууыл ахицæн вæййы хъуыддаг. Иу худ дæр ничи æрæмбырд кæны æмæ дыууæ дæр. Далæ Мыстъулты чындзмæ Мисхалаты Сосыбе куы бахъуызыди, уæд цæмæннæ хаста хуыскъæфцæг Исмел сæ къæсса Джиголаты цæнды цъупмæ?! Уым йæ хъуыдытæ фескъуыдысты æмæ сагъдæй аззад: нæй, нæ йæ ныууадздзысты æнæ фыдбылызæй. Лидзын хъæуы. Уартæ фалæмæ. Хуыздæр гæнæн нæй.

Рудзынджы раз лæууыд æмæ æддæмæ касти. Уынгæ ницы кодта, фæлæ уæддæр касти. Касти æмæ хатыдта, йæ уæнгтæ куыд рызтысты, уый. Бæргæ, куынæ рызтаиккой, фæлæ сын йæ бон ницы уыд æмæ сæ ныхъхъуытты уагъта – уадз æмæ ризой! Лæууыди æмæ, æвæццæгæн, ризгæ кæй кодтой йæ уæнгтæ, уый тыххæй архайдта йæхи рæстытæ кæныныл: Ныддиссаг æй кодтой! Æмæ-иу Сосыбе куы ануæзта, уæд-иу йæхæдæг дæр куы кодта, Мыстъулты чындзмæ куыд бахъуызыд, уыцы хабæрттæ. Æмæ-иу ыл куы ‘ртымбыл сты лæппутæ æмæ-иу сæ дзыхтæ дæр куы бахæлиу кодтой, афтæмæй-иу æм

куы хъуыстой. Фыццаг, дам, йæхимæ фæлæбурдта, йæ зæрды, дам, æвæццæгæн, хъæр кæнын уыди. Фæлæ, дам, æй мæ хъæбысы куы æрæууæрстон, уæд, дам, мæ цæнгтыл ауындзæгæй аззади. Стæй, дам-иу мæ быны уыцы 'хсызгон улæфтытæ æмæ тæрк змæлдтытæ куы скодта, уæд, дам-иу мæ уд зæддоны зæрин дуæрттыл йæ базыртæй тъæпп-тъæпп куыд нæ ралæууыдаид!

Йæхæдæг дæр æм хъуыста Тъотъо кæддæр, æмæ йæм стæй тæхудыйæ йæ былы цъæрттæ æхсынгæ фæцыд сæхимæ. Æмæ, дам, нæуæг чындзы дзæбæх æрбалхъывтытæ кæнын фæхъæуы, дзæбæх æмæ, дам, Къопа цы хъуамæ æрбалхъывтытæ кæна – кас стауæны хуызæн!

Уæд цæмæннæ рахаста се стыр къæсса Исмел Джиголаты цæндмæ æмæ йæ цæмæннæ байдзаг кодта адæмы худтæй! Иу худы кой дæр ничи скодта. Æниу уый цы – Мыстъулты чындз! Йæ мондæгтæ суагъта Сосæбейы бын æмæ боны 'рцыдмæ адджын фынæй фæкодта. Уый та уартæ Хурмæкæсæн къæдзæхæй йæхи раппæрста. Уыцы тæккæ ратахти уыцы сыгъдоны сæгъдонæй æмæ хъæргæнгæ ахаста йæхи комы хъæлæсмæ. Базыдта йæ йæ хъæрæй – фæцæуы æмæ йæхи удæгасæй нал ныууадздзæн. Зыдта йæ, куыд нæ йæ зыдта! Фæлæ йын цы йæ бон уыди! Уый æндæрхуызон уыди. Æппындæр никæй хуызæн уыди – чызгæй дæр никæй хуызæн уыди æмæ чындзæй дæр. Уæд уыцы æндæрхуызонæй цæмæ хаудта а Джиголатæм?! Сыгъд æмæ уырыд кæй сты, уый йæм нæ фехъуыст? Нæ йæм фехъуыст, уæдæ! Уæддæр рацыд, рацыд, нæ ныллæууыд, æмæ сæм смидæг и. Æниу сæхæдæг дæр никæй хуызæн сты, цы йæхæдæг, цы йе 'фсымæртæ. Кæрдзын сын бахæрынмæ нæй, дон – баназынмæ, афтæмæй сæ чи рацæйцæуы, уый цыма цæуынæй никуы бафсæст, уый цыд хъуамæ кæна!

Тъотъо лæууынæй фæллади, фæлæ бадын нæ бафæрæзтаид, уый зыдта, йæхи æруадза, æрхуысса, уый та йæм æппын нæ цыд, æмæ лæууыди. Æвæццæгæн та йæм æрбауаинаг уыди, мусæй та йæм æрбауаинаг уыди, æвæццæгæн. Афтæмæй йæ уымæн баййæфта айдагъ къабайы. Æмæ цы дзæбæх уыди! Йæхи йыл куы ауагъта! Гъæ, тæхуды, уыимæ, мацæмæй дæр тæрсгæ кæн, мацæмæй дæр аргъуыц кæн, афтæмæй иу æхсæв сбон кæ иу нымæтыл! Иу æхсæв, иунæг æхсæв, стæй искæй къухæй рафт!

Тъотъо арф ныуулæфтытæ кодта, йæ улæфт хъуыры абадт æмæ схуыфыди. Æмæ йæ нæ бауагъта, базыдта йæ. Уайтагъд

æй базыдта æмæ йæ куыд нæ базыдтаид – ууыл ахуыр уыди ‘мæ. Уый улæфтыл ахуыр уыди. Алкæмæн дæр йæхи улæфт и. Æмæ йæ цы схуыст ракодта! Гъæ, змæлæг дæ ма баззайа сыджытыл, кæд дæм кæцæй æрцыд уыцы хъару! Тæрхæгыл ныдзæвгæ дæр нæ акодта, афтæмæй зæххыл йæ тъæпп фæцыд.

Стæй та-иу æм, цырагъ куы ссудзид, уыцы зæрдæ æрцыд. Уартæ йæ рахæсса, мад æмæ фыд кæм хуыссынц, уырдыгæй æмæ йæ ссудза. Фæлæ йæм, иннæрдыгæй та, цыма рухсæй цæмæйдæр тæрсгæ кодта, афтæ зынд. Стæй йæ хъæугæ дæр цæмæн кодта рухс?! Чи зоны, йе уæнгты рызт фенцаид рухсмæ. Фæлæ кæм фенцайдзæн, кæ! Нæ йæ ныууадздзæн афтæмæй. Цыдæр фыдбылыз æм дзы кæсы. Фæлидзын хъæуы, æвæццæгæн, æндæр хос нæй. Уартæ фалæмæ айса йæхи. Уым, дам, стыр хъæутæ и, быдыр бæстæ у ‘мæ. Куыстæй фылдæр цы уыдзæн уыцы хъæуты! Искуы бабыр æмæ хыбыр-хыбыр кæн!

Цæуын хъæуы. Тæккæ райсом, бон куыддæр цъæхтæ кæнын байдайа, афтæ. Фæлæуу, æмæ йæ уа раджы цæугæ чи фена, уый йæ афтæ нæ бафæрсдзæн – кæдæм цæуыс? Куыд нæ йæ бафæрсдзæн! Æмæ йын цы хъуамæ зæгъа стæй?! Нæ, боныгон цæуæн нæй. Æхсæвыгон цæуын хъæуы. Сом æхсæв. Æмæ ма, æниу, сомæхсæвмæ цæмæн лæууы! Стæй, сом æнæхъæн бон цы ми хъуамæ кæна?! Æмæ йæм уæд та æрбабырстой æртæйæ, уæд ма сæ уромæг бауромдзæни?! Æмæ ма, æниу, соммæ дæр цæмæ лæууы? Ахсæв цæмæннæ цæуы, уæд ахсæв, ай хуызæн талынг æхсæв! Стæй йын йæ фæдыл цæхх ныккæнæд!

Къул-къул рагъæнмæ бацыд, йæ цухъхъа райста, йæ рон æд хъама, фæлæ сæ тæрхæгыл баппæрста – уыдон дæр ма куынæ рахæсс-бахæсс кæна! Кард ахæсдзæн, мæнæ Тъатъус кусарт кæмæй фæкæны, уыцы кард, дзæбæх арæхстджын кард у, æмæ уый ахæсдзæн, стæй йæ кæттаг къандзол. Æмæ дуарыл ахæцыд – рахæсса сæ уартæ цæрæн хæдзарæй. Кард дæр рахæсса æмæ къандзол дæр рахæсса! Æмæ адара йæ фæндаг. Куыддæр тыргъмæ рахызт, афтæ бафиппайдта – чидæр лæууы сæ тæккæ дуармæ, æмæ фæцудыдта Тъотъо, æмæ йæ тас сгуыпп кодта йæ мидæг, цъыфы уæлæ арт куыд сгуыпп кæна, афтæ.

– Кæцы дæ?!

– Æз дæн.

Тъотъо фæхъус, исдуг дзы сыбыртт нал ссыд, стæй бахуыфыд.

– Хъарадзау дæ?

– Уый дæн.

Æмæ та фæсабыр и Тъотъо. Æмæ уæд йæ къæмисæны цыдæр никъкъæрцц кодта, æмæ йæм сæвнæлдта йæ къæмисæнмæ Тъотъо æмæ йыл йæ арм бафæлдæхта.

– Æмæ марды хъæргæнæгау цы ныхъхъил дæ мæ дуармæ?!

– Демæ мæ аныхасаг и.

– Æмæ дыл бон нал кодта, кæд дæ аныхасаг и мемæ, уæд?!

– Боныгон кæй алыг кæнай, ахæм ныхас нæу. Æхсæвыгон лыггæнинаг у, хъуамæ талынг уа, саудалынг, мæнæ ныр куыд у, афтæ, – Хъарадзауæн йæ хъæлæс йæхи хуызæн нæ уыд, уый хатыдта, фæлæ йын ницы йæ бон уыди.

Тъотъо йæ бынаты аралæуу-балæуу кодта, цы ми бакæна, ууыл хъуыды кодта. Хъуыды кодта, фæлæ хъуыды кæнын нæ фæрæзта æмæ уал уæд æнæуи загъта:

– Дæ хæдзармæ куы ацæуис уæлæ, уый дын саудалынг æмæ урсдалынг!

– Дæ худ цæмæннæ æрхастай?

– Дзуарæй?

– Дзуарæй, уæдæ мæрдтыбæстæй?!

– Рынчын уыдтæн æмæ уымæн. Мæ цыппар къахыл дын сбырыдаин дæ дзуармæ!

– Цы кодтай?

– Фæфыдыскъуыд дæн, æндæр цы кодтон! Цъерихъилы сæрвасæн мын дзæбæх цыргъ не ʻрцыди...

– Стæй та?

– Стæй йæ куы сагътон...

– Стæй йæ куы сагътай, уый мæт мæ нæй. Стæй та цæмæннæ ссыдтæ дæ худмæ, куы сдзæбæх дæ, уæд?!

– Стæй мæ нал хъуыди ʻмæ уымæн. Хæлынбыттыртæ ахстæттæ кæуыл фæкодтой, уыцы худ мæ нал хъæуы, æндæр ма дзы исты ис!

Æмæ йæм ницуал бадзырдта Хъарадзау, ницуал æм радзырдта Тъотъо дæр. Æмæ лæууыдысты, кæрæдзи æндæргтæ æвзæрстой гыццыл æрмæст, фæлæ æнæуи уынгæ хорз кодтой кæрæдзи æмæ тыхстысты, кæрæдзи афтæ хорз кæй уыдтой, уый тыххæй. Æмæ нал бафæрæзта уыцы тыхстæн Тъотъо:

– Сдиссаг мын кодтой мæ нымæтхуды хæррæгъ! Гæккуыритæ æмæ мæкъулджытæ сæ чъизи къудитæ кæуыл фæраласбалас кодтой, уыцы худмæ хъуамæ ссыдаин æз æмæ йæ мæ

сæрыл арф ныккодтаин. Æндæр уæ ницы хъæуы! Æнæуи дæр хилæг куы фенын, уæд мæ уд агæпп кæны мæ къæхтыбынæй.

Кæцæйдæр, уалæ Косарагъырдыгæй хъуысти уыджы уасын. Кæнæ æгæр хъæрæй уасыд, кæнæ та, æгæр талынг кæй уыди, уымæн афтæ æгæр хъуысти йæ уасын. Стæй цыма æнæуи нæ уасыд, цыма цæуылдæр дис кодта, цæмæйдæр та тæрсгæ кодта, – зæрдæ къахта йæ уасын.

– Цом далæ цæфхадсадзæнмæ, уым аныхас кæнæм хибарæй.

– Мæн ницы хъуыддаг и цæфхадсадзæны! – фесхъиудта Тъотъо.

– Кæд дæ дзы ницы хъуыддаг уа, уæд фæстæмæ ссæудзынæ.

– Кæннæуæд цы?!

– Кæннæуæд дæ туг ныккæлдзæн.

Æмæ базмæлыд Тъотъо. Фæрæт ам кæмдæр хъуамæ уа. Ам фæсæттынц суг тыргъмæ бахизæны. Фæлæ ницæуыл бандзæвдысты йæ къæхтæ. Æвæццæгæн та йæ Тъатъус мидæмæ бахаста.

Уæд ныззылди Хъарадзау. Йемæ ныззылди, æрдæбонæй нырмæ йæ алыварс цы талынг ныббадт, уый, æмæ бамбæлди Тъотъойыл уыцы талынджы уылæн.

– Ма ‘рбацу, Хъарадзау, кард мæм и, нæ дыл бацауæрддзынæн!

– Кард нæ, фæлæ дæм кæд фæрæт и, уæддæр дæ нæ тæрсын.

Æмæ бафиппайдта Хъарадзау – фезмæлыди талынг Тъотъойырдыгæй. Тæрк змæлд фæкодта, æмæ фестъæлфыд Хъарадзау – фæлидзы! Талынг аивылди йæ фæстæ. Æмæ, хъама сласта Хъарадзау, афтæмæй йæхи аппæрста, талынг чердæм ивылди, уыцырдæм. Стæй лыгъдысты. Тъотъойы разæй æрмæст талынг уыди, Хъарадзауы разæй та талынг дæр уыди æмæ Тъотъо дæр. Æмæ, цыма æрмæст Тъотъойы нæ сырдта, фæлæ, йæ разæй цы талынг уыди, уый дæр сырдта, æмæ цыма змæлыди талынг дæр, цыма уый дæр лидзгæ кодта Тъотъоимæ.

Тъотъо йæ зæрдæ дардта – аирвæздзæн! Цас æй хъуамæ фæсура ацы талынджы! Талынджы лидзынæй сурын зындæр у æмæ иуафон кæмдæр æрлæудзæн, йæ куыдзы бон базондзæн æмæ æрлæудзæн. Уый далæ Кæсагджыны бахсæвиуат кæндзæн сæхиуæттæй искæмæ, стæй рагсом Гуырдзыйы балæудзæн. Бæргæ, – фалæмæ хуызыдæр уыдаид, фæлæ Дзедойы фæндаг фæсте баззади. Хъарадзау тарсти – куы фæкæла, уæд цалынмæ фæстæмæ ста, уæдмæ исты куы фæуа, искуы йын куы амбæхса!

Ӕнæуи йæм хорз каст, уыцы талынг уынджы йæ кæй сырдта, уый – афтæ йæ сур æмæ сур!

Цæфхадсадзæн лæнкмæ нæма ныххæццæ сты, æмæ фæтарст Хъарадзау – ам бирæ къунцъулитæ и, æмæ сæ искуы куы амбæхса! Раст уыцы афон Диакъон се скъæты дуарæй рахызт, йæ къухы иу стыр цырагъ, афтæмæй. Ӕвæццæгæн, йе скъæт абæрæг кодта. Йæ цырагъыл æгæр бирæ хъабыгътæ уыд – уыцы цырын сыгъдæй сыгъди цырагъ, йæ пихылæйттæ фæйнæрдæм калдта – афтæ зынд, йæ алыварс цы талынг ныббадти цырагъæн, уый дæр схæцыди – Диакъонты дуармæ рухс адардта кæрæй кæронмæ.

Тъотъо фæтарсти рухсæй. Фæстæмæ фæкаст, Хъарадзауы куынæ ауыдта, уæд баразæнгард и – аирвæза ацы рухсæй, уæртæ дзы талынгмæ баирвæза! Фæлæ уæд уыцы стыр талынгæй ратахти Джиголайы сауарæзт хъама. Рухсмæ ма иу æрттывд фæкодта, стæй Тъотъойы фæсонтæм бахаста йæ бырынкъ æмæ йæ риуы фæйнæджы бынæй акасти. Тъотъо ма уæддæр цалдæр гæппы акодта, стæй йæхи размæ бахаста хуырджыны уынгмæ æмæ йыл дæлгоммæ бафæлдæхт.

## 13

Бæстæ уыди талынг, æрмæст-иу искуыцæй-искуыдæм хосгæрдæны хъæндил фæзынд кæцæйдæр, йæ гыццыл базыры бынæй-иу цыдæр гыццыл цырагъ фæдардта – иу дард-иу æй фæкодта æрмæст, стæй-иу йæхæдæг дæр цыдæр æрбаци æмæ йæ цырагъ дæр.

Уыдон бадтысты Саулохты æфтауцы, сæ фæсонтæ цъерийыл бауагътой, сæ къæхтыл размæ ахæцыдысты. Сæ къæхтæ кæдæм æххæстысты, уым та Саулохты къуда Сауи хуыссыди йæ гуыбыныл. Уынгæ йæ нæ кодтой Саулох æмæ Хъарадзау, фæлæ уым и, уый зыдтой: куы-иу йæ ком аивæзта æмæ-иу йæ уынæргъын райхъуыст, куы та-иу æнæуи фæцыд йæ дæндæгты къæрцц.

Цъери нырма нæуæгамад уыд, æвæццæгæн, нæма æрбадти æмæ йæ хуылфæй йæ мынæг сыр-сыр хъуыст.

Иуафон Саулох йæ цонгмæ бавнæлдта Хъарадзауæн.

– Тъатъусы хабар фехъуыстай?

– Цы кодта?

– Кæнгæ ницы кодта, уæлмæрды цы загъта, уый кой дын кæнын.

– Цы загъта?
– Нæ йæ фехъуыстай?
– Ницы фехъуыстон.
– Æмæ йæ æнæхъæн хъæу цъиутау куы уасынц.
– Æз хъæуы нæ уыдтæн, æз хъæды уыдтæн.

Саулох фæчъыдзых. Хъарадзау æй бамбæрста æмæ йæм бадзырдта:

– Цы загъта?

– Бацыди ингæнмæ, чырыны уæлхъус æрлæууыд, кæсгæ нæ бакодта чырынмæ, афтæмæй загъта хъæрæй, тынг хъæрæй, цыма, уæлмæрды чи уыди, æрмæст уыдонмæ нæ дзырдта, фæлæ ардæм, хъæумæ дæр дзырдта:

– Мæ ныхас, махæй чи и ам, уыдонмæ у. Ам уæм уымæн дзурын, æмæ уæлмæрды хуыздæр хъæры лæгмæ ныхас, уæлмæрды æндæр уæз и ныхасы. Æмæ уын уый зæгъын: цы ‘рцыди, уый нæхи фыдæй æрцыди, æмæ уæ уый кæмæй базонон, æмæ Джиголаты хæдзарырдæм зулмæ дæр бакасти – йæ цæст ын акъахдзынæн, йæ рахиз цæст, фæлæ йæ зонæд!

Хъарадзау ницы загъта Саулохы ныхасмæ. Сауимæ цыма уый хардзау æркасти, уыйау базмæлыди ‘мæ йæ хъуыргъуындæг ссыди.

– Уæд æм Бигъа бацыд уырдæм, ингæны былмæ, йæ къух ын райста æмæ йын не суагъта йæ къух, афтæмæй загъта – уый дæр хъæрæй:

– Уæ Тъатъус, уæ не ‘фсымæр! Цы лæджыхъæд дæм разынд, уый дын макуы фæцудæд. Æз дæм уыцы ныхасмæ кастæн, æмæ йæ æгайтма загътай. Гъеныр дын – мæ сæры астæуты фæндаг.

Хъарадзау уæддæр ницы загъта. Бадт æмæ размæ каст, йæ разæй истытæ кæмæн фæзыны, уый сæм куыд фæкæсы, афтæ. Стæй басабыр сты, цыма хъæд фæцæйластой сыфцæй, сæ уæрдæх аскъуыд æмæ, сæ хъæд цы фæкæной, ууыл хъуыды кодтой, афтæ. Æмæ та Хъарадзаумæ æрцæуы уыцы хъуыды – зæхмæ йæхи æруадзæд, уыййеддæмæ йыл хъуамæ йæхи андзара, цыма йын фыдæнæн митæ кæны. Фæлмæцгæ дæр дзы кæны Хъарадзау æмæ дзы фæлмæцгæ дæр нæ кæны. Уый йæ фенхъæлдта, уый! Æндæра йæ уый куынæ фенхъæлдтаид, уæд æй йе ‘мгæрæтты уагъта! Фæлæ та, ома, æрбауади, фæстæты та æрбауади, ома, æмæ та æргæпп кодта фисынæй, ома.

Ам, сæхимæ фæзындаид, æви хæстæг кæмдæр фæзынди æмæ уыдонмæ дæр баххæсти йæ хъомыс?! Фæлæ диссаг уый у, æмæ уыцы стыр хæхты астæу куыд хъуамæ фæзындаид ахæм кадавар æгъдау, йæ фыркадаварæй йын æгъдау схонæн дæр куынæ и? Нæуæгусджынтæ хæдзæртты ма хуыссæнт, кæннæуæд, йæ нæуæг усы фарсмæ чи сбон кæна, уымæй хосдзау нал и – цæй хосдзау ма ис уымæй! Дзедзылæйттæн нæ бахъæудзæн уыгæрдæны! Æмæ сыл уыдæтты бон и! Æмæ сæ сæ сæр аныхынмæ куынæ 'вдæлы.

Цыма сæрд уымæн æрцæуы, цæмæй хос ныккæрдай, бирæ хос, æндæр æй цыма ницы хъуыддаг вæййы а бæсты. Хос кæрд, ссив, цъеритæ амай! Иу ныхасæй, дæ гæндзæхтæ цæгъд, ма æрлæуу дæ гæндзæхтæ цæгъдынæй!

Дæле, доны фаллаг фæрсты цы дурджын фæндаг уыд, ууыл бæхджын фæцæйцыд йæ цапуал цыдæй. Цæфхæдты цъæхснаг азæлд зади йæ фæстæ дурты уæлæ. Уæле, уалæ Лæгæтты хохы сæр цыдæр рухсы схъис фæзыны, фæлæ йыл цæст дзæбæх нæма æрхæцы, æмæ цыдæр æрбавæййы, æвæццæгæн, хæхтæ сæ кæрæдзи æгæр кæй балхъывтой, уымæн схауы уыцы рухсы цъыртт се 'хсæн кæцæйдæр.

– Диакъон Уанелы уыд æмæ Бобайы федта.

– Бигъаты Диакъон?

– Гъо. Цыхтытæ ахаста уæймæ. Уый та, дам, йæ бæх уæй кодта, Боба.

Хъарадзау цыма нæ хъал уыд, нæ фынæй, афтæ бадти, афтæ хъуыста. Фæрсгæ дæр афтæ бакодта.

– Кæд?

– Мæнæ, чи ацыд, уыцы æнцойбон.

Æндæр ницæмæйуал бафарста Хъарадзау. Цæмæй ма фарстаид æмæ ма цæмæн фарстаид! Нал æй хæссы йæ зæрдæ, æмæ ма уыцы урс бæхыл сбада!

Рагсом-иу æм цалынмæ рауадаид йæ уатæй, уæдмæ-иу нæдæр балцы ацыдаид, нæдæр – куыстмæ. Исты æфсæнтты-иу хæцыдаид йæхиуыл фæстæмæ.

– Æвæццæгæн, дам, ыл бадгæ не скодта, ласгæ, дам, æй фæкодта, æвæццæгæн, йæ фæстæ. Цыдæр уæнгхауд, дам, уыдысты лæг дæр æмæ бæх дæр. – Саулох æмбæрста: ноджы йын йæ зæрдæ къахы уыцы ныхæстæй. Фæлæ сæм нæ лæууыди, æххормаг лæг исты дзæбæхæгтæм куыд нæ лæууа, афтæ. Æмæ йæ уæрджытыл æрбахæцыд Хъарадзау. Стæй йæ цæнгтæ уыцы

талынджы кæцæйдæр æрбайста æмæ сæ йæ уæрджытыл æрæвæрдта. Бадти æнæзмæлгæ бадтæй æмæ уыдта: йæ сæр æруагъта, йæ боцъойы цыргъ йæ риуыл æрæнцад, афтæмæй цæуы æмæ цæуы бæхы разæй. Бæхы рагъыл саргъ, афтид саргъ. Æмæ йыл нæ фидауы афтид саргъ. Афтид саргъ, фæлдисгæ кæй фæкæнынц, уыцы бæхыл фидауы ʻрмæст.

Сауи ныззæмбыдта. Æвæццæгæн, йæ зæрдæмæ нæ цыди уыцы сабыр бадт. Стæй кæмдæр сæ дыууæйы астæу абадти уыцы гыццыл хъæндил, æмæ, кæм абадти, уым иу гыццыл рухсы тæпп фæуагъта æмæ фæстæмæ аныгъуыլд уыцы стыр талынджы. Æмæ уæд ауыдта Бобайы. Уым лæууыди цæнды рæбын иунæгæй æмæ куыдта – йæ урс рихиты кæрæттæй æртæдз-æртæдз кодтой йæ цæстысыгтæ. Уый та сæ къулмæ лæууыд лæппутæй кæйдæртимæ æмæ йæ уырдыгæй уыдта йæ цæсты тигъæй. Тагъдысты йæ цæстысыгтæ, къæвдайы фæстæ ма хъуариты кæрæттæй цы иугай ставд æртæхтæ фæтæдзы, уый хуызæн. Æмæ йæм афтæ зынд Хъæрадзаумæ – уый Мартайыл нæ кæуы. Мартайыл знон куыдта. Богъ-богъ кодта æмæ йæ сæры фæхстæ хоста йæ тъæпæн къухтæй. Ныр Мартайыл нал кæуы, ныр уыдоныл кæуы, се ʻгуыдзæг æмæ сын сæ ницыхъомыл кæуы.

Гъæ, фæлтау куы сыстад уыцы ʻхсæв, уæд сæ бирæ ирæд куы ʻрдомдтаид, сæ бон йæ бафидын кæмæн нæ бауыдаид, ахæм ирæд. Стæй йæ ʻндæр искæмæн куы радтаиккой! Чи зоны, æрцахуыр уыдаид, кæмæн æй радтаиккой, ууыл æмæ цардаид, адæмæн сæ фылдæр куыд цæрынц, афтæ! Рæзиккой йæ сывæллæттæ æмæ цæрид, цин кæнид йæ сывæллæттыл. Уыцы цин фаг у цæрынæн, сывæллæтты цин. Кæннæуæд ныр куыд, куыд ныр?! Хъæр кæнын æм цыд йæ хъæлæсыдзаг, фæлæ кæдæм хъæр кодтаид, куыд хъæр кодтаид! Гъомæ куыд ныззылди афтæ, цæмæн ныззылди?! Исмел ын йæ ныхæстæ куы фæфæзмы æмæ сæ фæзмынæй куынæ фефсæды! Иугæр сын разыйы ныхас куы загътой, æмæ ныр ирæдыл ныхас кæнын райдайдзысты, куыд ахъуыды кодтой хатджытæ, афтæ растади йæ бадæнæй Боба. Йе ʻрфгуытыл иу хæст скодта æмæ сæ ʻруагъта, стæй загъта:

– Гъеныр ирæды кой куыд нæ ʻрцæуа а хæдзары, афтæ бакæнут – хион чи у, уыдон дæр æмæ æддагон чи у, уыдон дæр. Мæ дуармæ ирæды номыл сæныччы хъус дæр не ʻрбауадздзынæн Джиголайы хæдзарæй. Уый уын мæ ныхас, кæд мæ фæндырты фæцæгъддзыстут, уæддæр уæ бар уæхи.

Ӕмæ, дам, фынгыл бадджытæ кæрæдзимæ кæсгæйæ баззадысты – цы ‘рцыди ацы лæгыл?! Цы бындз ыл фæхæцыди?! Уæдæ развæлгъау йæ фосæй фынддæс æмæ фылдæр чи авзæрста ирæдæн, уыдон иутæ ‘мæ дыууæтæ куынæ уыдысты, уæд уыйæппæт стурæй дæхи æнæхай фæкæн! Ӕнæуи æмбæрстой – цыдæр фесхуыста Бобайы уымæ, æмæ уыцы ныхас зæгъа. Ахъаззаджы цыдæр æй фесхуыста, æндæра Бобайы хуызæн фæллойуарзаг лæг у æмæ афтæ бакæ!

– Дзæбæх ма фæцырд сты уæддæр Гиго æмæ Сосе, дзæбæх ма ракарстой, амайгæ дæр ма дзæбæх акодтой, – дзуры Саулох, цыма йыл хæс æвæрд и – хъуамæ дзура! Уыййеддæмæ йæм цыма дзурын нæ цыд. – Амайынмæ нæма арæхсынц æмæ сын дзы кæй Исмел ацамадта, кæй – æз.

Стæй ма ноджыдæр дзырдта цыдæртæ Саулох, фæлæ Хъарадзауы ницы джиздардта йæ ныхæстæй. Ӕмæ фæцæйцыди Хъарадзау хъæргæнæг. Уартæ Хъараман амарди, Дзыдзойты Хъараман æмæ йæ Назджынмæ арвыстой хъæргæнæг. Бигъаты саргъыбæхыл æй сбадын кодтой æмæ йæ арвыстой. Кæсагджыны базилæны йыл хæрхæмбæлд фæци Боба. Йæ иувæрсты аскъæрдта йæ урс бæхыл. Стæй фæстæмæ ма фæзила æмæ йæм ныхæйныхмæ ма ‘рбаскъæра йæ бæх. Йæ пыхс æрфгуытыл бæрзонд схæцыд.

– Багъæц-ма, ды уартæ Джиголайы фырт нæ дæ?

Хъарадзау бæхæй æрхизынмæ хъавыд – уæдæ уæлбæхæй дзура Бобамæ! Фæлæ афтæ фæтыхсти ‘мæ рахиза, уымæ дæр нал фæцарæхст.

– Гъо, – æнæбары йæм бадзырдта.

– Уартæ стырмæсыггаг?

– Гъо.

– Мæнæ мæ йæ хатджытæй дуарахæсты чи фæкодта, уый?

Хъарадзау ницуал сфæрæзта дзурын.

– Ардæм байхъус, – йæ бæх æм ноджы æввахсдæр баскъæрдта Боба. – Мæнæ ма мæ дуармæ уæ хæдзары номыл хатджытæ балæууыд, зæгъгæ, уæд сæ уырдыгæй рацъон бирæгъы сырд фæкæндзынæн. Мидæмæ дæр сæ нал бауадздзынæн, фæлæ йæ зон. – Уым цæхгæр фескъуыдта йæ ныхас Боба. – Мæныл уæ цы хæйрæджытæ бафтыдтой?! Хуыцауæхсæв куы ‘рцæуы, уæд джитæнтæ байдайын – кæй бæхджынтæ та ‘рбалæудзысты мæ дуармæ! Уæд мæ чызджы йеддæмæ цал чызджы ис, уал Хуыцауы

судзгæ тъæппы уын зæгъин æмæ уын куыд зæгъон! – Уым йæ ехсы хъæд фæцарæзта Хъарадзаумæ. – Минæвар чи ‘рвиты, уый хъуамæ ахъуыды кæна – кæцæй æрвиты минæвæрттæ, ууыл дæр ахъуыды кæна, æмæ, кæдæм æрвиты, ууыл дæр. Æз фылдæр минæвæрттæ арвитон æмæ фыццаг бынат бацахсон минæвæрттæ æрвитынæй – уымæй хъуыддаг нæ рæзы, нæ. – Афтæ куы загъта, уæд бацагайдта йæ бæхы, æмæ йæ цапуал цыдæй ацыди йæ бæх.

Хъарадзау куыд бадти, афтæ бадгæ баззади бæхы рагъыл. Размæ цæуа, æмæ йæм нал цыди размæ цæуын. Бæргæ, фæстæмæ аздæх! Фæлæ йын фæстæмæ цæй здæхæн уыд! Æмæ æрхызти бæхæй, йе згъæллаггом ын рафтыдта, йе ‘хтæнгтæ йын суæгъд кодта æмæ йæ хизынмæ ауагъта, йæхæдæг, уæлвæндаг цы урс дур уыд, ууыл æрбадти. Бадти æмæ касти Бобайы фæдыл – Боба нал зынди, кæцæй ма зынди! Фæлæ касти уыцырдæм. Æмæ та йæ зæрдыл æрбалæууыд уыцы зиуы бон. Сæ дуармæ-иу адджын уазджытæ куы ‘рбалæууыд, æмæ-иу Джиголайы цинæн кæрон куынæуал уыд. Уайтагъд-иу сæгътæй иу æрбаргæвдын кодта лæппутæн. Хæдзар æмæ-иу сæ дуармæ цинæй байдзаг и. Æмæ йæм цыма уыцы бонтæй исчи раздæхы, афтæ ‘хсызгон ын вæййы Хъарадзауæн, Хæмпæлгомы зиу куы æрæмысы, уæд. Уыцы иу зиу уыди йæ царды нырма, æндæр нæ. Æмæ дзы уыдзæн бирæ зиутæ æви дзы нæ уыдзæн бирæ зиутæ? Чи зоны уыцы хъуыддæгтæ, чи?!

Æмæ фыццаг уый ауыны, Мартайы. Уартæ, дон кæй къухтыл æркодта, уыцы ацæргæ лæг уæзззаугай фæцæуы, йæ къухтæ йæ даргъ хæдоны фæдджитыл сæрфгæ. Æмæ йæм бараст и Хъарадзау – исчи йæм куы фæразæй уа! Æниу æм исчи куы фæразæй уа, уæддæр ыл цыма йæ сынæгæй иуварс ахæцыдаид. Фæлæ уæд ацахстой йæ цæстытæ – кæд чызг йæхæдæг дæр нæ касти комкоммæ уымæ! Æмæ йæ зæрдæ базмæлыд, цыдæр хъарм змæлд бакодта йæ зæрдæ Хъарадзауæн, афтæ хъарм змæлд ын нырма никуы бакодта. Уæдмæ алæууыд йæ разы, йæ къухтæ æркъуырф кодта æмæ йæм сæ бадардта. Къус андзыг и чызджы къухы, йæ цæстытæ сзилæгау кодтой сæ фæлгæтты, цыма ныронг цы уыдтой, уый сæм гыццыл кæсын байдыдта. Къус куынæ къул кодта, уæд æм Хъарадзау бавнæлдта йæхæдæг æмæ йæ хъуамæ ракъул кодтаид йæ къухтæм, фæлæ уæд фестъæлфыди чызг, къус ын æгæр къул фæци, æмæ дон къухты

сæрты асæххæтт ласта нæумæ. Хъарадзау æууæрста йæ къухтæ, æвдæлон æууæрст сæ акодта – тагъд кæнын æм нæ цыд: зиууæттæ бирæ сты, фæлæ чызджытæ дæр цъус не сты. Акæс-ма, кæддæра куыд пæр-пæр кæнынц æд къæртатæ æмæ æд къустæ? Æвæццæгæн, фæсте хъæуы чызг нал баззад.

Уый лæууыди йе 'мыр лæудæй. Йæ хæцъил дзабыртæ зындысты йæ даргъ дæллаггуыры бынæй – рæтыд хæцъил дзабыртæ, дæлæ сæ фындзтыл æртæтигъон игæрхуыз сæрачы гæппæлтæ хуыд. Касти, лæппу йæ къухтæ куыд æхсадта уымæ, сæ фидар къыбар-къыбур æм хъуысти къухтæн, æмæ йын æхсызгон уыди, йæ къухтæ афтæ къыбар-къыбур кæй кодтой лæппуйæн, уый. Æмæ та бадардта йæ къухтæ къусмæ æмæ та йæм бакасти, æмæ йæм исты куы сдзырдтаид, уый йæ 'рфæндыд. Тынг æй æрфæндыд. Æмæ дзы æнæнхъæлæджы куы сирвæзид:

– Нуазынæн дæр бæззы уæ дон?

Чызг æм йæ цæстыдзагæй бакасти. Джидзæг кæна, æмæ цæмæн хъуамæ джидзæг кæна! Æцæг фæрса, æмæ цы хуызæн фарст у уый? Куыд нæ хъуамæ бæзза нуазынæн сæ дон?!

– Куыд нæ бæззы!

– Æмæ дзы аназæн дæр ис? – Ныр та йæм лæппу бакасти йæ цæстыдзагæй.

– Цæмæннæ дзы и!

– Нæ зонын. Чи зоны дзы барстæй рахастай.

– Ницы дзы рахастон барстæй, – бахудти чызг, æхсызгон ын уыд, хъазæн ныхæстæ кæй кæны лæппу, уый. Уæд ницы дзырдта, æппындæр ницы дзырдта. Йæ дзыхæй сыбыртт нæ хауди. Уæд цы хуызæн чындзæмбал дæ?! Чызджытимæ хъазæн ныхæстæ ма акæнай, ма сæ бахудын кæнай! Æмæ дæ уæд æнæ чындзæмбал цæуын ничи уагъта!

Йæ къухтæ куы ныссæрфта, уæд хисæрфæн дæр фæстæмæ уымæ нæ радта, фæлæ йæ сæ хуыссæнтæ хурмæппарæн телыл ацауыгъта Химантæн. Йæ кæстытæ дæр уый карæн лæппуйы кæстытæ нæ уыдысты – цыдæр мæт ын разын-разын кодта йæ цæстытæй. Æнæуи фæтынгдæр и, бирæ фæтынгдæр и, фæлæ уыцы бæрзонд ных æмæ хъуынджын æрфгуытæ, цы уыдысты, уымæй баззадысты. Афтæ сæм кæс æмæ кæс!

Хъарадзау айста къус æмæ йæ йæ былтæм схаста. Æмæ йе 'рфгуытыл схæцыд чызг, æмæ сау цæхæртæ акалдтой уыцы сау цæстытæ, æмæ ферхæцыд Хъарадзау. Схуыфыд æмæ куыд хуыфыд, афтæ

къус фесхъиу-фесхъиу кодта йæ къухы, æмæ дон цæппузыртæй схъиудта къусы былтæй фæйнæрдæм. Чызг зыдта, ахæм рæстæджы фæсонтæ æрхойын фæхъæуы, фæлæ куыд ныххостаид кæйдæр лæппуйы фæсонтæ! Уæддæр нæ фæлæууыд – къæрта зæххыл авæрдта æмæ йæ чъылдыммæ алæууыд лæппуйæн. Фæлæ сыл уæдмæ амбырд сты зиууæттæ. Иу хъилафындз лæппу йын йе стыр тъæпæн къухтæй ахæм тъæппытæ ныккодта йæ фæсонтæ, æмæ уайтагъд феуæгъд сты йæ улæфæнтæ. Стæй уыдон ацыдысты. Хъарадзау лæууыд, уæддæр ма-иу схуыфтытæ кодта. Чызг дæр лæууыд, æвæццæгæн æй, ома, иунæгæй куыд ныууадзон, ферхæцыди ‘мæ.

– Хæлæг мын кодтай уæ дон, æмæ дзы ферхæцыдтæн, – æнæнхъæлæджы та загъта Хъарадзау.

– Ницы дын æй хæлæг кодтон.

– Уæдæ цæмæ ферхæцыдтæн?

– Цæмæ, цæ, дон куы нуазай, уæд хъуамæ къусмæ кæсай.

– Æз дæр къусмæ кастæн.

– Ницы кастæ къусмæ.

Чызг хатыдта – æгæр лæууы кæйдæр лæппуимæ, фæлæ йæ куыд ныууагътаид, уый нæ зыдта. Стæй йæ фæндгæ дæр нæ кодта, ныууагътаид æй, уый. Афтæ лæуу, искуыдæй искуыдмæ цы ныхас скæны, уымæ хъус, кæсгæ дæр та йæм бакæ – йе ‘рфгуытæ, йæ тымбыл роцъо.

Искуы ма иугæйттæ ‘хсадтой сæ къухтæ, сæ уистæ фæстæдæр кæмæн æрхæццæ сты, уыдонæй. Иннæтæ цыдысты ‘мæ цыдысты, уартæ сын бæлæсты бын фынг кæм авæрдтой, уырдæм. Хъарадзау та къус сдардта йæ дзыхыл, фæлæ дзы нуазгæ нал акодта, æруагъта йæ – кæмдæр ма федта уыцы сау цæстытæ, федта ма сæ, сыбыртт дæ нæ хъæуы – федта ма сæ. Æмæ-иу йæ цæстытыл куы ауадысты, уæд-иу куы æрлæууыд æмæ лæугæйæ куыд баззад! Уæд сæ кæд никуы федта, уæд-иу куыд ауадысты йæ цæстытыл?! Уый гæнæн куыд ис, æмæ уынгæ кæй нæ фæкæнай, уыцы цæстытæ дæ цæстытыл ауайой! Нæ ауайдзысты, цыфæнды сау куы фестой, уæддæр нæ ауайдзысты. Æмæ йын цыма йæ хъаст кодта, уый хуызæн загъта:

– Афтæ мæм цæмæ кæсы – нæ зонын.

– Цы дæм кæсы афтæ?

– Цы, цы, цыма дæ кæмдæр федтон.

Чызгæн йæ цæстытæ дæр базмæлыдысты æмæ йе ‘рфгуытæ дæр.

– Мæнмæ дæр афтæ кæсы.
– Цы кæсы дæумæ дæр афтæ?
– Цыма мæ федтай кæмдæр.
– Дæумæ та цæмæн кæсы афтæ?
– Цæмæн, цæ – афтæ уыди, ‘мæ уымæн.
– Цы уыди афтæ?! – æгæр тыхфарст ын рауад. Уæдæ, дам, афтæ, дам, уыд!
– Цы, цы, ды Хæмпæлгомы Химанты Хыбетæм – хы-хы-хы! – бахудти чызг, – уыдтæ чындзæмбал.
– Уый фарон куы уыди!
– Æз дæр фарон зæгъын.
Хъарадзау къус хæрдмæ фæхаста, цыма, æхсаргард уыди, уый хуызæн, æмæ ма, цы дон уыди къусы, уый, йæ гом цонгыл æрлæсæн кодта.
– Æмæ уый гыццыл чызг куы уыди – уым нын уæзæджы къæйыл нæ къухтыл дон чи кодта?!
– Ницы уыди гыццыл чызг.
– Куыд нæ уыди! Æз ма мæхинымæр афтæ дæр куы загътон, – Хъарадзау нал загъта, уæд ма йæхинымæр цы загъта, уый – сæ фæрсты кæимæдæрты æрбацæйцыди Тъотъо æмæ фæстæмæ фæхæцыд йæ ныхасыл. Ноджы йæм афтæ фæзынд, цыма йæм цыдæр бадзурынмæ хъавыди Тъотъо. Йæ былтæ дæр рацъупп сты, фæлæ йæм ницы бадзырдта. Æнæуи йæм цалдæр цыбыр касты бакодта. Уал касты йæм цæмæн бакодта, уымæн ницы базыдта. Æмæ йæм бадзырдта чызг, уыдон куы ацыдысты, уæд:
– Куыд ма загътай уæд дæхинымæры?
– Цы, цы, зæгъын, ацы чызг куы сыстыр уа, уæд митæ уыдзæни лæппутæм – кæрæдзи ма къуырдтытæ кæной, афтæмæй ма дугъ кæной Хæмпæлгоммæ! – загъта Хъарадзау æмæ бадис кодта: ай цытæ дзуры кæйдæр чызгмæ! Стæй йыл æнæуи дæр цы дзых базади. Сæхимæ бон изæрмæ дыууæ ныхасы не схауы йæ дзыхæй фæд-фæдыл. Уæд ыл ам цы ныхас бафтыди! Æнæуи цыдæр æнцон дзурæн у йемæ, лæг цæрæнбонты дæр нæ бафæллаид йемæ дзурынæй. Дзур æмæ дзур йемæ!
– Æмæ уæм хæстæг цæрынц хы-хы-хытæ?
– Нæ тæккæ фарсмæ.
– Уæ кæцы фарсмæ? Уæ уæллаг фарсмæ æви уæ дæллаг фарсмæ?

– Нæ дæллаг фарсмæ.
– Æмæ дзæбæх у Химанты уæллаг фарс цæрынæн?
– Дзæбæх, – бахудти чызг.
– Æмæ сымах дæр Химантæй стут?
– Нæгъ. Мах Битъатæй стæм!
Стæй ма цæмæй бафарстаид, уый нал зыдта æмæ дзы уæд, йæхæдæг дæр æй нæ базыдта, афтæмæй сирвæзт:
– Мæ ном Хъарадзау хуыйны.
Чызг цыдæр ræуæг хæст фæкодта йе 'рфгуытыл.
– Зонын æй.
Æмæ Хъарадзау фæуыргъуыйау.
– Цæмæй йæ зоныс?
– Уым дæм дыууæ боны дзырдтой дæ номæй, нæ мæ ферох и æмæ цы бакæнон! – чызг та бахудти, æргом худт нæ, фæлæ æмбæхст худт, йе 'мбæхстæй хорз чи фидауы, ахæм худт. – Мæ ном та – Марта, – хæсджынæй дæ куы баззайон, уæд мæ зæрдæ йемæ дзурдзæн, – æмæ та уыцы æмбæхст худт абадти йæ былалгъ.
Хъарадзау йæ уæнгтыл ахæцыд, Сауийыл анцад, æмæ базмæлыд Сауи. Стæй ныдздзынæзта Хъарадзау, зæронд æвæрæз лæг куыд ныдздзыназа, афтæ ныдздзынæзта æмæ бафарста, цыма, йæ алыварс цы талынг нымбырд и, уый фарста, уый хуызæн:
– Цы мæ фæфæнды, уый зоныс?
– Цы? – Цыма йын уыцы талынг лæвæрдта дзуапп, уыйау æм фехъуыст Саулохы ныхас.
– Искуы къæдзæхы скъуыды аирвæз, дæхи йæ къултыл хойгæ ахæсс уым дæлæмæ æмæ æппындæр макуы банцай дæ хауынæй.
Саулох бакаст Хъарадзаумæ, йæ зæрды йын бауайдзæф кæнын уыд. Уæдæ йын уый цавæр къæдзæхы скъуыд у! Нырма йе 'мкарæнтæй ус дæр куы никæмæн ма ис! Уæд дзы цæмæн хъæуы уыйхуызæн зæрдæсæттæн ныхæстæ! Æмæ йыл фидаугæ дæр куынæ кæны ахæм ныхæстæ дзурын.
Фæлæ йæм ахæмтæй исты бадзура, уый йæ бон нæ баци, æнæуи загъта:
– Ацы талынг æхсæвтæн нын цы сæ зæрды ис, нал нæ ныууадзой!
Саулохы ныхæстæм ницы йæ хъус æрдардта Хъарадзау. Кæмдæр æм йæ фæсхъуыдыйы афтæ каст – ныртæккæ сæ

рагъæнæй Джиголайы нымæт райсдзæн æмæ уартæ мусмæ ацæудзæн. Уый ма йæ митæ акæндзæн, æмæ йын конд куы фæуой йæ митæ, уæд сæгъдонмæ ацæудзæни уый та, уым сын сæгъдоны кæрон цы уат и, уырдæм æмæ та уым джиудзæн бонмæ иунæгæй. Раздæр-иу уый дæр цыди уыгæрдæнмæ. Ссивгæ дæр-иу кодта, цъеримæ дæр-иу æппæрста. Ахæм тъыфыл-иу сарæзта, пирæнгомы хуызæн рæсугъд тъыфыл æмæ-иу æй афтæмæй сæппæрста Хъарадзаумæ. Гиго æмæ-иу Сосе та, йæ пихылæйттæ кæмæн æрзæбултæ сты, ахæм стыр тъыфылтæ æппæрстой, æнæхъæн хуытæ. Мæнæ-иу цъерихъилыл нæ фæхæцыд Хъарадзау, уæд-иу æй тъыфыл йæ разæй ахастаид.

Стæй йæ нал ауагъта Дзæгъиан. Бæргæ йæ нæ фæндыд, хæдзары ныллæууа, уый, фæлæ ацу 'мæ сдзур фæстæмæ исты!

Сæ ныхас фескъуый-фескъуый кодта æмæ дзы цыма фæлмæцгæ кодтой сæ ныхасæй, кæрæдзиуыл кæй нæ хæцыд, уымæй. Æмæ-иу сын куы фескъуыд сæ ныхас, уæд та-иу сæм холладжы сыр-сыр райхъуысти цъерийы хуылфæй, фæлмæн сыр-сыр, сабыр сыр-сыр, цыма сын исты ныфсытæ 'вæрдта цъери, уый хуызæн, æмæ-иу уæд, цыма цъери куыд сыр-сыр кæны, уымæ хъусынмæ 'рбадтысты ам йæ рæбыны, афтæ зынд.

Иуафон йæ рæмбыныкъæдзæй бахæцыд Хъарадзауы фарсыл Саулох.

– Гица куыд фæрынчын, уый нæ зоныс?

– Кæй Гица?

– Далæ Пинаты.

– Нæгъ.

– Радзурон дын æй?

– Радзур.

– Бавдæлди, а Гица чи у, уый æмæ адæргъ и сæ тæрхæгыл. Йæхимæ хор-дон æввахс нал уадзы. Мæ ласæггагыл, дам, цыдæр æрзади мидæгæй æмæ, дам, мæ ныхъуырæн нал и. Устытæ йыл æртымбыл сты иу хæдзарыдзагæй. Фæйнæрдыгæй йæм хатынц:

– Фæлмæн уæливых дын куы ракæниккам, уæд уымæй дæр ницы ныххизид дæ хъуыры?

Гица-иу сыл йæ цæнгтæ сцæгъды.

– Цæй уæливыхтæ 'мæ ма цæй цыдæрты кой кæнут, уæ мæрдтыстæн! Æз мæлгæ кæнын, адон та – уæливых, дам!

– Уæд та дын цæрвæхсидæн скæнæм.

– Гæррæтт, хурх йеддæмæ ницы у, цыдæр дзы æрзади æмæ

дзы хуынкъ нал баззади. Кæуылты ма уын дзы нынныхъуырон!

Устытæн сæ уæнгтæ æрызгъæлдысты. Уæдæ, Гица уай, æмæ уый хуызæн хæринæгтæй иуæй афтæ ма зæгъай – алæ-ма!

Уæд сæ чидæр йе 'вæрд арахъхъæй иу авджыдзаг куы 'рбадавид. Иу дзæбæх сыкъа дзы æрыдзаг кодтой æмæ йæм æй фæхастой. Райста сыкъа Гица, йæ сæр аракъул-бакъул кодта, стæй йæ сдардта йæ дзыхыл. Ауагъта йæ йæ хъæлæсы, йе стыр цъæх цæстытæ ферттывтой æмæ йæ хъæр фæцыди:

– Нæннæ, мæ хæзгул, ахаста дæ йæ разæй дæрзæг!

Саулох цыма фæллайгæ бакодта дзурынæй, уый лæуд æркодта. Йæ рæмбыныкъæдзæй та бахæцыд Хъарадзауы фарсыл.

– Цæмæннæ бахудтæ? Уымæн дын фæкодтон уый дæргъæн хабар, æмæ ма бахудай?!

– Куы бахудтæн.

– Кæд бахудтæ, уæд бавдæлæм æмæ Гицайы бафæзмæм: фæйнæ арахъхъы ауадзæм нæ фæйнæ ласæггаджы. Чи зоны, махæн дæр нæ хъæлæстæ алæгъз кæна уыцы дæрзæг.

– Нæй, – загъта Хъарадзау, – мæнæн мæ хъуыры ницы ныххиздзæн. – Æмæ сыстади. Сыстади Саулох дæр. Сауийы нæ фæндыд, æвæццæгæн, сыстой, уый – ныззæмбыдта, йæ дæндæгты къæрцц дæр та фæцыди. Уæддæр сыстад уый дæр.

– Хорзæй баззай, – загъта Хъарадзау. Йæ хъæлæс æгæр æнкъард фæзынд Саулохмæ. Бакаст æм – Хъарадзау æнæбары хицæн кодта талынгæй. Æмæ йæм бавнæлдта Саулох, йæ уæхскыл ын йæ къух æрæвæрдта.

– Алæма – рацыдаис! Ацы талынджы дын дæ цæсгом уынгæ дæр куынæ фæкодтон– ныр та кæд фендзыстæм кæрæдзи?..

Хъарадзау æм ницы сдзырдта. Чи зоны, йæ бон нæ баци дзурын, чи зоны, та йæм цæугæ нæ кодта дзурын.

Исмелты фисынæй куы бахызт, уæд йæ хъустыл æрцыди Дзæгъианы хъарæг, æмæ лæугæйæ баззад. Лæууыди æмæ йæ цæстытæ æнæбары æрхæцыдысты Дзæгъианыл – уартæ бады цæнды сæр йæ сау дарæсы. Хъарæг уыди уыцы иугъæдон хъæлæсы уагæй æмæ афтæ зынд, цыма æппындæр никуыуал банцайдзæн:

– Гъæ, уæд дын мæ уд амæла, уыцы лæг.

Ды мын уыцы ран нæ гыццыл чындзы куынæ бацагурай æмæ йыл дзæбæх куынæ баузæлай! Зонгæ йæ уайтагъд бакæндзынæ, уыцы лæг, – йæ уæздан фезмæлд æмæ йæ йæ худгæ дзыхыдзырдæй уæддæр базондзынæ.

Хъарадзау, йæ хъæлæсыдзаг куы ныббогъ кæна, уымæй фæтарсти, агуыбыр кодта, цæнды уæллаг кæрæтты бацыд æмæ уæлмæрдты фæндагыл ахæрд кодта.

## 14

Рагъмæ схæццæ и Хъарадзау, афтæ Боброн дæр скасти. Цъæхцъæхид тæмæнтæ калдта æмæ дуне цъæх адардта. Уæлвæз кæм карст уыди, кæм – æнæкарст. Уартæ дзы фалдæр цъеритæ дæр зынди. Иу ран йæ разы фæци цалдæр æмбатъæйы – гыццылдæртæ æмæ стырдæртæ æмæ сæ, фыццаг кæмæ бахæццæ, ууыл бахауди. Уынæргъын ма сфæрæзта, æндæр йæ къах дæр нал атылдта. Стæй сæхимæ балæууыд, Стырмæсыджы. Сæ цæнды сæр лæууыд æмæ уырдыгæй касти мад æмæ Мартамæ. Мад бадгæ кодта сæ ныллæг къæсæрыл. Бадти æмæ куыдта. Марта йæ разы лæууыд иу даргъ урс къабайы, æхсæв-иу хуысгæ кæм кодта, уыцы къабайы хуызæн, фæлæ уымæй ноджы урсдæр æмæ даргъдæр ноджы. Дзæгъианы æнцайын кодта, стæйиу йæ къабайы дысыл рахæцыд, радаргъ-иу æй кодта, æмæ-иу дзы йæ цæссыгтæ сæрфта Дзæгъианæн, уый фæстæ та-иу æй сабыртæ кæнын байдыдта:

– Ма ку, не ‘фсин, кæннæуæд дын исчи дæ кæуын фехъусдзæн, æмæ худинаг у.

– Куыд нæ кæуон, куы, саубон мыл акæна мæ уды мæрдæй. Ды мын дæхи уартæ Хурмæкæсæн къæдзæхæй куы раппæрстай!

– Мæ цæгъдинаг ацы сахатыл ацæгъддзынæн, йæ гарачъи йын ахъарм кæндзынæн æмæ дын йæ бынтыл царвæхсидæн акæндзынæн, – лæгъстæ кодта Марта, фæлæ йæ Дзæгъиан нæ хъуыста: йæ ныхæстæм ын бынтон æндæр цыдæртæ дзырдта, æмæ дис кодта Хъарадзау: уыдон ын цы хуызæн митæ сты мадæн!

– Гъæ, мæ фыццаг фæуой нæ дыууæ стуры! Алыаз холлаг хъуаг кæнæм, æмæ куынæ не стуртæ фылдæр кæнынц, куынæ – нæ сæгътæ, уæд афтæ мæгуырæй кæдмæ нæ хъиутæ хæрдзыстæм!

Æмæ та радаргъ кæны йæ дыс Марта æмæ та йын райдайы сæрфын йæ цæстытæ.

Холлаг хъуаг, дам! Уый та куыд æрхъуыды кодта! Кæд уыдысты холлагхъуаг? Æмæ-иу Джигола, холлаг кæмæ нал уыд, уыдонæн цъери куы æрыхæлдта æмæ-иу сын æй уым, æфтау-

цы æргъомæй куы байуæрста. Уæд кæд фесты холлагхъуаг? Æмæ-иу фос кæрдæгмæ куы ацыдысты, уæддæр ма-иу се 'фтауцы дыууæ-æртæ цъерийы куы лæууыди!

Æмæ та рахæцы йæ къабайы дысыл Марта, радаргъ та йæ кæны, йæ къух зынгæ дæр нал фæкæны дысæй, æмæ та йын сæрфын райдайы йæ цæстысыгтæ. Дзæгъиан сабыр фæбады, цалынмæ йын йæ цæссыгтæ фæсæрфы Марта, уæдмæ, стæй та нæуæгæй райдайы хъарæг кæнын.

– Ныр мын Хъарадзау Амерыкмæ куы цæуы æмæ, фæндаггагæн нæ гал куы уæй кæнæм, уæд ма Исмелы галæн цæдис кæм уыдзæни æмæ ма нæ цъеритæ цæуыл æрласдзыстæм!

Æмæ хъуыды кæны Хъарадзау: чи цæуы Амерыкмæ, куыд цæуы?! Æмæ йæ уæд сыбыртт дæр куынæ суагъта, æмæ уый уартæ кæд æмæ кæд уыди. Амерыкмæ ацæуа Хъарадзау, уыцы фæнд куы 'рцыди лæппутæм, уый! Уæд ма ныр цæй Амерычы кой кæны!

– Æз дын дзæбæх царвæхсидæн скæндзынæн, стæй дын уæртæ Хуындæгонмæ бадзурдзынæн, Исмелты Хуындæгонмæ, æмæ иумæ бахæрдзыстут.

– Гъæ, уæд мын мæ хисты къæбæртæ бахæрай, ды ма уыцы къæдзæхæн йе 'мгæрæттыл дæр куы ацæуай!

Æмæ та йæ цæнгтæ фæйнæрдæм фæхæссы Хъарадзау – уæдæ ма искуы ахæм диссаг уыди! Дыууæ сты, дыууæйы йеддæмæ не сты, афтæмæй сæ иу иу дзуры, иннæ – иннæ! Уымæй дæр сæ иу дзургæ нæ кæны, фæлæ – хъарæг. Уæд ма исчи афтæ кæны! Æмæ æппындæр нæ бады сæ ныхас кæрæдзиуыл. Æмæ куыд сбадой кæрæдзиуыл хъарæг æмæ æнæуи ныхас?! Æмæ сфæнд кодта – ныццæуа сæм æмæ сæ басабыр кæна. Куыддæр фæуырдыг кодта цæндыл, афтæ фехъал. Æмæ, чи зоны, кæй фæуырдыг кодта цæндыл, уый тыххæй нæ фехъал уыдаид, фæлæ мад хъарæг кæнын ныууагъта æмæ хъæрæй кæуын райдыдта. Стæй сылгоймаджы хъæлæсæй – нал, фæлæ – нæлгоймаджы хъæлæсæй. Куыдта, куыддæриддæр нæлгоймаг фæкæуы, афтæ, æмæ йæ сæр ныууыгъта Хъарадзау – уæдæ цытæ кæны мад, æмæ ма кæд кодта афтæтæ! Æмæ рабадти Хъарадзау æмæ куыддæр рабадти, афтæ йæ цæстытæ æрхæцыдысты: уартæ цъериты цур лæууынц дыууæйæ. Сæ иу – стырдæр, иннæ – гыццылдæр. Стырдæр чи у, уый кæуы, цыма мардыл кæуы, афтæ. Гыццылдæр чи у, уый йæ разы гуыбырæй лæууы. Æмæ дис кæныныл фæци

Хъарадзау: чи сты æмæ кæцæй æрхаудтой ардæм?! Уæдмæ йæ суыдтой уыдон дæр, се 'ргом æм раздæхтой. Кæугæ чи кодта, уый йæ кæуын уромынмæ хъавыд, фæлæ йæ бон нæ уыд æмæ та-иу йæ тъæпæн æрмттæ бафæлдæхта йæ цæсгомыл.

Кæцæйдæр иу пыхцыл халон æрбатахт, цъерийы хъилыл абадт, стæй йæ бынаты æрзылд æмæ, йæ бырынкъ лæппутырдæм куы фæци, уæд сæм цыма исты æрдзурынмæ хъавыд, уыйау йæ дзых фæхæлиу кодта æмæ йæ хъуахъхъ фæцыд. Уæд кæугæ чи кодта, уый нæ, фæлæ иннæ хосы мæкъуылæй топп систа æмæ йæ халонмæ сдардта, фæлæ йын иннæ йæ цонгыл æрхæцыд.

– Уæдæ ныл цы хъуахъхъ кæны?!

– Хъуахъхъ кæнын ныл хъæуы æмæ ныл хъуахъхъ кæны.

Æмæ йæ зæрдæ æхсызгон змæлд куы бакæнид Хъарадзауæн – æмæ уый Калман куы у! Уартæ стырдæр чи у æмæ кæугæ чи кæны, уый! Калман, далæ Хæмпæлгомы зиуы йæ фæстæ чи ралæууыд, уыцы хъæлдзæг æмæ хъазæгой лæппу. Фæлæ йыл цы 'рцыди уагæры, йæхи хуызæнæй йæм куы ницуал баззади. Æмæ сæм бараст и лæппутæм Хъарадзау.

– Ай Калман нæ дæ?!

– Æгæр дæр ыскалман дæн, æнхъæлдæн.

Стæй фæцæйцыдысты кæрæдзимæ. Æнарæхст къахдзæфтæ кодтой, цыма ихыл цыдысты, тæнцъар ихыл æмæ сæ куынæ баурома, уымæй тарстысты. Хъарадзау касти Калманмæ æмæ та-иу æрцæйлæууыд, – кæд уый нæу. Уæдæ, цы хуызæн ныцци, кæд уый у, уæд! Куы йæм бахæццæ ис, уæд скуыдта, æмæ та скуыдта Калман дæр. Афтæ лæууыдысты ныхæй-ныхмæ æмæ куыдтой кæрæдзимæ, цыма сæ хабæрттæ кодтой кæрæдзийæн, афтæ. Стæй æрбадтысты, сæ фарсмæ цы тъæпæн мæкъуыл уыд, ууыл фæрсæй-фæрстæм. Дзырдтой – куы-иу сæ иу дзырдта, куы се 'ннæ. Цыма суджы фастаг хастой сæ уæхсчытыл, даргъ суджы фастаг, дзæбæх æй нæ фæрæзтой – куы-иу сæ иуырдæм ахаста, куы – иннæрдæм. Ацыдысты-иу, ацыдысты æмæ та-иу æрлæууыдысты. Хъарадзау иунæгæй кодта йæ хабæрттæ, уыдон – дыууæйæ. Калман-иу куы нал фæрæзта дзурын, уæд-иу Сакъо – афтæ схуыдта лæппуйы Калман – бар-æнæбары дæр æрæвнæлдта ныхасмæ.

Знон фæссахæртты сæ дуармæ æртæ бæхджынæй балæууыдысты хъалонисджытæ. Симона рацыди йæхæдæг сæ размæ, йæ фыд Калманæн.

– Мæнæ ма нæ æххæст фæззæгмæ бауадзæд, – дзуры сæм

Симона, – стæй не стуртæй ауæй кæндзыстæм æмæ йын бафиддзыстæм йæ хъалон. Лидзгæ никуыдæм кæнæм.

– Æмæ ныр куы ауæй кæниккат уыцы стуртæ, уæд хуыздæр нæ уаид? – рагуыбыр и лæгтæй иу бæхы рагъæй, æвæццæгæн, сæ хистæр уыди хъалонисдджытæн.

– Рахизой ма, рахизой, фæфыдджындæр уой, кæд нын хуыздæр райсиккой. Нæхи дæр ма цæрын хъæуы.

– Гæр, æмæ искуы уæ фос нард кæндзысты, стæй сæ уæй кæндзыстут, уæдмæ æлдар сымахмæ кæса! – фесхъиудта лæг, йе 'хсæрфæрстæ цæхæртæ акалдтой.

– Фæлæуууæд, йæ бинонты удтæ нæ хауынц! – сирвæзти Симонайæ. Бамбæрста, æгæр фæци йæ ныхас æмæ ма йыл фæдсафыны тыххæй бафтыдта: – Фæззæг нæ уæлæ и мæнæ.

– Цы загътай, цы, дæлæ фосы мыггаг, иу хатт-ма йæ зæгъ! – йæ богъ фæцыди лæгæн, йæ ехс ахъаззаджы зылд ныккодта, æмæ йе 'хситт йæ фæстæ аззади ехсæн, йæхæдæг Симонайы сæрыл æртыхсти – уыцы гæрзбыд уæззау ехс. Йæ чъепс чи у ехсæн, уый комкоммæ йæ цæстмæ бацыд Симонайæн. Йæ тъæпп фæцыди цæсты уæлæ æмæ рагæпп кодта цæст йæ бынатæй.

Уый куы федтой лæгтæ, уæд хорзау нал фесты, сæ бæхтæ ныззылдтой уæзæгыл æмæ лидзынмæ фесты. Хъæуы къахылдзæуæг нал баззад – ныттымбыл сты Симонаты дуармæ æмæ хъæрæй куыдтой. Мардыл афтæ никуы куыдтой. Мардæрцыд бирæ хæттыты федтой, фæлæ цæст афтæ рахауа, уый сæ никуы ничи федта æмæ æмбу уымæн кодтой. Сæстытæвæрæг Сибистъор баста йæ цæст Симонайæн. Цы зыдта цæст бæттынæн! Уый, стæг саст у æви нæу саст, уый зыдта æмæ-иу уый бабаста. Фæлæ афтæ куыд кастаид лæгмæ! Цæст æрзæбул и цæсгомыл æмæ йæ туг тагъди. Сибистъор æй арæхстгай йæ бынаты бавæрдта, стæй йыл æдде, кæддæр урс чи уыд, фæлæ, йæ урс кæмæн ссыд, ахæм хæцъил тыхта цæст æмæ сæры фахсыл.

Афтæмæй сæ æрæййæфта Калман, йæ цæвæг йе уæхскæй æриса, уымæ дæр нал арæхст, æмæ-иу афтæмæй куы кæй афарста, цы 'рцыди, уымæй, куы – кæй. Стæй йын, сæ фарсмæ чи царди, уыдоны ус йæ цæвæг айста, хæдзары къулыл æй бахъил кодта. Уæд смидæг и хæдзары Калман, фыды цуанон топп раскъæфта, æдде кæйдæр æнæсаргъ бæх лæууыд, ууыл йæхи баппæрста. Мастæй, æвæццæгæн, йæхи хуызæн нал уыди, æмæ йæм дзурын ничи ницы сфæрæзта.

Кæуылдæрты сæ размæ фæци хъалонисджытæн. Æртæ æхсты сæ фæкодта, æмæ æртæ бæхы дæр, сæ афтид æгъдæнцæйттæ сæ фæрстыл хойгæ, сæхи ауагътой ком-ком дæлæмæ. Фæстæмæ хъæумæ нал баздæхт – нæ бафæрæзта, хъæумæ баздæха, уый æмæ ардæм раппæрста йæхи, йæ хосгæрстмæ.

Абон, аходæнафон дæр нæма уыд, афтæ хъæу бæхджынæй байдзаг. Калман уым куынæ разынд, уæд мады акодтой – фыды уыцы ‘хсæв хъæуы лæппутæ далæ Онырдæм цыдæр дохтырмæ ахастой бæхыл. Мадæн йæ къухтæ фæстæмæ нæ бабастой, лæгæн куыд бабæттынц йæ къухтæ, афтæ, фæлæ – размæ. Афтæмæй фæцæйцыди бæхджынты разæй Кæркусон. Йæ урс дадалитæ æркалдысты йæ кæлмæрзæны бынæй, схæцын сыл хъуыди, фæлæ сыл куыд схæцыдаид! Ныхас ныууагътой: кæд Калман йæхи радта хицауады къухтæм, уæд рауадздзысты Кæркусоны, кæннæуæд æй хъоргъы ныппардзысты.

Стæй ацыдысты Калман æмæ Сакъо. Уыцы æнæсаргъ бæхыл сбадтысты æмæ ацыдысты. Калман разæй бадт, йæ фæсонтыл – Симонайы цуанон топп. Йæ дзых уæхскæй дзæвгар фæуæлдæр, æмæ афтæ зынди – æхсын цæуы топмæ, æмæ мæнæ кæм æрхизой бæхæй, уым ахæм гæрæхтæ ныккæндзæн, æмæ сæ хъæр ниугæ æмæ уыраугæ ацæудзæн хæхтыл кæрæй кæронмæ.

– Хорзæй баззай, Хъарадзау, – загъта Калман, бæхы фарсмæ куы ‘рлæууыдысты Сакъоимæ, уæд. – Æвæццæгæн, кæрæдзи никуал... – дарддæр йæ бон дзурын нал баци. Æмæ уый бацагайдта йæ зæрдæ Хъарадзауæн – йæ кæуын рабырста мидæгæй, – хорз уыд, æмæ йæ хурхыуадындзы ныффидар – æддæмæ нæ рахæццæ. Уæддæр-иу йæ сæр ныттылдта – гъомæ цы хуызæн сси! Уæд ын уыйæппæт лæгтæ дисæн куы фæхастой йæ хъæлдзæг ныхæстæ! Зиууæтты къордтæй-иу кæмæ бацыди, уыдонæн-иу уайтагъд сæ кæл-кæл ссыди. Хъарадзау кæм лæууы, уырдæм куы ‘рбафтыд, уæд йæ цæстытæ æрхæстытæ кодта Хъарадзауыл, цыма йæ хъæбысæй хæцын кодтой йемæ, уый хуызæн, стæй йæм бадзырдта:

– Дæлæ кæнай-уæлæ кæнай, ацы лæджы быньдзæфхад, дæ фæстæ мын æнæ алæугæ нæй.

Хъарадзау æм йæ цæстытæ базылдта:

– Æмæ æз куынæ рацыдаин зиумæ, уæд та кæй фæстæ алæууыдаис?

– Уæд – никæй.

– Куыд никæй?
– Тæрсгæ кæнын.
– Цæмæй тæрсыс?
– Цæмæй, куы зæгъай, уæд, мæ дымгæ куы фæхæсса, мæ разæй чи кæрда, уый.

Хъарадзау бахудти, худын æм тынг нæ цыди, фæлæ иннæтæ худтысты æмæ уый дæр бахудти.

– Æмæ дзы мæнæн ницы тас у?
– Цæмæй?
– Дæ дымгæйæ?
– Гъæ, гъæ! – бахудти Калман, æмæ куыд дзæбæх бахудти! Цыма арв ферттывта, йæ фидар дæндæгтæ гомæй аззадысты йæ бæзджынгомау былты мидæг. – Ды цыма хæбæцц фæлæудзынæ, афтæ мæм зыны, æмæ зиуы хæбæцц фæлæудзынæ, уымæй хуыздæр æппындæр ницы и!

Хъарадзаумæ цыдæр дзæбæх фæкастысты Калманы ныхæстæ – хуымæтæг хохаг ныхæстæ, хъазæн ныхæстæ. Истытæ ма куы зæгъид, æмæ йæм бадзырдта:

– Æмæ хæбæцц лæууын æнцон у?
– Чи дын загъта – æнцон у! Æмæ адæмы хуыздæртæ хæбæцц лæууынæй куы аскъуыдысты! – Уым йæ ныхас фæзылдта цæхгæр: – Кæцы хъæуккаг дæ, кæ?
– Стырмæсыггаг.
– Уæдæ фæлæудзынæ, – йæ сæр разыйы æнкъуыст бакодта.
– Стырмæсыггаг йæ цæвæг куы фæдауы, уæд Хæлиудоны хосдзæуттæ зæхмæ сæхи акалынц – тымыгъ, дам, æрбацæуы.

Хосдзæуттæ худтысты – йæ цæвæгимæ чи архайдта, уыдон дæр худтысты, йæ цæвæджы хъæдыл чи анцой кодта, уыдон дæр худтысты. Æмæ йæм бадзырдта Хъарадзау:

– Дæ ном цы хуыйны?
– Гъæ, уæд Арвыкомы хæрæгтæрæгæй фæцæуа, мæныл уыцы ном чи сæвæрдта! Калман, дам! Уæд калмæй хуыздæр мацы ссар!

Стæй алæууыдысты æмæ уыгæрдæны фæтæн цæвæг фестад. Иу уысммæ-иу хуры тынтæ арт суагътой уыйæппæт цæвджытыл. Иннæ уысм-иу фæтæны сæрæй атахт уыцы удфидаргæнæг «чыххыст» æмæ-иу далæ атагъайы фæрвыты бын амидæг.

Хъарадзау расæрфта, бындзарæй сыстыгъта уыцы бæзджын хæрæгдым æмæ адзырдта фæстæмæ Калманмæ:

– Ралæуу!

– Лæууын, уæдæ дæ иунæгæй уадзын? Уæд та дыл исчи фæхъæр кодта æмæ бацъæх дæ!

Уымæн бæрæгдæр у йæ фæндаг. Йæхицæн дзы бæрæгæй ницы и. Кæд æм Сыбыры бинаг къæйæ дæр фыддæр истытæ кæсы, уæддæр æй нæ зоны.

Лæууыди æмæ æмбæрста, йæ цонг куыд уæззау кодта, уый. Схæцыд йæ цонгыл – мæнæ сæ хордзентæ, æвæццæгæн, Калман йемæ фæраст уыдзæн, уый æнхъæл нæ уыди лæппу, æмæ йын хæринæгтæ рахаста.

Касти сæ фæстæ Хъарадзау, цалынмæ фæзилæны фæауuон сты, уæдмæ. Куынæуал æм зындысты, уæд скуыдта – йæ зæрдæ æрбауынгæг и æмæ скуыдта. Лæууыди, хордзентæ йæ къухæй æрдаргъ сты æмæ куыдта. Куыдта, Калман кæй фæцæуы, ууыл; куыдта, Симонайы цæст кæй рахауди, ууыл; куыдта, Дзæгъиан æмæ Мартайы ныхас кæрæдзиуыл кæй нæ бадт, ууыл; куыдта, Тъотъойы кæй сырдта йæ разæй уыцы талынг æхсæв, ууыл.

Нал фендзысты кæрæдзи. Кæм ма фендзысты! Сæ иу иуырдæм фæцæуы, се 'ннæ иннæрдæм ацæудзæн. Сæ иу паддзахы ахæстонмæ цæуы, иннæ та дзы лидзгæ кæны. Кæмæ сæ цы кæсы – чи йæ зоны! Уымæн йæ мады рауадздзысты, йæхи йын Сыбырмæ фесафдзысты.

Систа хордзентæ йе уæхскмæ æмæ араст. Хъуамæ рухсæй ахиза Дзедойыл, кæннæуæд, нæ фæндаг зоны, нæ – æндæр, æмæ йыл афтæмæй куы 'рталынг уа искуы иу æнæраны ран?! Кæддæр ма бæргæ ацыд ацы фæндагыл, фæлæ уый раджы уыди. Уæд хормæ рацыдысты се 'рвадæлты лæг Санахъоимæ. Фыццаг уалдзæг уыд, алчи йæ тауинаг хæрынмæ 'рцыди. Уæд йæ фынддæсæм азы уыд Хъарадзау. Уымæн пут ныккодтой йæ дзæкъулы уыцы лыстæг урс нартхорæй, Санахъойæн та пут æмæ æрдæг, æмæ йæм хардзау æркаст – уæдæ Санахъойы дзæкъулы фылдæр цæмæн ныккодтой! Куы йæ аккой кодта, уæддæр æм рæуæг фæкаст – ай номыл рахызти уыцы бæрзонд хæхтыл! Фæлæ гыццыл куы суади, уæд цыма йæ дзæкъулы дуртæ уыди, уымæй уæлдай йæ фæсонтæ ницуал æмбæрстой. Уæддæр хорз уыди, æмæ йын Санахъо лæдзæг ракодта – далæ æфцæджы рæбын дыууæ лæдзæджы ракодта, иу – йæхицæн, иу та – уымæн. Æмæ йæ æрцардта. Мæнæ лæдзæг нæ уыд – нæ фæфæрæзтаид йæ дзæкъул æмæ ма цы цæсгом равдыстаид стæй?..

Санахъо разæй цыд æмæ йæ ныхæстыл ирхæфста, йæ фæллад ыл куыд нæ стых уа, афтæ. Иу та йын даргъ хабар ракодта. Кæддæр лæппуйæ зымæгон ауылты куыд рацыд, куыд ыл схъызыд, фæндагæй куыд адзæгъæл æмæ кæмдæр къæдзæхы скъуыды куыд аирвæзт.

– Ныр кæуылты ныххаудтæн, уым тымыгъ хъæпæн авæрдта æмæ æрхъарм дæн, мæнæ цыма, гыццыл раздæр арт кæм уыд, ахæм хæдзармæ бахаудтæн. Хъарм æрдæн, фæлæ æнæуи мæхицæн загътон: фесæфтæн. Ме стæгдар дæр мын нал ссардзысты мæхиуæттæ. Æмæ уыцы тасæй афынæй дæн, афтæ афынæй дæн, æмæ мæ къах дæр нал атылдтон. – Санахъо фæстæмæ ракаст Хъарадзаумæ. – Тас ды цы ‘нхъæл дæ? Тасæй афтæ афынæй уыдзынæ, æмæ йæ зонгæ дæр нæ бакæндзынæ! Стæй дæ ахæм ран фехъал кæндзæн, æмæ, мæнæ нæ фехъал дæ, æнæ сæфгæ дын Хуыцау хос нæ загъта.

Иуафон æрыхъал дæн, уæдæ цы уыдаид. Мæ алыварс талынг, уæддæр æрæмбæрстон, кæм дæн, уый. Лæдзæг мæм уыд æмæ дзы мæ сæрмæ мит срæхуыстон. Æмæ мæм лæдзæджы стæвдæн рухс фæмидæг и мæ къæдзæхы згъуыдмæ. Уырдыг мæм ныллæуыд уыцы сызгъæрины хуызæн рухс. Царды цин цы у, уый, æвæццæгæн, гъеуæд бамбæрстон мæ царды мидæг фыццаг хатт...

Цыди Хъарадзау. Кæдæм цæуы, уый нæ зыдта, цæмæ цæуы, уый дæр нæ зыдта, уæддæр цыди. Йæ зæрдыл-иу æрбалæууыд, уыцы талынг уынджы Тъотъойы куыд фæцæйсырдта, уый. Нæ йæ уыдта, афтæмæй йæ сырдта. Уымæй зындæр ницы и. Кæй сурыс, уый куынæ уынай, æмæ йæ афтæмæй куы сурай!

## 15

Дурыл уыйбæрц хъуына æрхæцыд – уыцы фæлмæн цъæх хъуына – æмæ Хъарадзаумæ афтæ фæзынд: чидæр йæ ерджен æхсынмæ æрхаста донмæ, ныхсадта йæ æмæ йæ дурыл айтыгъта – уадз æмæ ам асур уа дуры уæлæ. Хъарадзау æм касти, касти, стæй йыл йæ хордзентæ æрæвæрдта. Йæ цухъхъа раласта æмæ йæ дуры кæрон уырмæ баппæрста. Лæууыд æмæ ракæсбакæс кодта фæйнæрдæм.

Уартæ рындзыл – хъæу, æнахуыр хъæу. Хæдзæрттæ агъуыст не сты. Сæхимæ куыд сты агъуыст хъуарийæ, афтæ нæ, фæлæ – тъæпæнсæр. Агъуыстæн йæ кой дæр нæй. Æмæ ма уымæй

диссагдæр цы уа! Хæдзар уа æмæ агъуыст ма уа! Ноджы сæ уæлæ цыдæртæ амад – уыцы уæлхæдзæрттæн – тъæпæн сты ‘мæ сыл уыйбæрц дæр амай! Æмæ сæ, цымæ, тæдзгæ нæ фæкæны мидæгæй къæвда куы рацæуы, уæд? Куыд нæ сæ хъуамæ тæдза! Æмæ ма уыдоны агъуыст хæдзæртты дæр куы ‘ртæдзы, уæд адоны цы ‘ртæдзын хъæуы æнæ агъуыстæй! Лæууыд Хъарадзау æмæ хордзентæм касти. Æвналгæ дæр сæм нæ бакодта Калман. – Хæрыныл ма уыди! Афтæ йын сæ радтой хордзенæйæндæрæй. Æмæ сæ афтæ рахаста Хъарадзау дæр – йе уæхскыл сæвæрдта хордзен æмæ йæ рахаста. Æмæ дис кодта: уæдæ знон йæ зæнгтæ дыдæгътæ куы кодтой йæ быны, уæд ма куыд рахызти Дзедойы сæрты. Æвæццæгæн уыцы хордзены ныфсæй. Ома, мæнæ æрбаддзынæн, кæм мæ бафæнда уым, æмæ бахæрдзынæн, цас мæ фæнда, уыйбæрц, фæлæ никуы æрбадти æмæ никуы бахордта. Цыди æмæ цыди. Кæнæ та, чи зоны, кæугæ кæй фæкодта, уымæй дæр фæфидардæр сты йæ уæнгтæ. Кæугæ бирæ фæкодта – фыццаг Калманимæ фæкуыдта, стæй, уыдон куы ацыдысты, æмæ йæ зæрдæ куы суынгæг, уæд та иунæгæй фæкуыдта. Уый гæнæн дæр ис, æвæццæгæн. Чи зоны, кæугæ дæр уый тыххæй фæкæнынц адæм, æндæра, чи зоны, нæ кæниккой кæугæ. Æппындæр нæ кæуиккой, чи зоны, фæлæ фæфидардæр вæййынц æмæ уымæн кæуынц.

Лæууыди æмæ фæйнæрдæм рахæсс-бахæсс кодта йæ цæстытæ: исчи куы фæзынид, уæд сисид йæ хæринæгтæ. Хъæбæркæрдзынтæ дзы ис æмæ цыхт, афтæ загъта Сакъо – æфсæрмытæгæнгæ, дзырдта – æмæ иу авджыдзаг арахъхъ. Æвæццæгæн, хуыздæр истытæ кæй нæй хордзены, уымæй æфсæрмы кодта.

Уæлæ хъæуæй уыцы уырдзыд тæссары цы хъæбæр фæндаг радаргъ, ууыл æрцæуы иу хæрæгуæрдон, æмæ базмæлыд Хъарадзау – бацæуа уæрдонджыны размæ, бахата лæгмæ æмæ йын кæд сразы уа, уæд æй æрбаздаха. Æмæ йæ къæхтæ дуртыл къуырттыгæнгæ араст и уæрдонвæндагмæ. Уæрдоны бадти ацæргæ лæг, бадти, уæрдоны куыд фæбадынц, афтæ – гыццыл размæ гуыбыр æмæ зарыди:

*Уæд, зæгъы, Хетæг йæ уæрджытыл*
*Куы æрхауы æмæ галы богъау*
*Йæ богъ куы фæцæуы,*
*Уæй, Хетæгæн, зæгъ, йæ бон*
*Хъæдмæ нал у.*

*Фæлæ, зæгъы, хъæд*
*Йæхæдæг, йæхæдæг – Хетæгмæ!..*

Лæг зарыд сабыр – йæхицæн зарыд æмæ кæдæм хъæр кодтаид! Фæлæ Хъарадзаумæ дзæбæх хъуысти – уый зарæджы гакк у, æвæццæгæн – дард хъуысы. Ныхас хъæрæй куы зæгъай, заргæ сабыр куы бакæнай, – уæддæр зарæг дарддæр фехъуысдзæн. Æмæ хъуыста уыцы сабыр фæлмæн зарæгмæ Хъарадзау. Йæ удызмæлдæй фæлмæн нæ уыди зарæг, фæлæ йæ лæг фæлмæн зарыд, æнахуыр фæлмæн æй зарыд, цыма тæригъæд кодта Хетæгæн æмæ йыл йæ зарынæй бааудæн кæнынмæ хъавыд.

*Уæд, зæгъы, хохы фахсæй*
*Æгас тъæпæн куы раскъуыйы,*
*Æгас тъæпæн, зæгъы,*
*Къæскъæсгæнгæ куы рацæуы арвы талынгты.*
*Æмæ далæ Куырттаты дæлвæзы астæу*
*Йæхи куы æруадзы Хетæджы уæлæ.*

Хъарадзау никуы фехъуыста уыцы зарæг æмæ дис кодта – куыд никуы йæ фехъуыста? Æвæццæгæн æй уыдонмæ нæ зарынц, Къуыдаргомы. Æмæ йæ цæмæннæ зарынц, цымæ? Уым хорз сфидауид ацы зарæг, тынг хорз сфидауид, уым. Уым алы зарæг дæр хорз фидауы.

*Уæд, зæгъы, Хетæджы сурджытæ*
*Фырдисæй суртæ ‘мæ сутыртæ куы райдайынц,*
*Ыстæй, зæгъы, фæстæмæ*
*Фæкæсфæкæсгæнгæ, Æрджынарæгмæ*
*Сæ ных куы саразынц.*

Уæрдон нал зынд, фæлæ ма зарæджы азæлд хъуысти. Хъарадзау лæууыд фæндаджы хъæбæрыл æмæ хъуыста, зарæг куыд зæлыд, уымæ. Уæрдонджыны размæ цæмæ рацыд, уый дзы ферох и. Æмæ, дам, раскъуыди æгас тъæпæн. Цымæ, афтæ гæнæн ис, æмæ хохы фахсæй æгас хъæды тъæпæн раскъуыйа? Куыд хъуамæ раскъуыйа хохы фахсæй æгас тъæпæн? Фæлæ, кæд нæ раскъуыд, уæд æй чи æрхъуыды кодта? Цæмæн бахъуыд искæй, æмæ йæ æрхъуыды кæна? Стæй йыл чи бауæндыдаид, кæд нæй афтæ гæнæн, уæд?! Иу дæр ыл нæ бауæндыдаид, æмæ йæ кой нæ райхъуыстаид. Фæлæ раскъуыди, æвæццæгæн, уыцы тъæпæн. Уымæн раскъуыди, æмæ афтæ хъуыди – хъуамæ рас-

къуыйа! Фæлæ йæ, цымæ, сургæ та чи кодта уыцы Хетæджы? Цæмæн æй сырдтой, æмæ йæ, цымæ, кæцæй расырдтой? Æмæ сын, цымæ, цы кодта, чи йæ сырдта, уыдонæн? Æмæ сын, ныр, цымæ, исты знаггад куы ракодтаид, уæд дæр раскъуыдаид хохы фахсæй уыцы стыр тъæпæн æд бæлæстæ æмæ йæ æрæмбæхстаид? Æвæццæгæн, уæд нæ раскъуыдаид æмæ йæ не 'рæмбæрзтаид. Æмæ скъуыйгæ уымæн куы ракодта, уæд, æмæ сæ кæй ницы баджиздардта, афтæмæй йæ кæй сырдтой.

Йæ хордзентæ æмæ йæ цухъхъа кæм уыдысты, уырдæм куы 'рбаздæхт, уæд йæ цæстытæ æрхæцыдысты – уартæ хъæуæй донмæ цы фæндаг æрцæуы, ууыл рауырдыг и дæргъæй-дæргъмæ сылгоймæгты хал. Хъарадзау сæм кæсгæйæ баззад æмæ равзæрста – кæд сæ фæсонтæй уæлæмæ нæ зынди цыдæр æнахуыр къæртагæндтæ. Иугæр фæндаг донмæ цыд, уæд сылгоймæгтæ дæр донмæ цæудзысты, хъуыды кодта Хъарадзау. Æмæ сæ фæсонтыл уыцы къæртатæ та сæ донгæрзтæ сты, æвæццæгæн. Æмæ, цымæ æнæуи къæртаты цæмæннæ хæссынц дон, уыдонмæ цы къæртаты хæссынц дон, ахæм къæртаты. Къæрта кæм бафæллайай, уым æрæвæр æмæ аулæф, фæлæ ахæм къæрта куыд æруадздзынæ дæ фæсонтæй зæхмæ, стæй ма йæ фæстæмæ куыд сисдзынæ! Науæд æй кæм æрæвæрдзынæ, куы йæ æруадзай зæхмæ, уæд? Уыцы къулы нæ фæтулдзæн дæ къæрта? Куыд нæ дын фæтулдзæн?! Уæдæ уый тыххæй хæссынц сæ къæртатæ сæ фæсонтыл, уый тыххæй, æрæвæрæн сын кæй никуы и, уый тыххæй. Æнæуи та фæсонтыл хæссын æнцондæр у, бирæ æнцондæр.

Донбылмæ куы 'рхæццæ сты, уæд сæ къæртатæ рæгъ-рæгъы авæрдтой – уыдонмæ цы къæртаты хæссынц дон, уыдонæй бирæ даргъдæр, æнæуи та лыстæгдæр уыдонæй. Стæй устыты 'хсæнæй иу урскæлмæрзæнджын фæхицæн кодта йæхи æмæ сын сæ къæртатæ донæй дзаг кæнын байдыдта. Устытæ сæхæдæг кæрæдзи æнцæйтты сæхи зæхмæ æруагътой. Хъарадзау касти, уыцы урскæлмæрзæнджын сылгоймаг сын сæ къæртатæ куыд дзаг кодта, уымæ æмæ цыдæр цин сабухта кæмдæр йæ мидæг, афтæмæй йæ цæстытæ та сыгæй байдзаг сты. Уыцы урскæлмæрзæнджын æм кæд нæ фæзынд Мартайы хуызæн. Йæ цæсгом ын нæ уыдта, æнæуи йе змæлдæй Мартайы хуызæн зынди. Уый дæр иу афтæ кодта: донмæ-иу кæимæ ныццыд, – цалфæнды уыдаиккой – цалынмæ-иу уыдоны къæртатæ байдзаг кодта æмæ сæ уæл-

былмæ сдавта, уæдмæ-иу йæхи къæртатæм нæ бавнæлдта.

Æмæ скуыдта Хъарадзау, хъæрæй скуыдта æмæ, куыд лæууыд, афтæ æрбадти – куыд æй ныууагъта, куыд дзы фæлыгъди?! Куыдта æмæ йæ фæнд фидарæй фидардæр кодта – мæнæ ныртæккæ куыд куыддæр фæуа, афтæ сыста, йæ хордзентæ йе уæхскыл баппара, йæ цухъхъа йæ дæларм бакæна æмæ йæ фæдфæд араст уа фæстæмæ! Уым сбада йæ ингæны был æмæ бада. Стæй йæ уым æрцахсæнт, кæд æй ахсой, уæд. Æмæ йæ уырдыгæй акæнæнт, кæдæм æй кæной, уырдæм! Кæдæм фæнды йæ акæнæнт æмæ йын цыфæнды кæнæнт!

Стæй йын чидæр йæ къух йæ уæхскыл æрæвæрдта – стыр къух, хъарм къух, æмæ йæм æрыхъуыст:

– Кæуыны лæппу нал дæ, цыма, уæдæ кæуыны лæг дæр нæма дæ, æмæ дын уæд уыдон цы хуызæн куыдтытæ сты?!

Хъарадзау йæхиуыл схæцыд, слæууыд, йæ цæссыгтæ сæрфта æмæ фæхæц-фæхæц кодтой йæ цæстытæ лæгыл – бæрзонд, бæзæрхыгарæзт. Хохаг уæззау куыстытæ кæй не ‘ртасын кодтой, ахæм лæг. Йæ сау боцъойы иугай урсытæ фæзынд æмæ, цыма, æфсæрмы кодтой, кæй фæзындысты, уымæй, уыйау æмбæхсæгау кодтой сау хилты ‘хсæн. Йæ куырæт ын цыма уынгæгад кодта, афтæ фæзынд Хъарадзаумæ, стæй цыма хъæды тæф цыди йæ куырæтæй.

– Æнæ фыдбылыз у!

– Бузныг! – тыхтæ ‘мæ фыдтæй сфæрæзта Хъарадзау.

– Сбад, бæлццон дæ, куыд кæсын, афтæмæй æмæ фæллад уыдзынæ.

Æмæ батыхст Хъарадзау: ныр æй фæрсынтæ куы райдайа истæмæйты ацы лæгау лæг, уæд ын цытæ дзурдзæн? Дзурын нæ, фæлæ йæм улæфын дæр куынæ цæуы. Стæй йæ æвдæлгæ дæр куынæ кæны уыдæттæм. Цæуын æй куы хъæуы! Уæд йæ цæстытæ æрхæцыдысты хордзентыл, æмæ базмæлыд Хъарадзау, бакасти лæгмæ – æгæрæй æгæр уыдзæн ацы боцъоджын лæг æмбалæн. Æфсæрмы дæр дзы кодта цæмæйдæр æмæ дзы цæмæйдæр тæрсгæ дæр кодта. Уæддæр æм чъызгæ хъæлæсæй бадзырдта:

– Мæнæ ам фæндаггаг къæбæртæ ис, æмæ дын кæд зын нæу, уæд аходæн иумæ бахæрæм. Æмæ ма йæ ныхасыл бафтыдта: – Мæнæн тынг стонджы у.

Лæг бахудти, æнкъард худт бакодта, фæлæ йыл уый дæр фидыдта, уыцы æнкъард худт дæр.

– Цымæ нæ кæмæн стонджыдæр у нæ дыууæйæ – дæуæн æви мæнæн?

Æмæ æрæвнæлдта хордзентæм Хъарадзау, хъæбæр кæрдзын æрсæстытæ кодта хордзены цæстыл, хъамайы кæрддзæмы чъылдымæй кард сласта, цыхт дзы æркарста. Систа авг æмæ сыкъа дæр. Авджы къæрмæг сæфтыдта, арахъхъæй сыкъа æрыдзаг кодта. Лæг айста сыкъа æмæ йæм æнкъардæй касти, цыма йæ цы фæкæна, уымæн ницы зыдта, уый хуызæн.

– Хуыцау дын баххуыс кæнæд, лæппу! Зыны дыл – æфхæрд баййæфтай, æмæ дæ ныр та Хуыцау рæвдаугæ куыд бакæна, уыцы амонд дын а бæсты рухс дзуæрттæ зæгъæнт! – Стæй бануæзта сыкъа æмæ йæ радта Хъарадзаумæ.

– Дæхæдæг дæр дзы ануаз.

– Æз никуы бануæзтон.

– Æз дæр, цалынмæ бануæзтон, уæдмæ никуы бануæзтон, – дзургæ-дзурын хъæбæр кæрдзыны къæбæр æмæ цыхты къæртт систа йе стыр къухтæм лæг. Фæстæмæ истытæ дзура уый хуызæн лæгмæ, уымæ йæ ныфс нæ бахаста Хъарадзау, сыкъа йе 'рдæджы онг скодта æмæ йæ ануæзта. Стæй багуыбыр сты хордзены цæстмæ. Æууылдтой уыцы хъæбæрфых хъæбæр кæрдзын æмæ уыцы хъæбæр цыхт, цыдæрхуызон æмхуызон æууылдтой, цыма сæ кæмдæр, хъæбæр кæрдзын æмæ цыхт куыд æууилын хъæуы, ууыл ахуыр кодтой. Стæй афтæ æууилгæ-æууилын бакасти Хъарадзаумæ лæг.

– Дæ ныхасыхъæдмæ гæсгæ ардыгон нæ дæ.

– Нæ дæн ардыгон, – æууилгæ-æууилын æм бадзырдта Хъарадзау дæр. – Къуыдаргомæй дæн.

– Æмæ дæ цы хур-цы къæвда рахаста Къуыдаргомæй?

Хъарадзау бафиппайдта: абондæргъы йæм хæрын куыд цыди, ныр та йæм кæд æмæ не 'рцыди афтæ дзурын! Кæй йæ бафарста, уый дæр ын æхсызгон уыди. Йæ кæрдзыны къæбæр æмæ йæ цыхты къæртт хордзены цæстыл æрæвæрдта æмæ йæ сæр ныттылдта:

– Хур нæ – къæвда. Ахæм къæвда мыл æрцыд, æмæ нал, кæм дæн, уый зонын, нал – кæдæм цæуон, уый.

Уыцы ныхæстæм лæг ныууынæргъыдта, афтæ ныууынæргъыдта, цыма йæ хъæлæсæй судзгæ цæхæр скалынмæ хъавыд. Хъарадзауæн йæ сæрыхъуын арц сбадт. Уагæры цы сæмбæлд ацы стыр æмæ тыхджын лæгыл та?! Уыцы фидарбын цырыхъ-

хъыты чи ралæгæрд-балæгæрд кæны ацы дурджын фæндæгтыл! Уартæ йын йæ куырæт дæр къуындæгад куы кæны, дзæбæх дзы куынæ цæуынц йæ фидар уæнгтæ! Æмæ йæ бафæрсынмæ хъавыд, уагæры ууыл та цы 'рцыд, фæлæ йæ ныфс нæ бахаста, бафæрса йæ, уымæ, æмæ йæ уæдмæ бафарста лæг йæхæдæг:

– Дæ мыггаг кæмæй у?

– Уадитæй, – загъта Хъарадзау æмæ йæ, цæмæй нæуæгæй мауал бафæрса, уый тыххæй йын загъта йæ ном дæр.

– Бирæ цæр, Хъарадзау, æз та Нарыхъæуккаг дæн, Хетæггатæй, Леуан. Æмæ дæуыл та цы фыд æрцыд, куынæ йæ урс федтай нырма цардæн, куынæ – йæ сау!

– Федтон ын йæ урс дæр æмæ йæ сау дæр. Йæ урс мæм иу зынд фæкодта æмæ дзы фæрухсдзаст дæн, афтæмæй мæ йæ сау æрæййæфта æмæ мæ йæ быны ауыæрста, – æмæ цыма дзурынмондаг уыд æмæ нырмæ дæр йæхи тыххæй урæдта, уыйау дзурыныл схæцыд æмæ йын бауромæн нал уыд, цыма хæхты сæрты уымæн рахызт, цæмæй ацы дзæбæх лæгæн йæ хъæстытæ фæкæна. Иууылдæр ын сæ фæкæна, мацы дзы басусæг кæна!

Леуанæн йæ сæр йе уæхскыл æркъул и, афтæмæй йæм хъуыста.

Куы æрлæууыд йæ ныхасæй, уæд Леуанмæ бакаст, бахудти йæм, гыццыл стырмæ куыд бахуды, афтæ.

– Бахатыр кæн, бирæ фæдзырдтон. Æвæццæгæн мæ уыцы арахъхъ бацыбæл кодта дзурынмæ, стæй, дам, мæстджын дзураг у, мæгуыр – хæраг! Афтæ нæм дзурынц махмæ.

– Уæдæ ныл иу Хуыцау куы рахæтыди, ме 'фсымæр, æмæ нæ иу арв куы ныццавта!

Хъарадзау дзурын ницуал сфæрæзта æмæ сыкъа æрыдзаг кодта. Æмæ айста сыкъа Леуан.

– Рухсаг уæд Марта, уыцы дунейы цы хуыздæр и, уымæй хайджын уæд. Дæуыл та хæрзаудæн фæкæнæд. – Стæй фæкъул кодта сыкъа, æмæ дзы, кæрдзыныл цалдæр æртахы куы 'рхауди, уæд æй бануæзта. Æмæ та уæд сыкъайы æрдæг æркодта йæхицæн. Хъарадзау дæр «рухсаг у» зæгъынмæ хъавыд, фæлæ дзурын не сфæрæзта, сыкъа къæбæрмæ æркъул кодта, йæ цæстытыл сыг бадт, æмæ дзы исты æртагъд – нæ дзы æртагъд, уый нæ базыдта, афтæмæй йæ бануæзта. Стæй та фæйнæ къæбæры æмæ фæйнæ цыхты къæртты систой, бадтысты æмæ æууылдтой. Иуафон йæхиуыл схæцыд æмæ Хъарадзаумæ бакасти Леуан.

– Æз хæстон лæг дæн. Бирæ тугуарæнтæ баййæфтон æмæ сын ныффæрæзтон, фæлæ мыл ныр цы тугуарæн æрцыд, уымæн ма ныффæразон – нæ мæ уырны. – Гыццыл абадти æнæдзургæйæ æмæ та райдыдта: – Хатт мæм куыд фæкæсы, Хъарадзау, уый зоныс? Цыма, адæймаджы бон цас хъизæмæрттæ ныффæразын у, уый церд мæныл фæлвары. Уартæ мæ цыппар къахыл цæуын куы байдыдтон æмæ нæ уæлхæдзарæй куы рацæйхаудтæн, уæд мыл райдыдта йæ фæлварæнтæ кæнын. Æндæр исчи куы уыдаид мæ бæсты, уæд рахаудтаид, фæлæ æз нæ рахаудтæн, уымæн нæ рахаудтæн, æмæ ма уæд кæуыл кодтаид йæ фæлварæнтæ?! Уæдæй ырмæ цы фæндæгтыл фæсæпп-сæпп кодтон! Уæдæ-иу уартæ Венгерты хæсты ахæм ныббырстытæ уыд, æмæ-иу не 'рдæг дæр нал раздæхти. Уым-иу баззадысты хæсты быдыры. Æз та-иу раздæхтæн. Уый фæстæ ам куы райдыдтон кусын, милицийы, уæд дæр мæм цал хатты ныккастæуыди топпы кæсæнæй!

– Уæлхæдзарæй та куыд рацæйхаудтæ? – куыддæр фæлæууыд Леуан йæ ныхасæй, афтæ йæ афарста Хъарадзау – иннæ хъуыддæгтæ йæм дард уыдысты æмæ йæм афтæ нæ бахъардтой. Уæлхæдзарæй куыд рацæйхаудта, уый йæм тынгдæр бахъарыд, стæй, удæй дæр, æвæццæгæн, уæлхæдзармæ æввахсдæр уыд.

– Куыд рацæйхаудтæн! Куыд рацæйхауынц! – цыма бустæ кодта Хъарадзауыл дæр, афтæ загъта Леуан. Уæддæр бацырен и Хъарадзау, йæ къухæй хъæумæ ацамыдта.

– Сымахæн дæр уартæ афтæ тъæпæнсæр сты уæ уæлхæдзæрттæ?

– Тъæпæн нын сты махæн дæр, уæдæ нын цы сты!

– Æмæ уыцы тъæпæн уæлхæдзарæй куыд хъуамæ рахауа лæг?

Æмæ йæм бадзырдта хъæрæй Леуан:

– Лæг нæ уыдтæн, нæ, сывæллон уыдтæн, гыццыл сывæллон.

– Æмæ, кæд гыццыл сывæллон уыдтæ, уæд уæлхæдзар цы ми кодтай?

– Цы ми дзы кодтон! Фыд уым лæууыд æмæ мæ мад уырдæм сдавта, фыды цур мæ фæуагъта, йæхæдæг йæ митæм фездæхт. Фыд йæ царды сагъæстыл уыд, æвæццæгæн, мæнмæ йæ уый бæрц не 'вдæлди. Æз мæ цыппар къахыл кæм размæ цыдтæн,

кæм – фæстæмæ. Афтæмæй былыл балæууыдтæн. Уæлувадæй æддæмæ мæхи адардтон. Фыд мæ ауыдта, бауад мæм æмæ мын мæ хæдоны фæдджийыл къахæй ныллæууыд. Æз уæдмæ былæй федде дæн æмæ ауындзæгæй аззадтæн. Цъæхахст кодтон, уæдæ цы кодтаин. Фыд куыд нæ фæтарстаид! Лæууыд æмæ фæйнæрдæм ракæс-бакæс кодта, кæд исчи фæзынид мæ цъæхахстмæ, кæннæуæд уæд та йе скъуыйгæ акодта мæ хæдон, йе дзы искæуылты æлвæсгæ фæкодта мæ сæр.

– Æмæ бæрзонд уыди уæ уæлхæдзар?! – Хъарадзауæн йæ цæстытæ сæ тыбар-тыбурæй нал æнцадысты.

– Бæрзонд уыди, уæдæ цы уыди! Уыцы уырдыджы далæ кæцæй ссыди уыцы къуырма сис!

– Гъомæ дæ йæхæдæг цæмæннæ иста дæ фыд?!

– Йæхицæн æгъдау нæ амыдта.

– Цы йын нæ амыдта æгъдау?

– Мæн систаид йæ хъæбысмæ, уый.

– Цæмæннæ?

– Афтæ, худинаг уыд, искæй цур дæ сывæллоны дæ хъæбысмæ сисай, уый.

– Стæй цы фæдæ?

– Стæй мæм дондзау устытæ фæфæдис сты, кæрæдзиуыл хæцгæ авнæлдтой уæлувады сæрты æмæ мæ систой.

Хъарадзау æхсызгон улæфт ныккодта, бакаст Леуанмæ. Ныр сыст æмæ йæ дæ хъæбысы ныккæ! Тынг æй ныккæ дæ хъæбысы, уартæ йæ куырæты хуыдтытæ куыд атындтытæ уой, афтæ йæ ныккæ, гъе, дæ хъæбысы, кæй нæ рахауди, кæй йæ систой уыцы дзæбæх дондзау устытæ, уый тыххæй. Фæлæ йæм нæ сыстади, нæ йæм бауæндыди – куыд сыстадаид хъуамæ уый хуызæн лæгмæ æмæ йæ куыд ныккодтаид йæ хъæбысы, исты сæхи стырмæсыггаг лæгтæй куынæ уыди исчи! Афтæмæй йæ куыд тынг фæндыд, куы йæм сыстадаид, уый! Æмæ йæм иугæр нæ сыстади, уæд та йæ уыцы уæлхæдзары кой кæнын æрфæндыд. Истытæ ма куы радзурид сæ уæлхæдзары тыххæй! Уæдæ уый хуызæн бæрзонд уæлхæдзар уыд, уый хуызæн гыццыл лæппу дзы рацу-бацу кодта йæ цыппар къахыл!

Æмæ та-иу бакасти Леуанмæ – уæдæ нал скæна сæ уæлхæдзары кой амæй уæлдай. Фæлæ Леуан бадти æмæ бадти. Стæй иуафон ныдздзынæзта хъæрæй:

– Æз цы бонтæ арвыстон! Æниу бонтæ цæмæн зæгъын –

æхсæвтæ! Баиу мын сты бонтæ ‘мæ æхсæвтæ æмæ сæ æхсæвтæ рауади – даргъ æхсæвтæ, фыдæхсæвтæ.

Æмæ бамбæрста Хъарадзау: дысон хуысгæ нæ кодта Леуан дæр, бадти хъæды, рацу-бацу кодта хъæды – хъæды тæф дæр уымæн æрбахаста йæ уæлæ.

Зынæвгъæд разынди Гуыбиан. Хъæуы устытæ йыл æртымбыл сты, ратул-батул æмæ йæ раиваз-баиваз кодтой. Æмæ уый æнхъæл нæ уыди Леуан, æндæра Дзæуджыхъæумæ арвыстаид дохтырмæ. Бæх æм арвыстаид æмæ æрбацыдаид бæхыл. Фæлæ уый хуызæн æрыгон адæймаг, уый хуызæн æнæниз æмæ йын уыдæттæ æнхъæл уыд!

Уым æрлæууыд Леуан, æмæ бамбæрста Хъарадзау: йæ дзуринæгтæн сæ зын ранмæ бахæццæ и. Дарддæр дзурын нал фæрæзта æмæ йæ тæригъæдæй йæ кæуын йæ былалгъмæ схæццæ Хъарадзауæн. Афтæ абадтысты иуцасдæр, Леуан зæхмæ касти, Хъарадзау – Леуанмæ. Уæд йæ сæр ныттылдта Леуан æмæ йæ цæссыгтæ фæрдгуытау фæтахтысты фæйнæрдæм, стæй ныдздзынæзта:

– Æмæ мæ артыл дон ацыди! – Уыцы ныхæстæ сфæрæзта зæгъын, æндæр ницы. Бадти æмæ улæфыди, æмæ-иу йæ куырæт адымсти йæ уæнгтыл. Улæфыди, æмæ афтæ зынд, цыма йын улæфыны йеддæмæ ницуал хъуыддаг и ацы зæххыл. Æрæджиау бынтондæр æндæр хъæлæсæй куы байдаид. Хъарадзау æм кæсгæйæ баззад – йæхи хъæлæс цы фæци?! Ай цыдæр цауд æмæ хауд хъæлæс куы у! Æмæ йын фæхабæрттæ кодта уыцы æндæр хъæлæсæй, – зæрдæ сæ хæлди, ахæм хабæрттæ йын фæкодта. Хъарадзауæй кæм уыди-цы уыди, уыдæттæ ферох сты. Хъуыста йæ алы ныхасмæ дæр Леуанæн, æмæ цыма уыцы фыдæбоны бон уым уыди, Нары уыди цыма, уыдоны хæдзары уыди цыма – йæ цæстыты раз лæууыди, уæд цы змæлд уыди хæдзары, уый, æмæ дзы цы ныхæстæ æрцыди, уыдон зæлыдысты йæ хъусты.

Иуафон, дам, йæхиуыл рахæцыди йæ уаты Гуыбиан æмæ Чендзейы куы федта – Чендзе, далæ Цымийы цæрæг Дзапарты Михелы чындз уыди, чызгæй та Туатæй уыди. Уыимæ уæлдай адджын уыдысты кæрæдзийæн. Æмæ, дам, радзырдта Чендземæ йæ уатæй, уыцы дзæбæх сыгъдæг хъæлæсæй, дам æм радзырдта æмæ, дам, хæдзары цыдæриддæр ус уыди, кæсгæйæ йæм баззадысты.

– Уарзыс мæ, Чендзе?

Уый, дам, йæ цæнгтæ дзуарсавæрд акодта йæ риуыл.

– Мæгуыры бонтæ, Маро, уый та цытæ дзурыс?! Куыд нæ дæ уарзын!

Æмæ та, дам, уæд дзуры уыцы сыгъдæг хъæлæсæй:

– Уæдæ дын цы бафæдзæхсон, уый бакæндзынæ?

– Куыд нæ йæ бакæндзынæн!

– Уæдæ-иу мын сывæллоны мæ роны бавæр.

Туайонæн йæ хурхыуадындзтæ ахгæдтой, сулæфа ма, уый йæ бон нал баци – æвæццæгæн ын уæды онг мæлынæй нæ тарсти. Йæхи фæскъулмæ раппæрста, уым йæ рустæм фæлæбурдта, афтæмæй, дам, æм уырдæм хистæртæй кæйдæр ныхас куы 'рыхъуысид уæлхæдзарæй:

– Куы 'рæнцайа йæ мæгуыр уд, уæд ын сывæллоны йемæ бавæрут, уæддæр цæрæццаг нæу.

Туайон ма, мæгуыр, уыцы ныхас фехъуса – фæстæмæ хæдзары смидæг. Уæдмæ уымæн æрæнцади йæ уд, устытæ æмбу систой. Сывæллон йæ мады риуыл ныддæлгом, кæуын йæ бон нал уыд æмæ йæ гæндзæхтæ цагъта. Чендзе йæ раскъæфта мады риуæй, йæ тæрттæ фегом кодта, йæ дзидзи сывæллоны дзыхы атъыста, æмæ фæсабыр и сывæллон æмæ дзидзи дæйын байдыдта.

Хъарадзауы æрфæндыди, тынг æй æрфæндыди – ныр исты хорзы бацу ацы дзæбæх лæгæн! Уæд та йын цума куы бакæнид, исты цума йын куы бакæнид æмæ куы адугъ кæнид Хъарадзау. Куыд дзæбæх ын фæкодта йæ хабæрттæ, куы! Цыма йе 'мсæр лæг у Хъарадзау! Цыма уый дæр уалæ Уырысы паддзах уартæ фæсарæнтæм арвыста йæ хæстон хъуыддæгтæ аразынмæ! Фæлæ йын цы хорзы хъуамæ бацæуа, цы у йæ бон! Æмæ йæм уæд сабыр-сабыр бадзырдта:

– Стæй цы фæци?

– Сывæллонæй мæ фæрсыс? – йæ хъæлæс фæбаддæр Леуанæн.

– Гъо.

– Уыдонмæ, Михелтæм. Ахаста йæ Туайон – кæмæн æй ныууагътаид! Фæлæ йын авдæн нæй, æмæ йæ мæгуыр уд фыдæбойнаг фæци.

– Æмæ сæм авдæн нæй Михелтæм?

– Ис сæм, куыд нæ сæм и, фæлæ сæхимæ дыууæ сывæллоны ис. Нырма йе 'фсин дæр зæнæг кæны Туайонæн.

– Гъомæ искæмæй ракурæнт! Афтæ зын курæн у авдæн?!

– Курынц, фæлæ ничи дæтты.

– Цæмæннæ?! – бадис кодта Хъарадзау.

– Цы дын зæгъон! Æвæццæгæн æй йæ мадимæ æвæринаг кæй уыдысты, уымæй цæмæйдæр тæрсынц. Стæй ма дзы уый дæр и, чи зоны ‘мæ йын, фервæздзæн, уый æнхъæл не сты. Æмæ дын искæй сывæллон цы авдæны амæла, уым ма дæхи сывæллон цы зæрдæйæ бабæтдзынæ?..

Æмæ ныссагъæс кодта Хъарадзау: Ныр кæм ссардæуа авдæн?! Æмæ йæ хъуыдыйы смидæг: ныр фæцагай Стырмæсыгмæ, уым сæ царæй æрис сæ авдæн, сæхи сын кæм уызтой æртæйæ, уыцы фидар авдæн æмæ йæ ам æрбалæууын кæн! Фæлæ уый гæнæн нæй. Æмæ уæдæ цы гæнæн и?!

– Уæдæ цы ми кæндзæни æнæ авдæн?

– Кæд Салугæрдæнмæ фервыстæуа искæй? Фæлæ исчи Салугæрдæнмæ цæудзæн, уым авдæн агурдзæн, уæдмæ... – йæ дзуринаг йæ хъуыры ныссагъд Леуанæн æмæ йæ зæгъын нал сфæрæзта. Йæ цæнгтыл схæцыд æмæ сæ йæ уæрджытыл æрæппæрста.

Æмæ йæ зæрдæ ныррызти Хъарадзауæн уыцы цæнгты æвæрæз æрæппæрстæй – сыста, искæмæ бабырса æмæ сын сæ авдæн тыхæй рахæсса!

Æмæ та бакасти Леуанмæ.

– Чызг у ‘ви лæппу?

– Лæппу.

– Гъе-гъе, уæдæ! – гыццыл лæппуйы хъæр сирвæзти Хъарадзауæй æмæ фефсæрмы. Уæддæр йæ цæстыты цыдæр цин ферттывта. – Ном ыл сæвæрдтат?

– Ном ыл бæргæ сæвæрдтам.

– Цы йыл сæвæрдтат?

– Къоста.

– Хорз ном у Къоста, цыбыр æмæ фидар ном. – Стæй авг систа Хъарадзау, цы арахъхъ ма дзы уыд, уый сыкъамæ рауагъта. – Къостайæн акув!

Æмæ айста сыкъа Леуан.

– Кувæг Хуыцау дын дзæбæхæй скувæд, мæнæ дзæбæх лæппу, – бадзырдта Хъарадзаумæ. Стæй йæ сæрыл дæр уæлдæр схæцыд, сыкъайыл дæр. – Уæ Хуыцæутты Хуыцау, уыцы гыццылы зын мын уæддæр мауал фенын кæн! Æмæ мæ дон æмæ

мæ къæбæрæй дæр дæумæ кувдзынæн. – Сыкъа сдардта йæ дзыхыл, ануæзта дзы æмæ йæ Хъарадзаумæ бадардта. – Ды дæр дзы ануаз, афтæ хуыздæр у.

Æмæ райста сыкъа Хъарадзау æмæ йæ афтæ йæ уæрджытыл лæугæйæ, йæ къух цæйбæрц æххæссыд, уый бæрц систа уæлæмæ.

– Стыр лæг ауæд Къоста!

## 16

Куыддæр йæхи æруагъта уатыл, афтæ афынæй и Хъарадзау. Æмæ куыд нæ афынæй уыдаид! Уартæ йæм уыцы бонивайæнты мусы былмæ куы бахæццæ сты Саулох æмæ Гиго, уæдæй нырмæ æнæхъæн æхсæв никуал арвыста йæ уаты. Ныр куыддæр афынæй, афтæ йæм æрбайхъуыст Исмелы ныхас – æнахуыр схъиуд ныхас кодта цæуылдæр Исмел, æмæ йæм хъусыныл фæци Хъарадзау. Стæй йын ауыдта йæхи дæр. Уалæ уыдоны цæнды сæр хæлиу лæууыд æмæ загъд кодта. Йæ цæнгтæ фæйнæрдæм тылдта, афтæмæй. Джигола та йæ рæбын бадти цæндæн, арæх-иу цы игæрхуыз тар дурыл бадти, ууыл. Æмæ ууыл хъæр кодта уырдæм Исмел, йæ цæнгтæ дæр ууыл тылдта. Ныр йæ сæр уыцы къулæй дардта йæ уæхскыл, æмæ йыл æппындæр нæ фидыдта, йæ цæнгтæ кæй тылдта, уый нæ, фæлæ йыл, хæлиу кæй лæууыд, уый дæр нæ фидыдта.

– Фезмæл, дæ рæуæд дæ гуыбыны нæ амарди! Уæдæ уым лæппу авдæныл кæуы, ай та ам даргъкъахæй бады!

Афтæмæй æппындæр нæ бадти даргъкъахæй Джигола. Уартæ йæ уæрджыты къоппатæ йæ риумæ куы схæццæ сты, уæд уый даргъкъахæй бадт хуыйны?! Æмæ æнæуи дæр куынæ уарзта даргъкъахæй бадын Джигола, уæд цы сысырхта Исмел, цы кæны?!

– Гæррæтт, никуы сарæзтон авдæн, дæ рын бахæрон Исмел, æмæ мæ ныууадз, кæннæуæд дæм феххæлдзынæн! Æз чырынтæ фæаразын, уыййеддæмæ авдæн никуы сарæзтон. Æмæ чырын иу у, авдæн та иннæ у. Авдæнæй зындæр аразæн æппындæр ницы и, кæд мæ фæрсыс, уæд. Авдæн чи у, авдæн, уый куыддæриддæр сираг бæх сира йæ барæджы бын, афтæ хъуамæ сира, афтæ дзоргъа кæна хъуамæ, гъе, сывæллоны бын.

– Æз та дын афтæ зæгъын æмæ авдæн чырынæй у дæс хат-

ты æнцондæр аразæн. Æмæ мæ мауал дзурын кæн амæй уæлдай. Ай нæ сæр бахъуыд æмæ, йæ сæрыл хъустæ кæмæн и, уый хъуамæ афтæ зæгъа – алæ-ма!

– Уæддæр, дам, – хæсгардæй! – ныууынæргъыдта Джигола, æмæ дис кæны Хъарадзау: афтæ куы никуы уынæргъыдта, уæд ныр цы кæны! Науæд æй цæмæннæ ныууадзы Исмел дæр! Æмæ уалæ Хиуаты Мосе скъаппытæ дæр куы аразы, сывылдз скъаппытæ æмæ цæхæртæ куы фæкалынц йе скъаппытæ, уæд уымæн цæмæннæ аразын кæны авдæн?! Ууыл цы бафтыди, Джиголайыл!

Уыцы сахат Исмел цæндæй куы æруаид æмæ уым кæмдæр Бодзыбо æмæ Диакъонимæ куы баиу уаид, афтæмæй æртæйæ куы балæууиккой Джиголайы раз. Æмæ дис кæны Хъарадзау – адон та ма кæцæй фесты! Ноджы Диакъонæн йæ сæрмæ уыцы пиллонкалгæ цырагъ, æвæццæгæн æй уæд се скъæтæй куыд рахаста, афтæ йæ рахæсс-бахæсс кæны йæ сæрмæ. Хæцы уыцы стыр цырагъыл Диакъон, æмæ сырх стъæлфæнтæ æппары фæйнæрдæм цырагъ.

– Нæма райдыдтай?! – Уæдмæ йæ хъæр фæцыди Бодзыбойæн. Уæд ын Диакъон, цырагъыл цы къухæй хæцыд, уымæй нæ, фæлæ иннæ къухæй йæ хæдоны дысмæ бавнæлдта Бодзыбойæн.

– Ма йæм хæц, Бодзыбо, уæд дын Диакъон амæлæд, ды йæм куы хæцай! Рухс ын нæ уыд æмæ æнæ рухсæй авдæн аразæн и! Æмæ куыд и æнæ рухсæй ахæм авдæн аразæн, агъæца!

Æмæ цæхгæр ныззылди Диакъонмæ Бодзыбо.

– Лæппу фæхуыссæгсаст уыдзæн, æмæ мæнæ фæхуыссæгсаст и, уæд мæ цы 'нхъæл стут иууылдæр?!

Джигола, æвæццæгæн, Бодзыбомæ нæ хъуыста, кæнæ та йын даргæ ницæмæ кодта йæ ныхæстæ. Бадти уыцы гуыбырæй æмæ дзырдта – дзургæ та цыма йæхицæн кодта, фæлæ, йæхицæн куыд фæдзуры лæг, афтæ нæ дзырдта – хъæрæй дзырдта, мæнæ йæ разы уынджыдзаг адæм кæмæн вæййы, уый куыд фæдзуры, афтæ:

– Æмæ мын Хъарадзау ам куы уаид, уæддæр ма – гъо! Фæлæ мын ам нæй Хъарадзау. Уартæ мын Америкмæ афардæг и – уым, дам, кæмдæр æхца ракæл-ракæл кæны, уыцы Америчы.

Æмæ дис кæны Хъарадзау: уый та йын чи загъта æмæ Америкмæ ацыд? Кæд ацыд? Æмæ, кæм и Америк, уый зонгæ дæр куынæ кæны!

Уыцы рæстæджы Бодзыбо чи у, уый, Уырысы æфсадæй цы худ æрхаста – йæ ных саст куы уыди йæ астæуыл, фæлæ уæддæр йæ лæгъз æрттывдæй куынæ ‘нцади – уый фелвæста йæ сæрæй æмæ йæ йæ тых-йæ бонæй зæххыл нытътъæпп кодта, худæн йæ дзæхст фæцыди зæххыл. Стæй йæ мустучъи ныттылдта Джиголамæ Бодзыбо.

– Уæдæ ма тæккæ рагсом арæзт ма уаид авдæн, кæддæра дын а лæппу Сыбыр фæсте нæ аззайын кæнид.

Æмæ та баздæхти Бодзыбомæ Диакъон:

– Алæ, де ‘гæр кал, уый дын – Сыбыр! Уæдæ гыццыл хатыр нæ хъæуы! Мæнæ йæм февналдзæн æмæ йæ ацараздзæн, æнæзонгæ нын у Джиголайы къухты ахаст! Мах дæр æм фæкæсдзыстæм, куыд нæ йæм фæкæсдзыстæм мах дæр! Æмæ йын кæдæм зайын кæныс Сыбыр фæсте, тæригъæд нæу?!

– Гъа, карды бын оффытæй нал у! – дзуры саст хъæлæсæй Джигола. – Уæд мын далæ Бигъатæй исчи иукъухыг хырх схæссæд. Ардзийæ та мын йæ пъæнæз ракурут – хъуджыйаргъ у Ардзийы пъæнæз, дуцгæ хъуджыйаргъ! Дæхимæ та дзæбæх судзæн куы и, Бодзыбо!

– Куыд нæ мæм и! Æмæ мæ судзæны хуызæн судзæн ацы хъæуы нæ, фæлæ ацы комы дæр куынæ и! Далæ йæ Имеретæй куы ‘рхастон æмæ йыл æнæхъæн хъуын куы радтон!

Ноджыдæр ма цыдæр кусæнгæрзтæ нымадта Джигола, кæмæйты сæ ракурын хъæуы, уый дæр загъта æмæ та рахызти уый коймæ, Хъарадзауы коймæ:

– Гъæ, уæд мæ тæригъæд макуы бахæра, кæд мын уый ам куы уаид, уæд ницæуыл батыхсин. Уый мын æрхъуыдыджын рахаста, æрхъуыдыджын. Уый абарын дæр зоны æмæ алыг кæнын дæр. Æмæ лæг абарын дæр куы зона æмæ алыг кæнын дæр, уæд алцы зоны, алцы!

Æмæ мæсты кæны Хъарадзау Бодзыбомæ: уæдæ цы тъæппытæ кæны йæ худ зæххыл! Ома, мын æфсæддон худ у, ома, æмæ. Æмæ æфсæддонæй æфсæддон у йæ худ, лæг хъуамæ раст зæгъа, йæ ных уыцы сау æрттывд йедæн кæны! Йæ астæуыл саст у йæ ных, уæддæр нæ лæууы йе ‘рттивынæй. Фæлæ йæ уый тыххæй зæххыл тъæппытæ кæнын хъæуы?

– Уæдæмæ афтæ бакæнæм – дзуры йæ иугæндзон хъæлæсы уагæй Джигола, цæнды рæбын гуыбырæй бады, афтæмæй. – Æмæ искæй арвитæм Хъарадзаумæ. Нал мæ хъæуы йе ‘хца – раздæхæд фæстæмæ. Мæнæ нæ хъуыддæгтæ и!

Стæй йæ сæрыл схæцыд æмæ йæ цæстытæ цины змæлд бакодтой, искуы-иу бадтæй куы 'рцыди, æмæ-иу Дзæгъианæн хæдзар аразыны кой куы кодта, уæддæр ма-иу афтæ цины змæлд кодтой йæ цæстытæ – æвæццæгæн-иу уæд, цы æддæгуæлæ аразынмæ хъавыд, уый ауад йæ цæстытыл. Фæлæ ныр та цæмæн афтæ кæной цины змæлд йæ цæстытæ?! Стæй та йын æндæр хъуыды æрцыд кæуылдæрты йæ сæрмæ: цымæ йæ худ систа Бодзыбо, зæххыл æй куы фæкодта, уæд, æви йын уым баззад, зæххыл? Зæххыл ын куы баззайа, уæд ма йын кæм уыдзæн уый хуызæн худ? Æндæр худ нал сфидаудзæн йæ сæрыл Бодзыбойæн. Куыд ма йын хъуамæ сфидауа æндæр худ йæ сæрыл?! Æмæ та хъусы Джиголайы ныхас – цыма та йæхицæн дзуры, афтæмæй та уыцы дзæбæх хъуысы йæ ныхас:

– Уæдæмæ афтæ бакæнæм æмæ йæм арвитæм. Арвитæм æм – афтæ-афтæ авдæн аразæм, дæ сæр нæ бахъуыди æмæ хæццæ кæн. Фæлæ йæм кæй арвыстæуа? А Бодзыбо хорз уаид, фæлæ суцца лæг у æмæ фæндагыл искæимæ куы фæхыл уа æмæ йæ куы 'рцахсой. Цымæ Исмел йæхæдæг нæ ныззыбар-зыбур кæнид? Йæ бæрзæй цы фæкъул и, æндæр уæрагæй фидар у. Тыхджын фидар у уæрагæй Исмел. Гъæ, уæд мæ тæригъæд бахæра уыцы цъуй бæлас, кæд ма кæдмæ дардта йæ цъуппыл уыцы цалдæр цупалы! Гъеныр уыдонмæ куынæ хызтаид, уæд рахаудаид æмæ йæ бæрзæй афтæ къулæй баззадаид йæ уæхскыл?! Æмæ нæ бауаид Амерыкмæ! Фæлæ ныр йæ бæрзæй къулæй хæссы, æмæ афтæмæй искæй бæстæм цæуыныл куынæ сразы уа – ома, уый æндæр бæстæ у, æмæ мыл исчи бахуддзæн, ома, æмæ мæ цæмæн хъæуы, ома!

Æмæ дис кæны Хъарадзау: уыдæттæ хъæрæй дзурын цæмæн хъæуы, Исмел æмæ Бодзыбойы цур цæмæн хъæуы уыдæттæ дзурын! Ныр сын афтæ куы зæгъа Исмел – алæма, кæй уæ цы хъуыддаг и, цъуймæ хызтæн-цъаблимæ хызтæн, уымæй, уæд уый аххос уыдзæн?! Æппындæр нæ уыдзæн уый аххос.

– Æмæ ныр, цымæ, – дзуры 'мæ дзуры Джигола, – хъæр куы ныккæнид исчи, дзæбæх куы ныхъхъæр кæнид, уæд нæ фехъуысид Амерыкмæ? Цæнды сæр куы слæууид æмæ уырдыгæй куы ныхъхъæр кæнид. Сыбыртт дæ нæ хъæуы – фехъуысид æм. Ай дын иннæ цæндты хуызæн нæу, нæ, ай æндæр цæнд у. Ай цæрæг цæнд у, цæрæг. Амæн уд и йæ мидæг. Æмæ кæм и дунейыл ахæм цæнд!

Æмæ куыддæр фæлæууыд йæ ныхасæй Джигола, афтæ ма ныннæра Исмелы хъæр:

– Дæлæмæ рацу, уо-о Хъарадзау!

Хъæр мæсыгæн йæ фарсыл нæ сæмбæлд, фæлæ кæуылдæрты йæ хуылфы смидæг и мæсыгæн, стæй йæ сæрæй стахти æмæ, хæхтыл хойгæ, ахаста йæхи æмæ нал сабыр кодтой сæ гыбар-гыбурæй хæхтæ. – Кæд уым искæмæ дзæбæх пъæнæз зоныс, уæд æй ракур æмæ демæ рахæсс уый дæр!..

Æмæ дис кæны Хъарадзау – дæлæмæ рацу цæмæн хъæр кæны Исмел цæнды сæрæй? Исты Амерык уæлдæр ран ис уыдоны цæндæй? Нæ, нæ уыдзæн уæлдæр. Ацы Исмел дæр иууыл рæстытæ кæм фæдзуры, кæ! Науæд сæ дыууæ пъæнæзы та цæмæн бахъуыди? Ардзийы пъæнæз сын фаг нæу? Стæй авдæны пъæнæз хъæугæ дæр куы ницæмæн кæны! Пъæнæз фæхъæуы арынг аразгæйæ, бæлæгъ аразгæйæ, уыййеддæмæ авдæн аразгæйæ ницæмæн хъæуы пъæнæзы сæр.

– Уо Хъарадзау!..

Æмæ райхъал и Хъарадзау. Æниу, чи зоны, æххæст хъал дæр нæ раци – уæдæ Исмелы хъæр цæмæн нæрыд йæ хъусты, кæд æххæст хъал раци, уæд?! Гъомæ, уыдæттæ иууылдæр – хорз! Фæлæ уым та, Стырмæсыджы, цæмæй базыдтой, Леуаны сидзæр лæппуйæн авдæн ничи радта, уый?! Кæуылты сæм айхъуысти, куыд сæм айхъуысти?! Æмæ уади йæ цæстытыл Хъарадзауæн: змæлынц гъæйттæй сæ хъæуы лæгтæ. Бигъа дурыл бады, йæ фарсмæ йæ даргъ лæдзæг уыцы урс-урсидæй адаргъ и дуртыл, æмæ уырдыгæй куы кæмæ бадзуры лæгтæй исты, куы – кæмæ:

– Дæ хырхы дæндæгтæм æркæс, Исмел, цыма цыргъгæнинаг сты, афтæ мæм зыны.

Æмæ фæуæлгом кодта Исмел хырх æмæ цъындцæстæй кæсы хырхы дæндæгтæм.

– Судзæн-иу дзæбæх зынг кæнын бауадз, Ардзи, судзæн хъуамæ судзгæ кæна, судзæн уымæн хуыйны.

– Дзæгъæлы лæудæн æвгъау дæ, Бодзыбо, уæртæ лæгъзгæнæн райс æмæ, цалынмæ Джигола авдæны къæхтæ зилы, уæдмæ йæ авдæны тъæпæнтыл ауадз.

Змæлынц лæгтæ æмæ цæсты ахады се змæлд. Афтæмæй Хъарадзау та тыхсгæ кæны. Тыхсгæ уымæн кæны, æмæ йæ хорз зоны – иу авдæн дæр ничи аразы æмæ иннæ дæр. Уый йæ

хъуыдытæ ныдздзæгъæлтæ сты æмæ, хъуыдытæ куы ныдздзæгъæлтæ уой, уæд кæм нæ балæудзысты æмæ цæуыл не схæцдзысты!

Æнæуи йæхи æрæмбæрста – кæм уыдис, уый дæр бамбæрста, уым цæмæн уыди – уый дæр! Къуымтæ нæ уыдта, уæддæр сæм касти. Уæдæ ам æрæнцади Гуыбианы зæрдæ. Æвгъæд ам нæ уыдаид, æвгъæд скъæты уыдаид, фæлæ, стæй куы 'ртарф и, уæд æй æрбахастаиккой ардæм. Ардæм, мидæггаг хатæнмæ. Æддаг хатæн æгæр къæхтыбын уыдаид, æмæ йæ уым не 'рæвæрдтаиккой. Ам цагъта йæ гæндзæхтæ йæ мады риуыл уыцы ноггуырд лæппу.

Фæсарæнтæй куы 'рбаздæхтысты, уæд сæм арæх цыди Леуан. Гæуыс цæрæг хæдзар уыд. Бирæ уарзта Леуаны. Иухатт уартæ Венгерты хæсты куы фæцæф и Гæуыс, уæд æй кæцæй кæдæм фæхаста йе 'ккой Леуан! Æмæ-иу ын æй арæх æрымысыди Гæуыс æмæ та-иу æм йæ мидбылты бахудт, цыдæр хионы худт-иу æм бакодта, æмæ-иу Леуаныл цыма хур бакаст, афтæиу барухс и йæ зæрдæ. Уæд та сæм кусарт акодта Леуан, стæй йæ къухтæ 'хсадта, æмæ йын Маро дон кодта йæ къухтыл. Уый та сæм тыргъæй касти Гæуыс. Касти сæм, касти, æмæ сæм æргом бахудти.

– Уæд та дæ, Леуа, мæ сиахс бакæнин – æгæр дзæбæх фидаут иумæ!

Æмæ хорз фидыдтаиккой иумæ, уæдæ нæ фидыдтаиккой! Леуан – бæрзонд æмæ хæрзконд, уæдæ уымæн та йæ рæсугъд дисæн куы хастой адæм. Æнæуи бирæ кæстæр уыди Леуанæй æмæ, чи зоны, афтæ уымæн фидыдтой, кæстæр кæй уыди! Лæууыди йæ разы æмæ йын йæ къухтыл дон кодта, уым сæ дуармæ. Уый дæр ын дон куы кодта йæ къухтыл далæ Хæмпæлгомы зиуы. Уый дæр йæ разы куы лæууыд. Æмæ ныррызти йæ уаты, æмæ ныкъкъæс-къæс кодтой йæ быны тæрхæджы фæйнæджытæ. Æмæ ныуулæфыд Хъарадзау. Гъæ, фæлтау зиуы цæуынхъом куы никуы суыдаид! Йæ кæуын йæ хъуырмæ сцæйцыд æмæ фæтарсти, куы скæуа, уымæй: хæрзаг ма зæгъа Леуан, ай кæуынхъуаг ма уыди мæ къона! Æмæ рахызти уатæй, иуырдæм ацыд талынг хæдзары, иннæрдæм æрбацыд, æмæ сывæллоны кæуын сæмбæлд йæ хъустыл – куыдта кæмдæр кæйдæр сывæллон, афтæ уынгæг зæрдæйæ куыдта æмæ мæнæ æхсæв нæ фæци, мæнæ бон уыди – нæ бафæрæзтаид уыцы

куыдмæ, нызгъæлæнтæ уыдаид. Уый æхсæвмæ ницы хъары, талынг у æхсæв æмæ йæм куыд бахъара исты?! Фæлæ бон! Дзæнгæлтæ фæхаудтаид бон. Æмæ æрбадти йæ уатыл æмæ йæм афтæ зынди, цыма Къоста кæуы. Кæуы кæмдæр, кæйдæр хæдзары, кæуы авдæныл.

Фестади Хъарадзау æмæ æддаг уатмæ рараст. Леуан нырма фынæй уыдзæн æмæ уæд! – райхъал æй кæндзæн.

Леуан фынæй нæ уыд. Куыддæр рахызт мидæггаг хатæнæй, афтæ йæм радзырдта йæ уатæй:

– Æддæмæ ахизын дæ фæнды, Хъарадзау?

Æмæ йæ разы æрлæууыд Хъарадзау.

– Нæ, æддæмæ ахизын мæ нæ фæнды. Дæ цурмæ цæуын мæ фæнды.

– Æмæ фынæй цæмæннæ кæныс?

– Хорз фæфынæй кодтон. Афтæ хорз кæдæй нырмæ нал бафынæй дæн, – афтæ загъта æмæ йæ дæлфæдтæм æрбадти Леуанæн – нырма афтæ никæй дæлфæдтæм æрбадти йæ царды мидæг. Æмæ бафарста Хъарадзау: – Хырх уæм ис искуы, иукъухыг хырх?

Леуан фæтарсти хырхы койæ. Йæ уаты базмæлыди – мацы кæна мæгуыр фæллад лæппу? Уый карæн лæппуйæн æнцон уромæн сты уыйбæрц зынтæ?! Уæддæр æм бадзырдта йæ уатæй:

– Хырх зæгъыс, хырх, Хъарадзау?

– Хырх зæгъын, хырх, иукъухыг хырх зæгъын. Æниу нæ дыкъухыг хырх дæр бахъæудзæн, куыд нæ нæ бахъæудзæн дыкъухыг хырх дæр!

Æмæ бынтон батыхсти Леуан:

– Цæмæн нæ бахъæудзæн иукъухыг хырх дæр æмæ дыкъухыг хырх дæр, цæмæн?!

– Лæгъзгæнæн та? Ис уæм искуы лæгъзгæнæн?!

– Лæгъзгæнæн?!.

– Стæй судзæн. Судзæн цы у, уый зоныс?

– Куыд нæ йæ зонын, куыд нæ?!

– Ис уæм искуы?

– Уалæ йæ царæй сисы ‘хсæн бавæрдтон, кæд ма уым ис, уæд.

– Барæн та?

– Цы барæн?

– Дæргъ барæн?

– Кæмдæр дзы бæргæ уыди.

Æмæ ахъуыды кодта Хъарадзау, цымæ ма æндæр цы кусæнгæрзтæ æрцагуырдта дысон Джигола сæ хъæуы лæгтæй? Фæлæ дзы æндæр ницуал æрхъуыды кæнын баци йæ бон. Леуаны фæндыд Хъарадзаумæ бакæсын – цы кодта? Дзæбæх, сабыр лæппу куы уыди, йæ сæрыл схæцын дæр дзæбæх куынæ фæрæзта! Кæд дзæбæх нæма райхъал? Уæдæ, кæд дзæбæх райхъал и, уæд цæй хырхытæ ‘мæ цæй судзæнтæ агуры ‘мæ ноджы цæй лæгъзгæнæнтæ?! Æмæ рахызти йæ уатæй Леуан, цырагъ ссыгъта æмæ цырагъы рухсмæ бакасти Хъарадзаумæ. Хъал цы вæййы, уый уыди Хъарадзау, уыцы сабыр æмæ фæллад лæппу, æцæг ныр нал дæр афтæ сабыр зынд, нал дæр афтæ фæллад. Цыма мæсты кæмæ уыд, уымæй йæ маст райста, уыйау цыма йæхиуыл фæхæцыд, стæй цыма цыдæр цæхæр стæпп кодта йæ цæстыты, уыцы сабыр цæстыты. Æмæ та-иу æм бакасти Леуан – сусæгæй дæр-иу æм бакасти, æргомæй дæр-иу æм бакасти.

– Ныр рамбырд кæнæм нæ кусæнгæрзтæ, – кæддæра нæм цы и. Цы нæ нæм и, уыдон искæмæй ракурдзыстæм.

– Гъомæ сæ ракурдзыстæм, куыд нæ сæ ракурдзыстæм! Фæлæ нæ цæмæн хъæуынц, цæмæн? – сабыр бафарста Леуан.

– Хъæдмæ цæуæм æмæ сæ немæ хæссæм. Знон ды цы хъæдæй рацыдтæ, уыцы хъæдмæ.

– Цæмæ дзы цæуæм, знон æз цы хъæдæй рацыдтæн, уыцы хъæдмæ?

– Авдæн аразынмæ.

Цырагъ базмæлыд, æвæццæгæн ыл фæрссаджы зыхъхъырæй уддзæф æрбаулæфыд. Хъарадзауы цæсгом барухс и цырагъы базмæлдæй, афтæ барухс и, æмæ Леуан бамбæрста – йæ ныхмæ лæууын ницуал пайда у, цыдæр сфæнд кодта æмæ йе ‘рдæгыл ныууадза – нæй! Уæддæр æм æнæ бадзургæ нæ фæлæууыд:

– Æз æхсаргадыл хæцын йеддæмæ ницы зонын. Хырхы къух æмæ мæ мысалгъы хъæдыл хæцынмæ никуы равдæлд.

Æмæ йæм уыцы разæнгардæй бадзырдта Хъарадзау дæр:

– Æз та цæвæджы хъæдыл хæцын зонын. Мæн та æндæр ницæмæ равдæлд. Æниу цæвæджы хъæдыл дæр бирæ ницы фæхæцыдтæн, – бахудæгау кодта Хъарадзау, стæй азымджыны лæуд бакодта Леуаны раз. – Бахатыр мын кæн, дæле уæлæмæ дæм кæй дзурын, уый тыххæй, фæлæ мæ тынг фæнды, Къостайæн авдæн куы уаид, уый. Йæхицæн, йæхи авдæн, йæхи! Æмæ мыл дæ зæрдæ ма фæхудæд, бафæлварæм. Цы нæ вæййы – чи

зоны нын рауайа! Лæг æрхъуыдыйæн у – уый Бигъайы ныхас у, нæ хъæуы хистæры ныхас – фыццаг-иу абардзыстæм, стæй-иу алыг кæндзыстæм. Æмæ раздæр баргæ куы кæнай, уæд рæдийæн нæй. Рæдигæ уæд фæкæнынц æмæ раздæр лыг куы акæнынц, стæй та барын куы райдайынц. – Хъарадзауыл цыдæр уæлтæмæн бафтыд, цыма, цы дзырдта, уыдон рагæй дæр йæ дзуринæгты сæр уыдысты. – Мах-иу афтæ бахъавдзыстæм барынмæ дæр, лыг кæнынмæ дæр, æмæ зæххы цъарыл нырма куыд ничи дæр барынмæ бахъавын базыдта, куыд ничи дæр – алыг кæнынмæ. – Уым йæ цонгмæ бавнæлдта Леуанæн Хъарадзау. – Стæй кæд Хуыцауы фæнды афтæ, æмæ Къостайæн нæхæдæг саразæм авдæн, нæхæдæг, æз æмæ ды! Мах, мах, цæрæнбонты авдæн аразыны фæнд йæ фæсонæрхæджы дæр кæмæн никуы ‘рцыди, уыдон. Авдæн аразгæ дардмæ дæр чи никуы никæй федта, уыдон! Æмæ нын хорз рауайа, æвзæр нын рауайа, уæддæр нæхи арæзт уыдзæн, нæхи æрмдзæф, нæхи барст æмæ нæхи карст, æмæ дзы уыйас, чи зоны хуыздæр байрæза Къоста! Æмæ уын кæй ничи дæтты авдæн, уый дæр кæд Хуыцауы фæндæй у!

Леуан кæсгæйæ баззад Хъарадзаумæ – зноны къæмдзæстыг æмæ мадзура лæппуйæ ницуал баззади Хъарадзаумæ. Æмæ ма йæм цы сдзырдтаид Леуан! Цæмæйдæр дзы цыма тæрсын дæр райдыдта æмæ байдыдтой æмбырд кæнын кусæнгæрзтæ. Леуан æм сæ хаста æмæ сæ Хъарадзау къæссайы æвæрдта. Стæй дыууæкъухыг хырх йæ дæларм бакодта Леуан, Хъарадзауæн Калманы хордзен йе уæхскыл, къæсса йе ‘ккой. Куы араст сты, уæд ма фæрссаджы фарсмæ цы къуск уыди, уырдыгæй цæвæгдауæн саудур райста Хъарадзау æмæ къæсæрæй ахызти. Æмæ уæд ауади йæ цæстыл: узынц хæдзары астæу авдæн, æмæ лæппу йæ мидæг, куыд æй узынц, афтæ фырæхсызгонæй «гъæ-гъæгъæ-гъæ» кæны. Стæй сыппайы дзыхæй лыстæг лæмæгъ цыхцырæг æруади æмæ сыджытбыныл къæдз-мæдзы фæд акодта. Æмæ цинæй йæ уæнгтæ барызтысты Хъарадзауæн.

## 17

Ныр цыдысты хохаг ихсыд фæндагыл. Сæ уæлæ цухъхъатæ, сæ сæртыл хохаг уæлдзарм худтæ. Разæй йæ фидар бæзджынбын цырыхъхъыты цыди Леуан. Йæ рахиз къухæй хæцыди, къаннæг

базыйас чи уыдаид, ахæм урс тыхтоны бæттæныл. Нæ йыл фидыдта уыцы тыхтон хæссын, фæлæ йæ хаста. Хъарадзауæн йæ цухъхъа уæгъдад кодта, бæрæг уыди – ууыл карст не ʻрцыди цухъхъа, уымæй уæхскджындæр чи уыди, ахæмыл карст æрцыди, фæлæ йыл уый афтæ æргом нæ зынди, уымæн æмæ йе ʻккой Хъарадзауæн уыди авдæн. Æргъомбаст бакодтой уыцы нæуæгарæзт авдæн, æмæ йæ хаста, устытæ хъæдæй сугтæ куыд фæхæссынц æргъомбастæй, афтæ. Авдæнæн йæ хъæды рæудæф иу кодта йæ алайы тæфимæ æмæ улæфæнтæ æхсызгон хъыдзы кодта.

Хур худти.

Хуры тынтæ, устытæ авдæныхъæдыл цы дзыгъал-мыгъулгæнаг хъазæнтæ бабæттынц, уыдоны хуызæн ацауындзæг вæййынц авдæныхъæдыл, стæй уырдыгæй авдæнытъæпæныл æрхауынц, арт суадзынц авдæнытъæпæныл, æмæ афтæ фæзыны, цыма урс арты æргъом фæцæйхæссы йе ʻккой Хъарадзау.

Цыди Хъарадзау æмæ йæ цæстытæй нæ хицæн кодта сæ цъæх лæгуын. Амайæн тъæпæн æхсныфтæ ʻмæ дзы лæгъзгæнæны къæбæлдзыг сæрфæнтæ ныппырх сты, æмæ афтæ зынд, цыма цъæх нæууыл дидинджытæ æрзади, алы ʻмæ алыхуызон урс-урсид дидинджытæ. Бæлас йæхæдæг фæци сæ размæ, уыцы рæхснæг уисхъæд бæлас, цыма йæ фæрсты куы ахизой, уымæй тарсти. Уырдыг лæууыд, йæ раст æмæ æмдымбыл зæнгтыл иу архы фæд дæр никуы зынди. Хъарадзау æрлæууыд æмæ æрлæууыд Леуан дæр. Хъарадзау йæ алыварс æрзылд бæласæн, стæй, бæласы фарсмæ цы лæгуын уыд, уым æрæвæрдта къæсса дæр æмæ хордзентæ дæр.

Æхсæв дæр уым баззадысты, уыцы дзæбæх лæгуыны. Уæдæ ныр Нармæ фæцу дæ къæхтæ къуырттытæгæнгæ. Æмæ рагсом фæстæмæ здæх! Стæй цы тæнæг æмæ цыбыр фæйнæджытæ фæцарæзтой, уыдон хус кæнын нæ хъуыди! Куыд нæ сæ хъуыди хус кæнын, уæдæ хуылыдз хъæдæрмæгæй авдæн аразæн и! Æнæуи сæ ахъаззаг фæцамадта Хъарадзау фæрæтæй, фæсæрфта сæ лæгъзгæнæнæй æмæ урс-урсид адардтой, лæг сæ йæ къухтæм сисынмæ æвгъау кодта. Стæй арт скодтой уым лæгуыны мидæг, йæ алывæрсты йын хъилтæ ныссагътой æмæ сæ кæй хъил бакодтой артыл, кæй та дзы иу иннæмæ авæрдтой арты сæрты.

Хур куы анигуылд, уæд бæласы зæнгæй дыууæ къуыдыры ралыг кодтой, арты фæйнæ фарсы сæ æрæвæрдтой. Æнæуи сæ бадынмæ уыйас не ʻвдæлди, фæлæ-иу бадгæ дæр куыд нæ акод-

той! Æмæ йæм уыцы хъуыдытæ дæр уæд æрцыдысты Леуанмæ, къуыдырыл йæхи куы 'руагъта æмæ арты цæстмæ йæ цæстытæ куы сарæзта, уæд: уæдæ ма искуы уый карæн лæппуйæн уый къухты ахасты хуызæн уыди?! Мæнæ цыма цæрæнбонты – æмæ йын цæй цæрæнбонтæ уыди, æниу, нырма! – авдæнтæ арæзта. Цæст нæ хæцыд йæ къухты змæлдыл, æмæ йын дзы иу уæлдай змæлд нæ уыди. Æмæ ныфс бацыди Леуаны – сараздзæн! Сараздзæн авдæн. Æмæ æниу цы нæ сараздзæн! Æмæ та-иу йæ цæстытæ æрхаста Хъарадзауыл – кæд ын гæдыныхæстæ фæкодта? Кæд арæзта? Кæд авдæнтæ дæр арæзта æмæ æндæр истытæ дæр уым сæхимæ Къуыдаргомы æмæ йæ басусæг кодта? Фæлæ куыд арæзтаид, куыд æм æрхаудтаид уыцы рад æмæ уыцы бар, нырма уæртæ йæ фындзы бын дзæбæх куынæ бамила! Науæд исты чи басусæг кæна, ахæм гуырд у! Æмæ йæм уæд бадзырдта арты сæрты:

– Раст дын куы зæгъон, уæд ахæм къухты хицау разындзынæ, уый æнхъæл дын нæ уыдтæн.

Хъарадзау ницы загъта Леуаны ныхасмæ – цы загътаид, уый нæ зыдта. Бадти æмæ, арты сырх æвзæгтæ авдæны урс тъæпæнмæ куыд сæвнал-сæвнал кодтой, уымæ касти. Æмæ та йæм уæд бадзырдта нæуæгæй Леуан:

– Уыцы арæхст фыдæй рахæсгæ у. Тугимæ йæ рахæссы лæг.

Хъарадзау размæ рагуыбыр кодта, артыл армыдзаг æхсныфтæ баппæрста.

– Чырынтæ-иу арæзта мæ фыд. Исчи-иу куы амарди, уæд-иу ын чырын саразын кодтой. Авдæн аразгæ йæ никуы федтон. Æнæуи дæр никуы никæй федтон авдæн аразгæ. Стæй мæм афтæ зынд, цыма авдæн афтæ аразгæ нæу, цыма авдæнтæ дард кæмдæр аразынц æмæ сæ уырдыгæй хæссынц арæзтæй. – Хъарадзау фæлæууыд йæ ныхасæй, фæлæ Леуан уымæ кæсы, уый куы федта, уæд нæ бафæрæзта æнæ дзургæ: – Æрцыдысты-иу нæм лæгтæ æмæ-иу æм бахатыдысты.

– Цæмæ?

– Чырын, дам, сараз. Стæй-иу æм хæссын байдыдтой фæйнæджытæ фæйнæрдыгæй, алыхуызон фæйнæджытæ уырдæм нæ дуармæ æмæ-иу уым арæзта чырын. Æмæ-иу æм кастæн.

– Куыд-иу æм кастæ?

– Баргæ дæр-иу акодтон йæ бæсты, лыг дæр-иу акодтон

хырхæй. Лæгъзгæнæнæй дæр-иу асæрфтон. Æххуыс-иу ын кодтон. Æмæ йæм цæугæ дысон дæр афтæ æркодтой, фæлæ йæм дысон хатгæ нæ кодтой. Дысон æм хыл кодтой.

– Чи йæм хыл кодта?

– Уыдон. Нæ хъæуы лæгтæ.

– Цæмæ йæм хыл кодтой?

– Авдæн ын аразын кодтой. Уый та сын афтæ дзырдта – нæ, дам, зонын авдæн аразын.

– Авдæн?!

– Гъо, авдæн.

– Æмæ уыдоны та цæмæн бахъуыди авдæн?

– Уыдоны дæр – Къостайæн.

– Къостайæн?!

– Гъо.

– Мæнæ мах Къостайæн?!

– Гъо.

Æмæ бадын нал бафæрæзта Леуан, сыстад æмæ, цыма исты агуырдта, уыйау гуыбыр-гуыбыр азылд арты алыварс. Æмæ, дам, дунейы ницы и. Уæдæ уый циу, кæд дзы ницы и дунейы, уæд?! Гъо, фын уыд, асæджы нæ уыд, фæлæ уый ноджы диссагдæр куы у, фыны кæй уыди, уый. Цы йæ фæхаста хæхты сæрты, уыцы гыццылæн авдæн кæй нæй, уый, æмæ цы æрæмбырд кодта хъæуы лæгты?! Хъарадзау касти Леуанмæ, сыстад æмæ йæ разы æрлæууыд æмæ æрлæууыд йæ цæуынæй Леуан дæр.

– Стæй цы баисты? Сарæзтой авдæн?

– Уый нæ базыдтон. Райхъал дæн. Нæ тæккæ фарсмæ чи цæры, уый мæм хъæр кодта, æмæ райхъал дæн.

– Цæмæ дæм хъæр кодта?

– Рацу, дам, авдæн, дам, аразæм æмæ, дам, нæм фæкæс.

– Дæумæ дзырдтой?! Дæу кæсын кодтой?!

– Гъо.

Цыди Леуан, йæ къухæй цы тыхтоны босыл хæцыд, уый ахъеллау-ахъеллау кодта, Леуан куыд цыди, афтæ. Хæдзарæй йæ рахаста. Авдæн хæдзары раз æрæвæрдтой æмæ йыл уырдæм æгас хъæубæстæ нымбырд и. Фидыдта авдæн уæзæгыл – урс-урсид авдæн æмæ йыл ранæй-рæтты сау алайы тæлмытæ. Уæд æм уыцы хъæбæрхъис лæг бацыд, йæ алыварс æрзылд, йæ цæстытæ дзы нæ иста, афтæмæй. Стæй йын йæ хъæдмæ бавнæлдта æмæ йын æрхæстытæ кодта йæ хъæдыл, æвæццæгæн, фидар арæзт æрцыд,

æви не ‘рцыд фидар арæзт, уый базонын уыд йæ зæрды. Фæлæ йыл уæд уыцы къæсхуыр ус – йæ фыр къæсхуырæй мæстæг чи зынди, цыма йæ кæрз фæйнæджы зæрондæй сарæзтæуыд, уый хуызæн – Гаджион æй хуыдтой, йæ цæнгтæ ма сцæгъда.

– Узгæ йæ ма акæн, Амбакъо, абабау! Афтид авдæн узын нæ фæтчы.

Æмæ йæм уый дæр ма фездæха, Амбакъо кæй схуыдта ус, уый дæр:

– Дæ мæрдтыстæн, сывæллон æнхъæл мын дæ!

– Уый тыххæй дын нæ зæгъын, æнæуи дын зæгъын. Æзын æй афтæ æнæрхъуыдыйæ куы аузай!

– Æмæ уыцы æнæрхъуыдыйæ афонмæ былæй куыд никуы ахаудтæн! Къахдзæфæн был куы и Наргомы.

Гаджион ма йæм йæ цъæх цæстытæ иухатт фæирд кодта, фæлæ йæм дзургæ ницуал скодта. Авдæнмæ бацыд, йæ разы йæ уæрджытыл æрлæууыд, йæ цонг ын йæ хъæдыл æртыхта æмæ хъæрæй загъта:

– Гъеныр ма иннæрдæм азилут иууылдæр!

Æмæ сæ дзабырты сыбар-сыбур ссыди адæмæн. Хъарадзау дæр азылди, уæдæ цы кодтаид. Афтæ лæууыдысты уæзæджыдзаг адæм, авдæнмæ чъылдымздæхтæй. Фæлæ сæ бирæ лæууын нæ бахъуыд. Уайтагъд та загъта хъæрæй Гаджион:

– Куыддæриддæр хъæуы, афтæ уын рауади. Ныр сулæфдзæни Чендзе, мæ уд ын дыууæ дзабыры феста!

Æмæ бамбæрста Хъарадзау – дзидзи чи дара, уый куыд арæхсдзæн дзидзи дарынмæ, уый базонынмæ хъавыд Гаджион. Уæдмæ уый хъæрæй ныуулæфтытæ кодта:

– Гъæ, уæд дзы адджын лолотæ фæкæна уыцы гыццыл хъæбул! Гъæ, уæд дзы рухс фынтæ уынынæй бафсæда! – Стæй та уымæ фездæхти йæ ныхас, Хъарадзаумæ: – Гъæ, уæд кæй къухтæй рацыди, уый царв æмæ мыд фæхæра уыцы къухтæй, гъæ, уæд æй хъæуи-хъæу фæракæ-бакæ кæной авдæнтæ аразынмæ! – Уым фæлæууыд йæ улæфтытæй æмæ йæ цæстытæ хæдзармæ фæцарæзта: – Цы фæдæ, Леуа, афонмæ йæ мадуд схауы хуыссæгсаст лæппуйæн!

Уæд рахызти хæдзарæй Леуан, йæ къухы уыцы урс тыхтон – цыма фиу уыди, афтæ цæхгæр-мæхгæр баст уыди уыцы алдымбыд бæттæнæй. Леуан ын йæ бæттæны кæрон хæцыд æмæ ахъеллау-ахъеллау кодта тыхтон. Æмæ ахъуыды кодта Хъа-

радзау: ӕвӕццӕгӕн, сывӕллоны хӕцъилтӕ ис уыцы тыхтоны, ӕвӕццӕгӕн сӕ развӕлгъау йӕхӕдӕг ӕрцӕттӕ кодта Гуыбиан, ома, мын ӕвӕрд уой, ӕмӕ куы райгуыра, уӕд ӕй уыцы хӕцъилты йӕ куыд бабӕттон, ома.

Стӕй уыцы хъӕбӕрхъис лӕг Леуаны раз балӕууыд ӕмӕ йын уайдзӕфтӕ кӕныныл схӕцыд:

– Ныр, Леуа, махӕй искӕмӕты бадзырдтаис, уый ран дын нӕ уыдыстӕм?! Авдӕн аразын алчи нӕ зоны – уый Хуыцауӕй лӕвӕрд у ‘мӕ алкӕмӕ кӕм хауы! Фӕлӕ нӕ, йе хырхы къухыл ничи ахӕцыдаид, йе судзӕн артмӕ ничи бадардтаид!

Леуан йӕхи рӕстытӕ кодта:

– Бауырнӕд дӕ, Амбакъо, авдӕн саразын мӕ фӕсонӕрхӕджы дӕр нӕ уыди. Куыд хъуамӕ уыдаид, мӕ цӕрӕнбонты халамӕрзӕны дӕндаг куы никуы сарӕзтон! Фӕлӕ мыл ахӕм лӕппу бафтыди! Кӕуылты мӕ фӕцопп кодта, куыд мӕ фӕцопп кодта – ницы йын базыдтон. Йӕ барӕг дӕр уый уыди авдӕнӕн, йӕ кӕрдӕг дӕр. Йӕхӕдӕг афтӕ, авдӕн аразгӕ, дам, никуы федтон. Гъеныр ацу ‘мӕ истӕуыл бауӕнд ацы дунейы!

Амбакъо къухаууонӕй бакаст Хъарадзаумӕ.

– Ӕмӕ дын кӕй лӕппу у?

– Кӕй лӕппу дын зӕгъон! Мӕ уазӕг у. Уартӕ Къуыдаргомӕй рафтыд. Раст ӕм цыма мӕ тыхст фехъуыст.

– Табу Хетӕджы Уастырджийӕн, адон иууылдӕр уый хъуыддӕгтӕ сты!

Леуан иу ӕнӕвдӕлон каст бакодта Амбакъомӕ.

– Уый дӕм ӕрхӕццӕ кодта ацы гӕрзарм лӕппуйы, уый! Дӕ тыхстмӕ дын касти ӕмӕ бавдӕлди ӕмӕ лӕппуйыл рахӕцыд, рахӕцыд ӕмӕ йӕ ӕфцӕгӕн ацырдыгӕй фӕкодта. Афтӕ уыди, гъе!

– Ӕмӕ, цымӕ, хӕхты уыцы фарсмӕ дӕр ӕххӕссы йӕ бархъомыс Хетӕджы Уастырджийӕн?

– Цытӕ дзурыс, цы, ӕз дын амӕлон! Иры зӕххыл ахӕм гӕбаз нӕй, ӕмӕ уый бархъомыс кӕдӕм не ‘ххӕссы. Дӕхӕдӕг ахъуыды кӕн: уыцы хохы фахс ӕд дур, ӕд бӕлас чи сыстыгъта ӕмӕ йӕ уалӕ арвы талынгты чи рахаста! Гъе-гъе, лӕппу! Ӕмӕ ӕниу мӕнӕ ацы къобор лӕппу афтӕ зӕрдӕргъӕвд кӕцӕй фӕци?! Гӕр, уӕдӕ, кӕд ныронг никуы сарӕзта авдӕн, уӕд ныр куыд сарӕзта уый хуызӕн авдӕн! Бакӕс-ма йӕм, нӕуӕг чындзы хуызӕн!

Ӕмӕ цыдысты. Разӕй Леуан цыд, йӕ фӕстӕ Хъарадзау. Иу фӕхӕрдгӕнӕны фӕстӕмӕ ракаст Леуан ӕмӕ радзырдта:

– Нæ бафæлладтæ, Хъарадзау?

– Ницы бафæлладтæн.

– Алæма, ныр та ды ацу разæй, æз та фæсте ацæуон.

– Хорз, – загъта Хъарадзау æмæ, авдæн Леуаныл куыд нæ схæца, афтæ æддиæутты азылд. Каст Леуан, Хъарадзау авдæн куыд хаста, уымæ – йæ фæсонтыл цæхгæрмæ баст уыд, устыты æккой сугты æргъом куыд баст вæййы, афтæ. Æмæ йын цыдæр æхсызгон агайдта йæ зæрдæ. Æмæ хъуыды кодта – ныронг дæр афтæ разæй цæмæннæ цыди Хъарадзау! Уый та фæсте цыдаид æмæ кастаид – авдæнмæ дæр кастаид æмæ Хъарадзаумæ дæр.

Уыцы рæстæджы иу тъыфыл цæргæс æрбатахти сæ сæрты, афтæ ныллæджыты æрбатахти, æмæ йæ базыртæ куыд тылдта, афтæ сæ хъыррыст цыд йæ базырты рæбынтæн. Авдæны сæрмæ куы бахæццæ цæргæс, уæд иу зылд æркодта, стæй йæ базыртæ фæпæлæхсар кодта æмæ йæ къæхтæ авдæныхъæдыл æруагъта æмæ, куыддæр фæхæцыдысты йæ къæхтæ авдæныхъæдыл, афтæ ахъаззаджы хъихъхъ фæкодта, цыма рагæй агуырдта, кæм æрбада æмæ, кæм фæхъихъхъ кæна, ахæм бынат, уый хуызæн. Уый фæстæ йæ базыртæ йæ уæлæ æрбатыхта, паддзах йæ паддзахы кæрцы тæрттæ куыд æрбатухы йæ уæлæ, афтæ.

Хъарадзау базыдта – авдæныл цыдæр абадт. Ныззылди – искæуылты йæм куы скæсид, кæддæра цы у? Фæлæ цæй скæсæн уыди, уалæ йæ фæсонтæм кæмдæр цы абадт, уымæ! Цæргæсæн, æвæццæгæн, йæ зæрдæмæ нæ фæцыд, Хъарадзау афтæ кæй ныззылд, уый, фæцудыдта, стæй йæ къæдз бырынкъæй цалдæр хатты æркъуырцц кодта авдæныхъæд, цыма афтæ дзырдта: дæ цыды кой кæн, дæлæ лæппу, дзæгъæлы зылдтытæ ныууадз, æз дæ хуызæттæ бирæ федтон! Фæлæ Хъарадзау нæ сабыр кодта. Æмæ куыд æрсабыр уыдаид – де 'ккой цыдæр хæссай æмæ цы у, уый ма зонай! Æмæ та ныззылди. Уæд ма иу хъуахъхъ фæкодта цæргæс, стæй йæхи фесхуыста авдæны хъæдæй æмæ йæ йæ даргъ базыртæ, æддиæутты уылæнтæгæнгæ, ахастой уартæ Нары дзуарырдæм.

Леуан æмæ Хъарадзау йæ фæстæ бирæ фæкастысты.

– Цæргæс уыди, нæ? – бафарста хъæрæй Хъарадзау.

– Цæргæс уыди, цæргæс, – загъта хъæрæй Леуан дæр.

– Уый зонгæйæ нæ ныззылдаин, æмæ нæ атахтаид, фæлæ йæ нæ федтон, æмæ уæд та циу? Уæд та нын чъизи бакодта нæ

авдæн! Ацы мæргътæй ахæмтæ ис, æмæ кæм ачъизи кæна, уый мæтæй рынчын сты. Æмæ стæй хъуамæ чъизи авдæн фæхаста-иккам Цымимæ!

– Цæргæс уыди æмæ хорз уыди, цæргæс æмбæлæг нын кæй фæци нæ авдæныл, уый. Куы йæ ауыдтон, уæд мæ зæрдæ фæкъæпп кодта, æхсызгон къæпп фæкодта мæ зæрдæ, æмæ мæ риуыдзаг сулæфыдтæн. Цыдæр ныфс мæ бацыд, нæ ног авдæныл нын цæргæс кæй абадти, уымæй.

– Ноджы мыл цыдæр сонт бадт акодта, – йæ бустæйы ныхæстæм та рахызт Хъарадзау. – Ныр авдæн куынæ разында-ид ме ‘ккой, уæд мын мæ уоны стæгыл абадынмæ хъавыд?!

– Æмæ кæд комкоммæ авдæнмæ тахти, уæд та? Цæргæс дардмæ уыны æмæ, чи зоны, федта – далæ иу дзæбæх лæппу авдæн фæхæссы, нæуæг авдæн æмæ загъта: цом-ма ‘мæ йын абадон йæ авдæныл, æмæ йæ нæуджытæ мæн фæуой авдæнæн. Æмæ æгайтма цæргæсы фесты йæ нæуджытæ, уый хуызæн тъыфыл цæргæсы! Уый хорз у, Хъарадзау, уый мæ зæрдæмæ цæуы.

Хъарадзауæн æхсызгон уыд, Леуан афтæ кæй бацыбæл и, уый. Ракасти йæм фæстæмæ.

– Гъеныр мæм иу фæнд и æмæ дын æй куынæ зæгъон, уæд нæ ныллæудзынæн, – загъта Хъарадзау.

– Зæгъ-ма йæ, зæгъ, мæхи Хъарадзау, кæддæра дæм æз куыд дзæбæх байхъусин.

– Ахæм фæнд мæм и, æмæ фæстæмæ сонт здæхт ма фæкæнæм Цымийæ.

– Нæ фæкæндзыстæм сонт здæхт, нæ, цæй сонт здæхт фæ-кæнæн нын и!

– Нæннæ, хъуамæ авдæны мах цур бабæттой Къостайы, æмæ йæ мах цур аузой, кæддæра цы ми кæнид Къоста, куы йæ узой, уæд. Хъуамæ йæ мах дæр аузæм, кæддæра дзæбæх æнцон узæн рауади нæ авдæн.

– Ды-иу æй ауз.

– Ауздзынæн æй. Æз бирæ уарзын авдæн узын. Æмæ-иу мæнæн узын кодтой сæ авдæнтæ иууылдæр.

– Чи-иу дын сæ узын кодта?

– Устытæ. Фæдзырдтой-иу мæм, мæнæ-ма, дам мын мæ авдæн ауз. Æмæ-иу ныббындз дæн. Тъæпæн-иу сбадтæн авдæны фарсмæ æмæ-иу æй узтон æмæ узтон. Æз-иу ын заргæ дæр кодтон.

– Кæмæн-иу зарыдтæ?

– Кæй-иу узтон, уымæн.

– Цы-иу ын зарыдтæ?

– Устытæ-иу сæхæдæг цы зарыдысты, уый-иу сын зарыдтæн æз дæр:

*Алолотæ ‘мæ цыцытæ,*
*Дæ цæстытæ æрцъынд кæ.*
*Гъæцитт, Гино, мауал уас,*
*Йæ гукку йын ма алас.*
*Хъоппæг хæрай-хъуымбылæг,*
*Сæ дуармæ хъуынджын лæг.*

– Уый диссаджы зарæг куы у! – йæ цæстытæ æхсызгон змæлд бакодтой Леуанæн. – Уыцы мæгуыр лæппуйæн дæр-ма-иу æй азар, нæ?

– Азардзынæн ын æй!

Уæдмæ сæм æрбазынди Цыми. Леуан æрлæууыд æмæ хъæрæй скуывта:

– Табу дæхицæн, Хетæджы Уастырджи!

*Октябрь, 2014 – февраль, 2017*

*АБОЙТЫ Зарæ*

# МÆ ЗÆРДÆ – ÆВДИСÆН

## МАД

Мæ рухс ыстъалы,
Мæ цæугæ мæсыг,
Дæ уындæй калын
Æз цины цæссыг.

Дæуыл фæзарын –
Ды мæ рæвдауыс,
Фæндагмæ дзуæрттæ
Мæныл æфтауыс.

Дæумæ хъусгæйæ
Мæ зæрдæ буц у,
Дæумæ кæсгæйæ
Мæ зæрдæ рухс у.

Мæ рухс ыстъалы,
Æрттивгæ фæрдыг, –
Фырбуцæй калын
Æз цины цæссыг.

* * *

Æз хъалтæй куынæ дарын ницы,
Мæгуыр лæгау бонзонгæ дæн,
Мæнæн у мæ зæрдæ æвдисæн,
Мæ ныфс у мæ хуыздæр лымæн.

Куы фæцудон истæмæй царды,
Куы фæтыхса, оххай, дæ чызг,
Дæ мидбылты бахудт йæ рады
Ныффалгæрон кæндзæн мæ хъыг.

Куынæ дарын ницы æз хъалтæй,
Мæгуыр лæгау бонзонгæ дæн,
Ныццæлхъ ласы зæрдæ «Дæ-да-дæй»,
Ыстъалыйау скалы тæмæн.

Нæ паддзахады курдиатджын адæймæгтæ нæ хъæуы. Æрмæст æй æгъуыз, æнахъаз, зæрдæцъæхгæнæн цыдæр-мыдæртæ хъæуы. Уыдæттыл кæуын... Афтæ мæм кæсы, цыма зæронд дæр уымæн кæнын.

*Алексей БАТАЛОВ*
*Собеседник, 2017, № 23*

*КЦОЙТЫ Астемыр*

## ХУЫЦАУЫ МИНÆВАР

Нæ рагфыдæлтæй нырмæ ирон адæм зæрватыкк нымайынц Хуыцауы минæварыл.

Хæблиаты Сафар йæ радзырдтæй иу (стæй йæ чиныг дæр) хуымæтæджы не схуыдта «Дзæнæты маргъ». Ацы эпитет дæр зæрватыкмæ хауы.

Æмæ уый хуымæтæджы нæу. Ирыстоны базæронд дæн æмæ никуы федтон хохы, хъæды æмæ быдыры, адæймаг кæм нæ цæры, кæм нæ кусы, ахæм ран зæрватыччы ахстон. Цас амал ын уа, уыйас адæммæ хæстæгдæр æрцæры. Фылдæр хатт та цæрæн хæдзæртты, уымæй дæр, бинонты змæлд фылдæр кæм у, уым, дуары кæнæ рудзынджы сæрмæ тарвазтыл йæ ахстон скæны. Лæппынтæ дзы рауадзы, схъомыл сæ кæны. Бинонтæ дæр сыл аудынц, хъахъхъæнынц сæ. Афтæ хъæрмудæй цæрынц иумæ æнусты дæргъы зæрватыкк æмæ адæймаг. Æрмæст къуырма зæрватыкк ласы йæхи дардмæ адæймагæй... Цымæ, куыдæй баиу зæрватыччы зонд адæймагимæ? Ацы фарстайыл бирæ фæлтæртæ хъуыды кодтой алы заманты, фæлæ йын раст дзуапп ссарын сæ бон нæ баци. Фæстагмæ ууыл банцадысты, зæгъгæ, ацы маргъ у Хуыцауæй æрвыст минæвар. Ныр адæмы сфæлдыстадон зонд тынг райрæзт, æмæ бирæтæм фæзынди ахæм хъуыды, зæгъгæ,

а зæххыл мæргътæ куы равзæрдысты, уæд иннæтау зæрватыкк дæр йæ ахстон кæмдæриддæр уæндонæй кодта.

Фæлæ йын тугдзых мæргътæ æмæ алы лыстæг сырдтæ знаггад хастой. Адæймаг та йæ æппындæр нæ хъыгдардта. Æрмæст ын-иу сæ стæм хатт цыдæр æнæджелбетт адæм фехæлдтой...

Рæстæджы дæргъвæтины зæрватыкк уый куы рахатыдта, адæмы ‘хсæн æвзæр зæрдæтæ бирæ къаддæр кæй ис, уæд ыл мыггагмæ баууæндыд æмæ йæ цард сбаста адæмимæ. Уыцы æууæнкæн мах стыр аргъ кæнæм æмæ йæ цæсты гагуыйау хъахъхъæнæм, фæзæгъæм:

– Зæрватыкк нæм Хуыцауы фарн хæссы!

Нæ хæрзæджытæ йыл скодтой æмæ ныр дæр æрымысынц диссаджы зæрдæагайгæ зарджытæ. Сæдæ азæй фылдæр цæуы Къостайы æмдзæвгæ «Зæрватыкк»-ыл, уæддæр ма йæ адджынæй кæсынц кæнæ дзурынц Иры дзыллætæ. Æрымысæм та йæ мах дæр:

*Зæрватыкк – æнæхъыг,*
*Æнæмаст цæрæг!*
*Дæ зарæг – нæ дарæг,*
*Нæ уалдзæггæнæг!*

*Хъæлдзæгæй, æвзыгъдæй*
*Фæхæтай фæрнæй*
*Нæ хæхты, нæ бæсты,*
*Æлдар кæмæн нæй!*

Поэт Сабайты Сулейманы чиныг «Цийнитæ»-йы дæр стыр æхсызгонæй бакастæн æмдзæвгæ «Зæрбатуг»:

*Ци зарис бæрзондæй,*
*Ма тæрсæ мæнæй.*
*Дæуæй мин уарзондæр*
*Еу маргъ дæр ку нæ ‘й.*

*Æрбадæ мæ цормæ,*
*Æмбал дæн дæуæн.*
*Дууемæй и хормæ*
*Нæ зартæ кæнæн.*

Афтæ хъæрмудæй цæрынц æнусты дæргъы зæрватыкк æмæ адæймаг. Ирыстон æнæ зæрватыкк никуы уыд. Æнæ уымæй фидаугæ дæр не скæнид. Фæлæ нæм фæстаг азты зæрватыкк бирæтæй нал æртæхы. Ахуыргонд, географ Беруаты Барис афтæ фыста: «Зæрватыкк тынг æнкъары уæлдæфы чъизи (радиаци), æмæ дзы гыццылдæр фæхъæстæ, зæгъгæ, уæд æндæр ранмæ атæхы...»

Цымæ ма искуы нæ уæлдæф раздæрау схорз уыдзæн? Цымæ ницы мадзал ис, цæмæй Ирыстон æнæ зæрватыкк ма баззайа, уымæн?

*2017.08.08*

*ГАГЛОЙТЫ Толик*

# МÆ ФЫЦЦАГ УАЛДЗÆГ

* * *

Ма уæд æнæфсон дæ ацыд,
Исты æфсон ын ыссар.
Уарзты ныфс рындзыл нæ басыд, –
Курын, дæ зæрдыл мæ дар.

Амонд мын уаид дæ раздæхт, –
Ма бафтау удыл фæсмон.
Маргъау кæд атахтæ – атæх
Арвмæ, цæмæй дæ уынон!

Тулдз дæр ныккæрзы, нырризы,
Миты бын сæлы зæлдæ.
Афтæ мæ зæрдæ дæр риссы,
Сагъæсты нымæц – сæдæ.

Диссаг нæ уыди дæ ацыд,
Диссаг дæ раздæхт уыди! –
Иу сыг уæд та дæ æруадзын
Фидыды алдзæн хъуыди.

## МАДЫ ЗАРÆГ

Мæ царды уаргъ нæ хæссын æз æнкъардæй, –
Куыд нæ тыхса мæ сусæг мæтæй мад.
Фыццаг зарæг æз фехъуыстон мæ мадæй,
Фыццаг уарзтау мæ зæрдæйы æрцард.

Нæй мады хæсæн бафидæн, фæзæгъынц,
Йæ хъæбулты нæ хæсджын кæны мад.
Мæ къæхтæ мæ нæ къæсæрæй нæ хæссынц, –
Æнæ мæн та кæндзæни уый æнкъард.

Дæ цæстытæй мæ фыццаг уалдзæг федтон,
Дæ фæдзæхстæй лæгъз фæндæгтыл цыдтæн.
Мæ фæлмæн гыцци, урс уæрыкк дын фестон, –
Дæ хъæлæс уыд æвдадзы хос мæнæн.

*ДЗУЦЦАТЫ Къоста*

# САТИРИКОН НЫВТÆ ÆМÆ ТАУРÆГЪ

## ЛÆГÆВЗÆРСТ МÆРДДЗЫГОЙ

*Фельетон*

Фæлæ Тæрсджыны цæрæг зæронд Гæлæу аивгъуыдта, Ахæрæты фæндагыл фæраст. Йæ уæлкъæйыл дон ракалдис æмæ зынг бахуыссыд, нæ фæрстæ йыл æрбайхæлой.

Хъæргæнæг бахоста Резойы дуар дæр. Цæуын æй хъæуы, мæрддзыгой акæнын, Гæлæу йæ тугхæстæг уыд... Æмæ йæ фæдыл хъуамæ исчитæ базмæла. Резо йæ рæстæджы нымад лæг бæргæ уыд, фæлæ зоны кад æнхъызт хъæрмхуыппæй уæлдай нæу, никæй хъæуы.

Резо дзидзайы базарады куыста. Иубон бавдæлд æмæ йæ зылындзаст дæлæсыхаджы фыдджинагыл хъуджы фæздонæй иу хай басхуыста. Фыдджынтæн сæ цъар диссаджы сойджын рауад, фæлæ фыд баууилын нæ куымдта.

Уый Резойыл ныхас бахаста, мæ цæсгомы сахъат фахсырдыгæй, дам мæ афæлывта. Гъемæ лæджы йæ куыстæй расырдтой. Уастæн дæхи хырхгæ фæцæуай, кæд зылын цæстæн дæ уæлæ æнæхæсгæ нæй!

Йæ дунейыл дæр уый дуканийы къæсæрæй чи никуы бахызт, уыдон ын йæ хабæрттæн ницы зонынц. Мæнæ Дзамырз, Бимæрз, Чисбалыхъ дæр афтæ. Сæ иуæн

дæр ус нæй. Нæ цард нæ халæм, зæгъгæ, бинонтæ не скодтой. Ус ракурыны зонд сæм æппынæрæджиау фæзынд, æмæ цæхæрадонмæ дæр сæхи рацаразынц. Кæсыс, абон дæр автобусы куыд «къæрццæй» бадынц! Сылгоймаджы рæсугъд гуырыконд, дам, ма æрмæстдæр зианмæ ацæугæйæ фендзынæ æмæ кæсæнцæстытæ бакодтой.

Резойы фарсмæ Дзамырз æруæз кодта. Фынгæн хистæр уа, уый уарзы æмæ та автобусмæ дæр се ппæты разæй фæци.

Мæнæ Соли дæр фæзынд. Дæс къласы раджы фæцис, фæлæ рæз æвзæр хæссы, æмæ йæ чи нæ зоны, уыдон афтæ æнхъæлынц, нырма фыццаг къласмæ цæуы, зæгъгæ. Бæрзонд сылгоймæгтæм хæрдмæ кæсынæй йæ къубалы нуæртты æндыснæг фæбадт. Йæ фындз схъæлæй дарын райдыдта. Раст фæндагыл дæр фæкæлы æмæ та йын расыджы æфсон фæвæййы.

Къуыбыры сыхаг Пъетъро йæ уылæн йæ разæй æрбахаста. Æллæх-æллæх, æмæ кæуылты ныррæсыд, кæдæмты фæцыд! Ахæм фидауцджын лæджы кусыныл бафтауын тæригъæд у. Дæ бындур ма ныззила, Пъетъро, цас арахъхъ банызтай! Фæлæ йæм иу «давленæ» дæр нæй æмæ иннæ дæр. Йæ сæр кæм ис, уый дзы зыбыты рох дæр ма фæцис. Æмæ кусгæ куынæ кæнай, уæд дæ уыцы сæр чердæм хъæуы? Мардмæ худ хæссынæн? Æмæ уый модæйы дæр куы нал у!

Резойы галиуварс йæ иннæ сыхаг Бабадзимæ æрхауд. Нæ хæрыны лæг, нæ нуазыны, фæлæ йæм уæддæр, мæрддзыгой адæм фылдæр уой, зæгъгæ, уый охыл фæдзурынц.

...Мæрддзыгой æмбырд кæны. Мæнæ, бакастæй Саулæджы хуызæн чи у, уыцы Бури дæр фæзынд. Фыдбылызтæ йыл сагъуыдысты. Фарон йæ зæронд фыд куы æруæззау ис, уæд Бурийæн дæр уыцы уаты хуыссæн бакодтой, ома, æхсæвы йæм йæ цæст фæдара, зæгъгæ. Фæлæ Бури уыцы изæрæй фæстæмæ уым рухс ахуыссын кæнын нал бауагъта. Удхæссæг, дам, талынджы мæнмæ куы æрбарæдийа, уæд та?

Бури æнæуи йæ цардæй ницæмæй хъæстаг у. Йæ къух уазал доны дæр никуы атъыста, æхсæвгæсæй цы акуыста, æндæр. Иухатт фермæйы мусæй холлаг ныссатар кодта.

– Цæмæн нын ауæй кодтай нæ цъæх хос? – Бурийы фæрсы сæрдар.

– Омæ, уæдæ хъæмп ничи æлхæны, хъæмп...

Машинæ фенкъуысти. Мæрддзыгой лæгæвзæрстæй араст сты...

# ГУЫБЫНДЗÆЛ

Чабæ Хæмæты фыд Еппайы хæрнæгæй афæдз фæцæрыны фаг дзидза рампъыхта. Дæ бындур макуы ныззила, утæппæт стыр къуылдыхтæ аныхъуырыны ныфс та дзы куыд бацыд!

Ныхас цæугæдонæй уæлдай нæу, иугæр фенкъуыстис, уæд æй нал бауромдзынæ. Цыдис, цыдис, æмæ Чабæйы хæлæфы кой Хæмæты хъустыл сæмбæлд.

Бæгуы не смæсты лæг: «Йаræби, хисты дын барст нæу, цасфæнды дзы бахæр. Фæлæ ма уыдон та цавæр хæдзармæ хæйттæ сты?»

Сылгоймагæй йæ маст куы райсид, уый йæ бæргæ фæнды, фæлæ куыд? Ахæм заман рагацау ницы æрхъуыды кæндзынæ. Уалынмæ дын саг фæрæтмæ æрцыд. Базары Чабæ йæ тæккæ комкоммæ æрлæууыд. Йæ ныхæй хид асæрфта æмæ дзуры:

– Куыдзы фæллад дæн æмæ, зæгъын, кæд машинæйæ дæ, мыййаг...

– Уартæ лæууы, – Хæмæт кæйдæр хæдтулгæмæ бацамыдта.

– Æнæхъæнæй дæр дын цæрæнбон фестон, – загъта Чабæ æмæ уым фæстаг бандоныл æрфæтъæн.

Хæмæт æм мидæмæ рудзынгæй дзуры:

– Хызынтæ райхал, исты дзы скомдзаг кæн.

Чабæ сæрак хызынæй дынджыр къалбас сласта, зыдæй йæм фæлæбурдта æмæ йын уадидæгæн йæ хæрз æмбис фæдæле кодта. Йæ тæккæ мондагдæр комдзагмæ куыддæр бахæццæ, афтæ иу лæг йæ уæлхъус алæууыд. Цыфæнды расыгæй куы бахуыссай æмæ дæ фыны хæйрæджытæм сиахсы цыды куы бахауай, уæддæр ахæм диссаг нæ фендзынæ:

– Цы кусыс мæ машинæйы? Кæдæм мын мæ къалбас æфтъæрыс?

– Ай Хæмæты машинæ у, ай Хæмæты къалбас у!

Знон, дам, æррадонæй æртæ сылгоймаджы ралыгъд, æмæ ай кæд уыдонæй у, зæгъгæ, лæг Чабæмæ сдзурын нал суæндыд.

Уалынмæ машинæйы хицауæн йе 'фсин дæр фæзынд. Гыццыл чызгæй сæ уырыты цæстытæ цывзыйæ байсæрста æмæ, дам, уæдæй нырмæ, тас цы у, уый нал æмбары. Дыууæ сылгоймаджы ныхæй-ныхмæ тох самадтой. Фæстаг дуарæй портийау рахаудтой. Чи дзы рамбылдта, уый нал сбæрæг, фæлæ Чабæ къалбас не суагъта, æрдæгæууылдтытæй йæ ныхъуырдта.

## СГУЫХТ ЛÆГ

Луккæимæ сыхæгтæ стæм, хæларæй цæрæм. Иумæ абадæм. Æмæ мын иуахæмы зæгъы:

– Уæллæй, нæ хистæртæ тынг æнахуыр систы. Иутæн дзы фынгæй сыстыны хъомыс нал вæййы, иннæтæ уайтагъддæр фæгæпп ласынц, аннæтæн сæ иу ракуывдæй иннæмæ лæгæн йæ нозт алидзы.

– Уæд та дæхæдæг хистæриуæг кæнын райдаис?

– Кувын нæ зонын, кувын.

– Æппындæр ма ууыл ма тыхс. Æз дæ сахуыр кæндзынæн!

– Хорз, бафæлварæм.

Æхсæвы нал бахуыссыдтæн: фæфыстон сидтытæ. Луккæ та йæ рæгъау хизæнмæ куыддæр ратардта, – алы райсом дæр сæ иу афон скъæры, – афтæ йæ размæ фæдæн:

– Мæнæ дын ног рæхсад ныхæстæ. Дæ зæрдыл сæ бадар, æмæ дæ адæм уыцы уæззауæй дæр сæ уæлныхты хæсдзысты.

Иу изæр мæ сыхæгты дуар бахостон. Луккæ мæ размæ рауад:

– Уазæг Хуыцауы уазæг! Мидæмæ, репетици акæнæм.

Хæдзары æфсин йе ‘вæрæнтыл нæ бацауæрста: пъæмидортæ, цæхæратæ, джитъритæ, къабуска æмæ ма ноджы цыдæр цæхджынтæ. Ахæм фынгмæ кæсгæйæ дзидзайы ад ферох кæндзынæ.

– Уæдæ райдай.

Луккæ цайцымæн systa:

– О не Сфæлдисæг, Джеоргуыбамæ мын бæгæныйы хор æртæ путы дæумæ.

Мæ гæххæтты ахæмæй ницы фыст ис, æмæ дын кæд Хуыцау къæбицгæс нæу, зæгъгæ, йын афтæ куы бакæнин.

– Дæ фыстытæ мæ, æвæццæгæн, хуыздæр сахуыр кæнын хъæудзæн, – басасти Луккæ.

– Æнхъæлдæн, æмæ йæм уæвгæ дæр нæма æркастæ.

– Нæ мæ равдæлдис, Зæронд Бæтхъойыхъæумæ Цæрайæн арахъхъ аластон. Дыууæ далысы дзы дарын æмæ мын сæ, зæгъын, мæ дæс литры ныхмæ сфысса. Цалынмæ балоны бынæй рухс скалдис, уæдмæ, истыхуызон куы фæуа, зæгъгæ, уый цур фæбадтæн.

– Уæдæ уал, цæй, иударон рæгъытæ зæгъ...

Фæйнæ фондз цайцымæны уал фæдæле сты. Ногдыгъд æхсыр

нуазыны ахуырæй мæ сæр зилын райдыдта, афтид къоппайæн иу æртах дæр – æгъгъæд, фæлæ фысым уæлдайхуызондæр нæ фæци. Хистæрæн хъуамæ Луккæйы хуызæттæ бадой, æндæр уайтагъд чи фæкамчыри уа, уымæй цæй æгъдау домыс?!

Мæ уавæр мын фембæрста æмæ зæгъы:

– Уæдæмæ нæ фæлварæнтæ иннæ хатмæ аргъæвæм.

– Гъемæ хорз, – сразы дæн, – æцæг дæрддзæф бонтæм нæ.

...Амæйразмæйы фынг цæй фынг уыд: ацы хатт æфсин æппындæр йæ рæбынтыл нал бацауæрста.

Луккæ кувы:

– Уæдæ, Хуыцау, паддзæхтæм дæр ахæм хорз зонд æрцæуæд, тагъд рæстæджы сармадзантæй арахъуадзæн хæтæлтæ аразын куыд райдайæм!

– Адæм ииуылдæр нозт кæнынмæ куы февналой, уæд арахъхъы хъаймæт ралæудзæн, – бахудтæн æз.

Куыдфæстæмæ Луккæ афтæ сдæсны кувынмæ, æмæ ныр бæсты кæрæтты æртыгай кæрдзынтæм æрмæстдæр уый фæхонынц. Уæдæ рухсаг зæгъынмæ дæр тынг арæхсы. Хисты бон æм байхъус, æмæ Уæрæсейы бæркад ииуылдæр марды фыццаг скæны.

Басгуыхтис Луккæ: алырдыгæй йæм табуафсийæ дзурынц. Кæс, æмæ та сæ кæрты дуармæ хонæг:

– Уæлæ, фатер чи райста, уый Луккæйы стыр æхсызгонæн агуры.

– Нæхимæ нæй, Уæлладжырмæ йæ чындзхæсджытæн хистæрæн акодтой.

– Омæ сæ иннæбонмæ хъæуы.

– Иннæбон та нæ хæдзардарæг Ашухæйæн йæ гуырæн бон у...

– Уыйиннæбон дæр ын ахст у?

– Нæ ног сыхаг, фарныхъæуккаг, расыгæй æвзæр фын федта æмæ, дам мæ Луккæ Бынатыхицауыл куы афæдзæхсид.

– Йарæби, æппындæр уæхимæ нал вæййы, æви? – батыхсти хонæг.

– Нал, нал, мæ хæдзар! – йæ рахиз æрфыг бæрзондгомау систа æфсин.

Луккæйæн йæ арфæтæ куыд цæуынц, уый та? Дæ дард бæлццонæн дын акуывта, зæгъгæ, уæд Сыбырæй дæр уæхимæ æвæстиат æмæ дзагармæй сфардæг уыдзæн!

Лæг фесгуыхынæн дзы бирæ куыд нæ хъæуы, уый тынг диссаг у, æвæдза!..

# ТУЛДЗЫ СЫФ

*Æцæг хабар*

Раджы заман Ходы хъæуы байрæзтис иу чызг – Тауырзæт. Хуры тынтæ йæ рæсугъддзинадæй нæ иртæстысты æмæ йæ цæсгом тæмæнтæ калдта. Æхсæв та-иу ыл стъалытæ æрæвæрдтой сæ цæст æмæ йын рухсы фæд йæ развæндагмæ ʻрвыстой. Усгуртæ йæм бæллыдысты. Бон йæ фæдыл зылдысты, æхсæв сæм хуыссæг æвввахс нæ цыд. Сæ раны фесты иууылдæр, сæ удхарæн нал зындис йæ кæрон. Æппæтæй ма зæрдыл кæм лæууынц, фæлæ уыцы усгуртæй иу – Батрадз хуындис, иннæ Тъæрæс.

Уираг дурæй уарыны æртах куыд фесхъиуы, Тауырзæт дæр афтæ йæхимæ ныхас æмгæрон нæ уагъта. Уый раджы равзæрста йæхицæн къайæн Батрадзы. Лæппуйæн чызджы ахаст æмбæрстгонд уыд, æмæ дыууæ уды кæрæдзимæ зæлдагæй быд фæндаг нывæстой. Хæххон рог дымгæ-иу алæууыди се ʻхсæн, æмæ йын сæ сусæг ныхæстæ фæдзæхстой.

Лæппу чызджы фæндон бæлвырдæй зоны, æмæ йæ минæвæрттæн ис фæндаг сæ кæртмæ. Рауай зæгъын йеддæмæ сæ хъуыддаджы куы ницы хъæуид, бæргæ. Фæлæ дзы ирæд æрцагурдзысты, æмæ сын цы ратдзæн? Бæллицтæй цард куыд нæй, змисæй конд къултæй дæр фидар цæрæнтæ – афтæ. Æрмæстдæр йæ фæстæмæ фæкаст йæ къухтæ сты, йæ хъару. Уыдоныл ныффæдзæхста йæ амонд.

Батрадз, лæджы фыдæбон чи уыны æмæ йын аргъ кæнын чи зоны, уыдоны цæстыты бахауд. Сæ дис æмбисонд фæцис. Хуыцау хорз, æмæ лæппу никæй цæсты бафтыд. Стæй ма, æвæццæгæн, усгурæн фæллой йæ къухты амонды руаджы дæр бафтыд. Йæ цард æхсæвæй бонмæ дæр цæхгæр раивы. Фæлæ ма дзы ноджы «фæлæ» дæр ацы хатт разынд, æмæ уый мидæг дæр ис йæ хъиамæт.

Хурбонæн йæ тынтæм райæм. Райсом цы бауыдзæнис арв, ууыл та мæт кæнын цæмæн хъæуы?.. Батрадзы фыдæбонæй, дзыккайы бынæй сой равзæрæгау, хæдзар мыдыкъус фестад. Тауырзæты фыдæн цы ирæд радта, уымæй дæр сæ бæркад нæ фæкъахыр. Уый нæ, фæлæ ма йын йæ уарзоны æрбакъахдзæф ноджы стырдæр разæнгард æрбахаста. Ныронг дæр ын фæллад

цы уæнгтæ нæ зыдтой, уыдонæн ма сæ хъаруйыл бафтыд.

Тауырзæт мигæнаг сылгоймаг рауад. Уый дæр йæ удæн æнцой нæ лæвæрдта. Хосгæрсты-иу æй хорз ссивæг не 'ййæфта. Иуахæмы сæ уыгæрдæны лæг æмæ ус райсомæй сихормæ стыр тъæпæныл аххæссыдысты. Батрадз йæ бинойнагмæ дзуры:

– Ацу уал хъæмæ, хæдзармæ дæ цæст фæдар, стæй мын-иу комдзагæн дæр исты фен.

Тауырзæт уырдыджы уайтагъддæр фæаууон. Батрадз тулдз бæласы бын йæхи æруагъта æмæ афынæй. Æмæ дын Тъæрæсы хуызы удхæссæг йæ уæлхъус балæууыд. Дзæгъæл рахъуыдыбахъуыдытæ нал, фæлæ Батрадзы риуы йæ хъамайы цыргъ ныссагъта. Фесхъиудта лæг, фæлæ ма йæм уæддæр сдзурыны хъару разынд:

– Зыдтон, Тауырзæты ды дæр кæй уарзтай, уый, фæлæ ахæм маргзæрдæ кæй дæ, уый мæ нæ уырныдта.

Йæ риуы цæф йæ къухæй æрæлхъывта, стæй тулдзы сыф систа æмæ та тыхамæлттæй загъта:

– Фенæг дæ нæ фæцис, фæлæ мæнæ ацы тулдзы сыф мæ тугисæг уыдзæн...

Ууыл Батрадз ауагъта йæхи, дуне йыл баталынг.

Хуыцауæн йæ рæстдзинад кæуылты у! Æвзæргæнæгæн уый йæ цъаммар ми нæ бары. Бæргæ, æппæтæн дæр се 'взæр митæ сæхи сæр куы 'ййафид, фæлæ...

Сыздæхт уыгæрдæнмæ Тауырзæт. Дæ балгъитæг уый уавæры бахауæд. Батрадзы мардыл цыма бæстæ иууылдæр ныхъхъус. Иу сыбыртт дæр нал цæуы, æрмæст ма хатгай тулдз бæласæй сыфтæрты сыбар-сыбур райхъуысы. Уый, марæджы мах федтам, зæгъгæ, цыма дзурынц. Хъаймæты бон ныр баййафдзæн йæ сæр.

Рæстæг азгъордта. Тъæрæс Тауырзæтмæ минæвæрттæ барвыста. Не сразы æрыгон сылгоймаг.

«Мæ риуы Батрадзæн мыггагмæ ис бынат», – ахæм уыд йæ дзуапп.

– Цот уын нæ рацыд. Æрыгон дæ, цæй номыл хъуамæ батайа дæ уд, – ахæм ныхæстæгæнджытæ дæр ын уыд.

Сылгоймаг фæтасыд, ком радта, æмæ йæ Тъæрæс æрхаста. Æнæфæллой уарзондзинад нæй. Цардамал фыдæбæттæ домы. Лæг дæр хосгæрстæн уыцы тулдз бæласы цур стыр æрдуз равзæрста. Тъæрæс кæрдгæ, Тауырзæт ссивгæ. Йæ дыууæ къухæй

сылгоймаг алы куыстмæ дæр арæхстис. Сихорафон сси. Фынг равæрдтой. Лæг усмæ дзуры:

– Къуымæл ма мын лалымæй æркæн.

Дзаг сыкъа лæг куыддæр йæ къухмæ райста, афтæ тулдзы сыф йæ мидæг ныххауд.

Тъæрæс дзуры йæхимидæг дзурæгау: «Ацы сыф Батрадз йæ мастисæг æмæ йæ тугисæг рахуыдта. Цымæ, куыдæй хъуамæ рауайа афтæ».

Уыцы ныхæстæ Тауырзæт айхъуыста, фæуыргъуыйау. Базыдта йæ лæджы марæджы. Аивæй бæласы къалиуыл ауыгъдæй Тъæрæсы хъыримаг æриста æмæ йыл æй уырдæм ныффæрсыгъта.

Дыууæ уарзон уды æхсæн бацæуын тæригъæддаг хъуыддаг у. Чи цы агура, уый ссардзæн.

*Радзырдта йæ мызуйраг æвдайаздзыд*
***Едзиты Андрей***

*БЫЗЫККАТЫ Земфирæ*

# ГЫРКЪО – ЧЫНДЗХÆССÆГ

*Юморескæ*

Алагирæй, Сугъараты кæртæй цы чындзхæсджытæ рацыд зæронд ПАЗ-икыл, уыдон фæссихор ныххæццæ сты Мустыздæхы хъæумæ. Æрхызтысты чызджы хæдзары дуармæ. Лæууынц мидæмæ бахизынæввонг. Сæ размæ рацыди цардхуыз, ацæргæ нæлгоймаг, «æгасцуай» загъта уазджытæн.

Кæсынц, æмæ дын сæ хæдфæстæ дæрдджын «Волгæ» ‘рхæццæ. Стыр хъуыддагхуызæй раззаг рудзынгæй кæсы, æцæг лæгау, лæджы хуызæнæй æвзонг лæппу – сиахсаджы хæрзæфсымæр дыууадæсаздзыд Гыркъо. Йæ уæлæ замманай букъле палто, уæрæхзылд кепкæ, сау сæрак цырыхъхъытæ, йæ галиу къухы бур хъæбæр гæххæттæй тыхтон – «Зæрватыкк» къафеттæ...

Бакæс æм, æмæ – æцæг цæттæ лæг! Хъуыддагхуызæй бахызтис кæртмæ, фæйнæрдæм аракæс-бакæс кодта, стæй фæкуыси чындзы уаты. Йæ уынаффæ цæттæ уыд: хъуамæ чындзы йæхæдæг ракæна, цы хæдтулгæйы æрцыд, уымæй йæ балæууын кæна сæхимæ Уæлладжыры комы, Сугъараты къулæнцой.

Нæлгоймаг-чындзхæсджытæ бацыдысты хистæрты фынгмæ, сылгоймæгты та ахуыдтой чындзы уатмæ. Гыркъо се ‘хсæнты аныхст, йæхицæн афæндаг кодта

æмæ, дыууæ къухæй къафетты тыхтон балæвæрдта, чындзы æмварс цы чызг-сылгоймаг лæууыд, уымæ. Стæй дын йæ галиу уæрагыл æрхауæгау, чындзæн йæ сæрæй ныллæг акуывта. Сыстад, скастис æм тиуы сгаргæ цæстытæй æмæ иу цалдæр минуты афтæ алæууыд, афæлгæсыд, ахъахъхъæдта адæмы æмæ уæндонæй чындзы къухыл рахæцыд, фæкæны йæ «Волгæмæ». Чындз дæр æнæдзургæйæ коммæгæс йæ фарсмæ цæуы, йæ сæр æркъул кодта.

Адæм та афтæ фенхъæлдтой, æмæ йæ Гыркъо хистæртæм фæкæны кæйдæр æнахуыр фæдзæхстмæ гæсгæ. Сылгоймæгтæ кæрæдзимæ ракæс-бакæсыл систы, ай цы хабар у, цы æгъдау у, афтæ барджынæй йæ куыд фæхоны, уый йын кæцырдыгон ирон ми у, зæгъгæ.

Уæдмæ Гыркъо чындзы «Волгæ»-йы сбадын кодта, цъæх кæрдæгыл йæ цырыхъхъытæ æнæвдæлон тагъд-тагъд ахафта, уый фæстæ сæ дуарæй дæр ма æддæмæ радардта æмæ сæ кæрæдзиуыл бахоста, дуар багуыпп ласта æмæ шофырмæ дзуры:

– Ахæц, Баби! Растæндæр мæ кæцæй раластай, уырдæм!.. Уасгæ-иу бацу хъæумæ!

Хетæджы къохмæ схæццæ сты.

– Ам-ма фæуром, Баби!

Хæдтулгæ бауисæн кодта, æрлæууыд. Гыркъо рахызт, байтыгъта фæстаг дуар, йæ галиу къух бадаргъ кодта чындзмæ æмæ йын уæзданæй рахæцыд йæ рæмбыныкъæдзыл. Уый дæр та йæ фарсмæ сæркъулæй æрлæууыд, кæсы йæ къæхты бынмæ. Гыркъо чысыл графинæй рауагъта йæ мады конд хоры арахъхъ сыкъайы, слæууыд риу-къуыппæй, уæхск-фæтæнæй, æмæ, рахиз къух æд сыкъа хæрдмæ сисгæйæ, уæларвмæ нымдзаст, афтæмæй кувы:

– Æтт, тæхгæ-нæргæ Хетæджы Уастырджи! Мæ уд дæ сызгъæрин цæуæнтæ æмæ тæхæнты фæхъхъау... Абон мæ мадызæнæг Сугъараты Гæвди – мæ иунæг уарзон æфсымæр – бинонты хъуыддаг бакодта æмæ йын æххуысгæнæг у! Амонджын боны сæ баиу кæн! Кувæм дæм, курæм дæ фыццаджыдæр æнæниздзинад, сæ цард рæсугъд куыд ацæуа, сæ дуг сабыр куыд уа, æмæ афтæмæй – авд лæппуйы æмæ иу цъæхдзæст чызг! – йæ худ систа, хæрдмæ йæ сæппæрста æмæ йæ фæстæмæ ацахста, чындзмæ бакæс-бакæс кæны, ома, цытæ дзуры æмæ куыдтæ дзуры, уыдон йæ зæрдæмæ цæуынц, æви цы уа...

Фæстæмæ ракъахдзæф кодта æмæ рахиз къухæй чындзмæ амоны, бабад дæ бынаты, зæгъгæ.

«Волгæ» ныббындз, уайтагъддæр сæ смидæг кодта Алагиры Сугъаратæн сæ тæккæ райдзаст кæрты, уæлахизоны уаст кæнгæйæ.

Адæм æрбамбырд сты сыхагæй, уазæгæй, æмæ чындзы алыварс змæлынц, райвæз-байвæз, расенк-басенк, ракæс-бакæс кæнынц. Алчидæр тырны чындзæн йæ рухс цæсгом фенынмæ. Чи йæ номæй фæрсы, чи, кæмæй у, уымæй. Ноджы йын цытæ ис хиуæттæй, йе ‘фсымæртæ цыппарæй кæмыты кусынц, йæ фыд та хъæуы хицау куы у, зæгъынц... Хъæздыг хæдзарæй, дам, дæ, цы?

– Уый æцæг тиу у, гъе, куыд зæрдæбын лæггад кæны йе ‘фсымæрæн! Уый дын – нæхи Гыркъо! Сæрæн алырдæм дæр! Уый дзы лæг у, лæг! Дæ цæрæнбон бирæ, Гыркъо!... – дзырдтой йæм алырдыгæй.

– Мæнæ чындзхæсджытæ куы ссæуой, уæд уыдон хабæрттæ бæлвырд радзурдзысты, фæлæ, диссаг, Гыркъо иннæты разæй куыд схæццæ æд чындз, куыд?! Мæнæ диссаг! Ахæм диссаджы чындзхаст дзы никуыма уыд!

Уæд сæ хæрз сыхаг ус Никкæ кæмæйдæр æрыхъуста, чындз, дам, фæндырæй цæгъдынмæ æмбисонд у, зæгъгæ. Æмæ чындзмæ йæхи æввахс байста:

– Дæдтæ-дæ-дæй, мæнæ цы фыдуынд у, удхæссæджы лæппын!

– Нæ лæппуйы нын цæхджын сайдæй асайдта! – бафтыдта иннæ.

– Мæнæ йын кæй амыдтой – Додойы, уый кæуылты рæсугъддæр у! Дзылаты рæсугъд раст! – загъта æндæр ус.

– Алæ, стæ, уымæн йæ къæхтæ зылын уыдысты, стæй ма дæлæмæдзыд дæр уыд... – нал æмæ нал æнцадысты ахудынмондаг устытæ.

– Дæ хорзæхæй, уæдæ ирон чындз – мæнæ айау – дыууæ метры дæргъæн хъуамæ уа?!

Цыдæртæ ма кæрæдзи хъусы асусу-бусу кодтой, фæлæ уайтагъд сæ худын фæсыкк: Никкæ фæндыр бадомдта.

Сыхæгтæй æрбахастой иу æнæбары фæндыр. Чындз йæ хызыл схæцыд æмæ фæндыр лæугæ-лæууын айвæзта. Бандон дæр ын рахастой, ома, цалынмæ ничима æрбацыд иннæ чындзхæсджытæй, уæдмæ йæм байхъусæм.

– Бадгæ не скæндзынæн, – ныллæг хъæлæсыуагæй загъта чындз.

Уалынмæ райхъуыст:

– Хъынна-хъу, хъынна-хъу-у-у!...

– Фæлæуу-ма, фæуром-ма! Кæсгон цагъд ма нын акæн! – дзурынц æм.

– Дæ ном та цы хуыйны? – фæрсы йæ иннæ сылгоймаг. – Афон у номæй дæм дзурынæн.

– Изæ... – ныфсæрмытæ чындз, фæлæ-та сæм уæддæр йæ цæстытæ æрфгуыты бынæй фæирд кæны.

– Изæ! Изæ... Ахæм ном фаронæй нырмæ нæ фехъуыстам...

– Цæй, ном фæкæсынæн у, – дзуры иннæ, – фæнды Кися у, фæнды – Мися... Махæн уæлдай нæу... Ацæгъд-ма, ацæгъд!

– «Хонгæ» кафты цагъд уал нын акæн, стæй та – «Зилгæ»...

Чындз «Хъуыбады» цæгъдын райдыдта, фæлæ йæ уадидæгæн цæмæндæр фæтымбыл кодта. Дыуæ усы стырындз сты йæ цагъдмæ, басурынц сæ кæрæдзи, иу дзы лæджы кафт кæны, йæ иу къахыл дæр алæууы, куы та йæхи хæрдмæ сивазы, иннæ фæстагмæ ныуæздан кодта йæхи – чызджы кафт райдыдта, даргъ къахдзæфтæй сиры æмæ, бакæс уыдонмæ, куы æрзилынц дыууæйæ, зилгæ-дымгæйау – иуырдæм-иннæрдæм, уæд æнæхудгæ нæ фæлæудзынæ! Циндзинад къубалмæ, цас не 'мбæлы, уыйбæрц сæ цин уæлхæдзары былтæй уынгмæ фæйлауæнтæ хæссы.

Иннæ ахæм, бакæс – чындз! Йæ иу къах, дидинæг кæм сагъд ис, уыцы фæйнæгæй конд асыккыл сæвæрдта, фæндыр уæрагыл æмæ стыр сыфтæрджын фикусы аууон цæгъды. Стыр сыфты 'хсæнæй зыны йæ урс тымбыл цъупп худ, уæле йыл даргъ, дари æндæхтæй хибыд, зæу-зæугæнаг, уæззаугомау урс гаруз хыз. Цæгъдгæ-цæгъдын чындзæн куы йæ хыз æд худ æрцæйбыры, куы та йын иннæрдæм фæзылын вæййы, æмæ та йын æрцæйхауы... Уый дæр та сыл рæстæгæй-рæстæгмæ хæрдмæ схæцы, æмæ та фæндыры къæбæлтыл йе 'нгуылдзтæ æркафынц:

– Хъынна-хъи, хъынна-хъи... Хъи-хъи-и-и-и!

Цымæ уынгæй искæйы хъæлæс афтæ дзырдта:

*Хъынна-хъи-и-и! Хъынна-хъи-и-и!*
*Ног чындз та цы фæци?*
*Цымæ нын цы 'рбаци?*
*Кæдæм нын ныййарц и?!*

Сугъараты хæдзары стынг ис æцæг къæрцц-хъазт! Оуу, мæнæ диссæгтæ æмæ 'мбисæндтæ! Ирон æгъдауы дæр царды мидæг цынæ диссæгтæ 'рцæуы, цынæ!..

Уæдмæ Гыркъо хъæргæнгæ уатмæ æрбагæпп ласта:
– Ссæуынц, ссæуынц, чындзхæсджытæ! Цæгъдут хъæрдæрæй, цагъд уынгмæ куыд хъуыса!..
– Æмæ цы схæссынц, кæй ма сласынц, чындз мæнæ куы ис, уæд?! Гыркъо, дæхæдæг æй тæвдæй куы сæмпъыхтай!
– Æз афтæтæ фæкæнын, афтæтæ! – æмæ сылгоймæгтæй куы иумæ, куы иннæмæ бакафы, æмæ-та, «Æрц-тох!», зæгъгæ, йæ галиу уæрагыл æрхауы. Йæхицæн нымдзæгъд кæны, фæгæпп ласы æмæ та æрзилы сæ алывæрсты «Зилгæ кафт»-ы. Æгас хæдзар æд къултæ нызмæлы, зæхбынæй рыг фæздæгау хæрдмæ слæууыд, ныртæккæ цыма хæдзары цар стондзæн, афтæ кафджытæ дæр порти-цæкуытау хæрдмæ хауынц.
– О, о, ой, нана-а! Дæ райсомы уатæфснайæг, дæ буц чызджы дын куы фæхæссæм, гъей! – зарынц кæрæдзи фарсмæ æртæ нæлгоймаджы, мидæмæ æрбацæуынц. Сæ фæстæ цалдæрæй...
Дзурынц цыдæртæ, зарæггæнджыты фæстæ чи фæцæуы лæппуйы кæртмæ, уыцы хистæртæ, къуымæлдзæф нæлгоймæгтæ... Чындз семæ нæй, уый зонгæ дæр нæ бакодтой, афтæмæй.
– Ой! Фарн, фарн, фарн! Фарн фæцæуы, лæппутæ! Фæцæуы æмæ фæхизы Сугъараты фæрнæйдзаг къæсæрыл!
Мæнæ диссаг, цæй фарн!? Чындз мидæгæй йæ удæй бацыд, сырх-сырхид фæндыры тæнтæ дæрдтыл айваз-айваз кæны, йæ худыл схæц-схæц кæнгæйæ. Фæндыр уæрагыл, йæ даргъ къах дидинæджы бæрзонд асыккыл быцæу æвæрд, афтæмæй. Тынг фидыдта, уæллæй-биллæй! Ахæм сæрæн сылыстæг иу лæгыл ныллæууа!.. Уый фæллойаг у.
Байрай, ирон чындзæхсæв! Байрайут, ирон чындз æмæ ирон хистæртæ!..
Уæдмæ чындзæхсджытæ сæхи æрæмбæрстой. Нæмынвæнд скодтой Гыркъойы, фæлæ хорз зæронд лæг йæ фарс рахæцыд:
– Лæппуйæ рæдиаг нæ вæййы æвзæр!.. Афтæ чи загъта? Афтæ, мæ хуртæ, Къоста загъта, Къоста! Уартæ Хетæджыфырт! Æмæ уæ уырнæд!
– Уæдæ байрай, Гыркъо!..
– Уагæр куы байрæзай, уæд та цытæ ‘вдисдзынæ дæ фыдбылызы сæрæнгуырдæй?
– Фæрнæй байрæз!

*ГАПБАТЫ Алетæ*

# ХУДЫН – ЦАРДЫХОС

## Гончий вилисæпет

Амæндтæ скæнæгæн цы загъдæуа, уастæн! Диссаджы рæсугъд аив чызг рауади Уæздинцæйæ. Раст, астæунарæг, гуырвидауц кæй фæхонынц, ахæм! Цæсты тигътæ йæм нæ лæууыдысты, лæг æм кæсынæй не 'фсæст. Мæ сæрыл уал хилы нæй, Уæздинцæйы цал курæджы уыди. Фæлæ, марадз зæгъай, кæд ком искæмæн лæвæрдта сахы рæсугъд! Йæ зæрдæйы арфдæр ран бафснайдта дæлæсыхаг сау къобор лæппу Хъазиханы сурæт, уымæн табу кодта, ууыл уыдысты йе 'нæрцæф сæнттæ.

Цæмæй балхæдта Уæздинцæйы зæрдæ, уагæры, иннæ усгуртæй хъауджыдæр, зæгъут? Хъазиханæн йæ сау рихитæ раст йæ роцъойы бынмæ 'рхæццæ сты æмæ уым кæрæдзиуыл сæмбæлдысты. Бирæ уайдзæфгæнджытæ йын уыд, фæцыбырдæр сæ кæн, дæ зæвæттæм сæ цы рауагътай, зæгъгæ, фæлæ сæм йæ къух нæ тасыд, стæй ма куы бамбæрста, Уæздинцæйы зæрдæмæ дæр ын цæуынц, уый, уæд сæ куыд алвыдтаид?!.

Цыдæр уыд, уæддæр Хъазихан йæ минæвæрттæ барвыста, æмæ цыбыр рæстæгмæ хъуыддаг сырæзыд. Нæртон чындзæхсæвæй фараст мæйы рацыд, афтæ Уæздинцæйæн фыццаг лæппу райгуырд – раст фырыхъулы хуызæн! Арæндонæй уæд фæндзæм бон нæ фыстой, фæлæ-иу дзы

сылгоймаг дæс боны дæр афæстиат. Уæздинцæимæ иу уаты цы сылгоймæгтæ уыд, уыдон дæр ын йæ рæсугъддзинадæн бæрзонд аргъ скодтой æмæ аивæй кæрæдзи рафæрс-бафæрс кодтой, уæдæ цымæ йæ лæг та æддебакастæй куыд у, æвæццæгæн, йæхи хуызæн аив æмæ фырдзæбæх... Хъазихан-иу йæ уæззау хæдтулгæйыл дард рæттæм уæзæгтæ ласта æмæ йæ фырты райгуырды бонмæ не схæццæ сæхимæ – арæндоны рудзгуыты бын фæзынд къуыри фæстæдæр.

Медицинон кусджытæй чидæр Уæздинцæмæ æрбадзырдта, дæ лæг дæм æрбацыд æмæ йæм рудзынгæй акæс, зæгъгæ. Сылгоймæгтæй йæ къæхтыл лæууынхъом чи уыд, уыдон рудзгуытырдæм рагуылф кодтой, уæдæ ныртæккæ уыцы рæсугъд сахъгуырды фендзыстæм, зæгъгæ. Фæрсынц Уæздинцæйы, рудзгуыты бын лæгты къордмæ амонгæйæ, кæцы, дам дзы у дæ сывæллоны фыд. Уый сын Хъазиханмæ куы бацамыдта, уæд кæрæдзимæ бакастысты, сæ былтæ сысчъилтæ кодтой, хуыздæр цæмæдæр кæй æнхъæлмæ кастысты, уый æмбæхсгæ дæр нæ бакодтой, стæй сæ иу Уæздинцæмæ бакаст æмæ йæ фæрсы:

– Дæлæ уыцы гончий вилисæпетæй зæгъыс?

## Уæ зиан бафснайут...

Ирон адæм цыргъзонд сты, зонынц айуан кæнын, ахынджылæг кæнын искæмæй. Мæ фыд рухсаг уæд, ахæм худæджы ныхæстæ-иу ракодта, йæ цæсгом-иу сагъæсхуызæй баззад, афтæмæй, æмæ-иу адæм гуыбындихтæ фесты. Алы хъæуы, алы сыхы дæр ис, æрдзæй курдиатджын, дзыхджынæй бæхджын адæймæгтæ.

Зилгæйы цæрджытæй дæр ис «хуыцауы æлгъыст» иблистæ, се 'взаг сæрдасæнæй цыргъдæр кæмæн у. Сæ иу – Джетæгъæз. Уарзы «Чермены цæссыгæй» йæхимæ фæкæсын, фæлæ йæ зонд нæ фесафы. Айфыццаг дæр та кæмдæр хисты рухсаг загъта, стæй, æвæццæгæн, иу хаттыл хъуыддаг нæ банцад. Цыдæр уыд, уæддæр дзæбæх «рæгъæдæй» изæрдалынгты йæ хæдзар ссарынвæнд скодта.

Иу ран йæ фæндаг цъыфдзæстыты рæзты хъуамæ дардтаид. Куыд хæстæгдæр кодта, афтæ йæ хъустыл хæфсыты уасын æрцыд. Раст сæ цыма ардаугæ счынди, афтæ бæстæ сæ сæрыл систой, нал æнцадысты. Лæг куыд нæ мæсты кодта. Иуафон дзы йæ сæрæн куы нал уыд, уæд зæхмæ ныггуыбыр кодта,

рæстæджытæ рацыд, цалынмæ талынджы зæрдæйы фæндон дур ссардта, уæдмæ, йæ къух дард фæхаста æмæ йæ дур цъымарайы астæумæ ныззыввытт ласта. Цыдæр уыд, уæддæр хæфсыты уасын исдугмæ фæсабыр, сыбыртт нал хъуысти. Джетæгъæз йæхицæй галы бузныг фæци æмæ цъыфдзастырдæм дзуры:

– Гъеныр уал баздæхут æмæ уæ мард бафснайут!..

## Уæдæ цы фæуыдаин?..

Æмæ та ногæй Бæдæлæджы тыххæй. Уæхи зæрдæ – уе 'вдисæн, нæлгоймагыл куыд фылдæр азтæ цæуы, афтæ хуызддæр нæ кæны. Иугæр нуазаг у, уæд йæ нуæзт ницæй тыххæй ныууадздзæн, æниу ын йæ ныхыл топп куы ныффæздæг кæнис! Высоцкийы загъдау, «Уж если я чего решил, то выпью обязательно!»

Нуазаг нæлгоймагæн та æфсон райарын цы у?! Ахæм ныхæстæ дын ракæндзæн, æмæ сыл йæхæдæг дæр бауугæнды, гъома, дам мын батых кодтой, тыххæй мын бадардтой, мæ цæстытæ мын артмæ ныддардтой æмæ афтæ дарддæр. Уыимæ йын йæ хъуырыл, йе йæ буарыл саутæ-цъæхтæ не ссардзынæ. Хъуыддаг барвæндонæй рауайы...

Бæдæлæг дæр йæ ахуыр нæ халы, къуыри æппынкъаддæр æртæ хатты уæддæр «фæривæд» кæны ресторантæ æмæ саунæты. Дзырд æм нæ хъары, æмæ йыл Залдуз дæр йæ къух ауыгъта, фæлæ ма йæм хаттæй-хатт сзагъд кæны, бынтон æнафонмæ æдде куы баззайы, уæд. Ацы 'хсæв дæр Бæдæлæджы йæ галиу æрфыг хордта, æмæ уый дзæгъæлы нæ уыд. Сæхимæ сусæгæй бацæуынмæ хъавыд, фæлæ куыддæр сæ дуар ссардта, афтæ йыл Залдуз кæцæйдæр йæхи хъæрццыгъайау ныццавта:

– Ай бынтондæр дæ цæсгом куы бахордтай! Худинаг дæм æппын ницыуал кæсы?! Дæ хæдзармæ æхсæвы цыппæрæм сахатыл æрбацу?!

Бæдæлæг дæр дзуапмæ фæцарæхст:

– Уæдæ цы фæуыдаин? Ацы афон ма æрмæстдæр нæ хæдзары дуар у гом!

## Кæд ралæудзæн Уæлахизы бон?..

Цытджын Уæлахизы бæрæгбон фæсте аззад, рæсугъдæй йыл сæмбæлдыстæм. Мæн та радзурын фæнды ахæм æцæг хабар.

Зонæм æй, хæсты фыццаг азты советон æфсад цы зындзинæдтæ æййæфта, уый. Ирыстонæй тохы быдырмæ цæуынхъом чи уыдис, уыдон сæхи нæ бамбæхстой.

Джетæгъæз дæр, кæд бирæ зынтæ æвзæрста фронты йе 'мбæлттимæ, уæддæр хæдзармæ цы æртæтигъон фыстæджытæ 'рвыста, уыдоны бинонтæн ныфсытæ æвæрдта, ма тæрсут, фыдлæг æмæ, дам, фыдбон бирæ нæ хæссынц...

Знагæн бæрзæйсæттæн цæф ныккæнын нал æмæ нал æнтыст, не 'фсæдтæ фæстæмæ цыдысты, уагътой горæттæ æмæ хъæутæ. Джетæгъæзмæ сæхицæй фыстой, фарстой йæ, кæдмæ, дам, афтæ уыдзæн, размæ, дам, кæд ахæцдзыстут фашисттыл. Фронты хабæрттæ хæдзармæ æргом фыссæн нæ уыд, цензурæ фыстæджытæм тынг лæмбынæг каст, гъома, адæмы тæрсын кæнынæн дзы мацы аирвæза, зæгъгæ.

Афтæмæй та иуахæмы Джетæгъæзы йæ къæбæргæнæг куы баййардта, цæй-ма, уым куыд сты уæ хабæрттæ, кæд ралæудзæн Уæлахизы бон, зæгъгæ, уæд æм йæ лæг сфыста:

– Нæ ус, афтæ куы ахæсса, уæд а дыууæ боны мæ чъылдымæй нæ кулдуар бакæндзынæн...

## Аргъаугæнæг...

Нæлгоймаг æмæ сылгоймаг бирæ цæмæйдæрты хицæн кæнынц кæрæдзийæ. Бинонтæн сывæллон куы сæнтысы, уæд æрыгон мад йе 'ппæт хъарутæ дæр йæ гыццыл цæстырухсмæ саразы æмæ дзы, цы йæ сусæг кæнæм, йе «стыр цæстырухс», йæ мой, кæд бынтон рохуаты нæ аззайы, уæддæр нæлгоймагмæ афтæ фæкæсы, цыма йæм йæ ус æппын йæ хъус нал дары. Вæййы афтæ, æмæ иуæй-иу лæгтæ сабиимæ ерыс кæнын райдайынц, кæй фылдæр уарзы, зæгъгæ. Чидæртæ дзы сæхи тæргайхуыз дæр скæнынц, хæдзармæ хæстæг нал фæцæуынц. Ахæм рæстæг сыл «рог» сылгоймæгтæ, «æхсæвы гæлæбутæ», фæцуан кæнынц, сæ капеччытæ сын алы 'фсæнтты расайынц, сæндæтты семæ тезъо кæнынц.

Нæлгоймаг фæсахсæвæр, йе та фыццаг, дыккаг, кæнæ фæстаг кæркуасæнты хæдзармæ ноздджынæй, былтæ ахорæнæй йыл джиппæвæрдтытæ, афтæмæй куы 'рбахауы, уæддæр ма йæм цыдæр æфсармы муртæ аззайы кæмдæр, æмæ йæ къæбæргæнæгæн алы-

хуызы «уацмыстæ» æрымысы, гъома, дам мæ хицау, фыдбон ыл акæна, куысты ныуурæдта, йе та мæ хæдтулгæйы артаг фæци, йæ цалх атыдта, æнæнхъæлæджы ме 'рдхордыл амбæлдтæн, æмæ æндæр ахæм «аргъæуттæ».

Зæрæдайæн дæр йæ зæрдæ риссы, йæ зонгæтæй дæр ын чидæртæ йæ хъусы бацагътой, кæмдæрты, дам æй федтам... Фæлæ цы кæна, дыууæ гыццыл сывæллоны, хæдзар – йе рагъыл, куыд зила йæ мойы фæдыл, кæм æй агура?..

Ацы 'хсæв дæр та йæ «хъазыны» рæстæг у Сæудженæн, æндæра куыд никæцæй зыны, ныр дыууæ сахаты куы сси, уæд? Сылгоймаг йæ сабиты бафынæй кодта, фæлæ йæхимæ хуыссæг хæстæг нæ цæуы – алы нывтæ, иу иннæйæ æвирхъаудæр, цæстыты раз слæууынц...

Иуафон йæ цыппараздзыд чызг фехъал, йæ дзæццытæ ауæрста æмæ йæ мадмæ бахатыд:

– Ма, аргъау ма мын радзур.

Ус ын фæлмæн йæ сæр æрсæрфтытæ кодта, афтæмæй йæм дзуры:

– Афынæй кæн, мæ къона. Аргъау нын, райсом дæ баба куы 'рбацæуа, уæд уый радзурдзæн...

## Цы нæ вæййы...

Уæхи зæрдæ уе 'вдисæн, хорз адæм, – цы 'хцайы капеччытæ исæм нæ куысты, чи та – йæ пенси, уыдоны стырдæр хай ацæуы зианы æгъдæуттæн. Иу къуыри ахæм нæма скодта фæстаг къорд азы, æмæ хæдзармæ дыууæ-æртæ хъæргæнæджы ма 'рбадзурой. Алкæм дæр дзы марды æгъдау кæнын хъæуы...

Уæрæсейы хицауад, бæргæ, уыдæттæ куы хынцид, уæд Ирыстоны цæрджытæн сæ мыздыл хæрдмæ схæцид, цæрын дæр ма сæ истæмæй хъæуы, зæгъгæ, фæлæ... нæ мамæлайы къæбæрæй дæр Хуыцауæй разы. Зиан йеддæмæ лæг ницы хъусы, æмæ ууыл дæр сахуыр стæм.

Уый тыххæй мын æрæджы мæ хорз зонгæ радзырдта диссаджы хабар. Цæвиттон, схонæм æй Сахълæу, хицауæй кусы иу къанторы. Иу бон æй куысты фæдыл цæуын хъуыдис горæтмæ, йæ сæрмæ чи лæууы, уыцы хайадмæ. Телефонæй рагагъоммæ баныхас кодта, фæссихор, дам, ссæудзынæн, æмæ йын дзуапп радтой, æнхъæлмæ дæм кæсæм, зæгъгæ. Афон куы 'рхæццæ,

уæд фæраст горæтмæ. Æвæццæгæн, иу цыппар сахатыл бынатмæ схæццæ. Фæцæуы мидæмæ æмæ къанторы бахизæны венок лæууы. Бацыди мидæмæ – кусæнуæттыл зилы æмæ се 'ппæт дæр – æхгæд. Ай цы диссаг у, кусгæ бон куы нæма фæци, уæд адæм цы фесты, зæгъгæ, сагъæсгæнгæ фæстæмæ кæртмæ рацыд. Ногæй та венокыл йæ цæст æрхæцыд, æмæ хъуыддаг фембæрста, æнхъæлдæн, æмæ, дам дзы чидæр йæ рухс дунейæ ахицæн.

Уæдмæ йæм кæцæйдæр дуаргæс фæзынд . Фæрсы йæ, дидинджыты чыргъæдмæ ацамонгæйæ, чи уæ фæзиан, зæгъгæ. Уый йын дзуапп радта, ничи, зæгъгæ.

– Уæдæ ай кæмæн балхæдтат? – бынтон дисы бацыди Сахълæу.

Хъалагъур йæ къух ауыгъта:

– Цы нæ вæййы...

## Фырмæстæй – кусарт

Бауырнæд уæ, абоны царды зындзинæдтæн быхсынæн стыр хъару хъæуы. Нæхимæ иу «кризисæй» нæма 'рцæуæм, афтæ та иннæ нæ дуармæ æрбалæууы, æрбакъуырцц-къуырцц кæны, æмæ, кæд лæг дæ, уæд æй ма 'рбауадз! Ирыстон дзæнæтон бынат у, зæдбадæн, фæлæ дзы лæг капекк кæм бакуса, ахæм фадæттæ къуындæг сты...

Фæсивæдæй бирæтæ сæ сæр бафснайдтой, лидзынц – чи Мæскуы æмæ Бетъырбухмæ, чи та фæсарæнтæм, сæхи фæдарынмæ фæрæзтæ агурынц. Диссаг та уый у, æмæ, кæд сæ райгуырæн зæхх бирæ уарзынц, уæддæр æй дардæй уарзынц, сæрибары уæлдæф чи сулæфы, уый фæстæмæ здæхынвæнд нал скæны, искуы иуæй фæстæмæ.

Ам дæр, дам, чи агура, уый ссардзæн куыст. О, ссардзæн, дзæбæх фæхæцæг ыл куы уа, уæд. Фылдæр хатт нæ мызд – мамæлайы къæбæры фаг, цалынмæ йæ исыны рæстæг æрхæццæ вæййы, уæдмæ йæ лæг æфстæуттæй хæрд фæвæййы.

Абоны царды зындзинæдтыл уыди сæ ныхасы сæр Сахълæу æмæ Джетæгъæзæн дæр. Кæрæдзи рагæй нал федтой, Джетæгъæз «уæрæседзау» у, Сахълæу та Ирыстоныл йæ зæрдæ нæ ивы. Ахабæрттæ кодтой, æмæ куыд вæййы, афтæ мызды коймæ 'рхæццæ сты. Джетæгъæз дзæвгар феппæлыд йæ улупайæ, фаг, дам мын сты алцæмæн дæр, суанг ма аз дыууæ хатты фæсарæнты

баулæфынмæ дæр. Æрæджиау бафарста йе ‘рдхорды, ды та, дам, цас исыс.

– Нæ дæ бауырндзæн, фæлæ мæ фыццаг мызд хæдзармæ куы ‘рбахастон, уæд нæ фыд фысы сæр ахауын кодта! – дзуапп радта Сахълæу.

– Ахæм стыр мызд æрбахастай, æмæ фыр цинæй кусарт акодта? – йæ хъæлæсыуагыл хæлæг фæзынд, афтæмæй та йæ афарста «уæрæседзау».

– Бæргæ, афтæ куы уыдаид! Фырмæстæй йæхи нал баурæдта...

## Кæмæн цы...

Авдæн, дам, кæм атулы, уым чырынæн дæр æнæ уæвæн нæй. Æппæт фæндæгтæ дæр уæлмæрдтæм цæуынц, æмæ алчидæр йæ фæстаг бонил фæхъуыды кæны, уæлдайдæр дыл азтæ сæ уæз куы ‘руадзой, уæд. Джетæгъæзы бинонтæ дæр фæдзурынц иуæй-иу хатт ацы ахсджиаг темæйыл. Ахæм ныхас та сæм рауад иу изæр. Йæ зæронд мад Докка, Алыксандр Мæчъыдойнаджы хорз чи хъуыды кæны, ахæм, нырма йæхи къæхтыл цæуынхъом у, вæййы зианты дæр. Йæ зæрдæмæ тынг цæуы, марды кадæн музыкæ куы бахъуырсынц, уый, уæлдай тынгдæр та йæм бахъары сомихаг дудук.

– Мæлын никæй фæнды, фæлæ ма цанæбæрæг фæцæрдзынæн, æмæ дæ курын, мæ лæппу, оркестры бæсты мын дудук бахъуырсдзынæ, – фæдзæхсы Докка йæ фыртæн.

– Уæдæ æз та «Ханты цагъд» уарзын, æмæ, мыййаг, цы нæ вæййы, дæуæй куы фæраздæр уон, уæд-иу мын фæндырдзæгъдæг бахъуырс. «Ханты цагъд» мæ, чи зоны, мæрдтæй дæр раздаха, – ныхас адарддæр кодта Джетæгъæзы къæбæргæнæг Ладинка.

Чи зоны, цытæ ма афæдзæхстаиккой дыууæ сылыстæджы, фæлæ сæ Джетæгъæз баурæдта:

– Уæдæмæ цы, уый зонут? Уæхицæн дзæгъæлы зæрдæтæ ма ‘вæрут! Хæрнæг уын куы скæнон, уæд-иу цин кæнут. Æз мæ мæрдтæн дискотекæ нæ аразын!

# РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ

*ДЖЫККАЙТЫ Къоста*

## ГЕОРГИЙЫ КАВАЛЕР




Мæ фыд Джыккайты Аслæмырзæйы фырт Нагко райгуырд Æрыдоны 1892 азы бирæсывæллонджын хæдзары. Мæ фыдыфыд Аслæмырзæ Æрыдоны уыдис нымад лæг. Архайдта æхсæнадон куысты. Уыдис ын фондз фырты æмæ иу чызг. Хистæр фырт Дзамболат, йæ кæстæр Симон, уый кæстæр Хадзымурат, мæ фыд Нагко, уый кæстæр Геор æмæ æппæты кæстæр сæ хо Тамарæ. Æгас дзы ничиуал у. Дзамболатæн уыдис æртæ фырты, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты активон архайджытæ. Дзибыл хæстæй ссыдис цæфтæй бирæ хæрзиуджытимæ, Микъала фесæфти æнæбæрæгæй. Дзибыл æмæ Гогко амардысты 70-æм азты. Баззадис сын цот. Симон æрыгонæй афтыд Харбинмæ æмæ дзы ницыуал хабар райхъуыст. Хадзымуратæн (Хадзы) рантыст лæппу æмæ чызг – Коля æмæ Тамарæ. Коля – Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг, æрæджы амард. Йæ хо Тамарæйæн йæ цардæмбал – Лекъты Мурат, хæсты инвалид, булкъон. Ис сын цот, цоты цот. Мæ фыды кæстæр æфсымæр Геор хæсты райдайæны ацыди фронтмæ æмæ фесæфт æнæбæрæгæй. Бинонтæ йын нæ баззад. Æфсымæрты иунæг хо Тамарæ амард 1920 азы.

Мæ фыд Нагко фæцард æрмæстдæр 42 азы. Куыд фехъуыстон, афтæмæй Нагко бавзæрста тынг бирæ зынтæ. 9 азы йыл куы сæххæст, уæд баззад сидзæрæй (йæ фыд амард). Иуцасдæр рæстæджы фæстæ та йæ мад Дзего амард æмæ бынтон сидзæрæй



*Джыккайты бинонтæ.*
*Нагко астæуæй.*

баззад сывæллонæй. Йæ къухы бафтыд хъæууон скъола фæуын, стæй Чырыстонхъæуы (Дигорайы) реалон училищæ. Уый фæстæ службæ кодта æфсады. Хæцыди фыццаг дунеон хæсты (Гермайнаг фронты), фæци цалдæр цæфы. Ирыстонмæ сыздæхт урядникæй хæрзиуджытимæ. Райста Георгийы цыппар дзуары æмæ майдантæ. Октябры революцийы рæстæджы бацыди Сырх Æфсадмæ.

Хорз ма йæ хъуыды кæнын, хæсты размæ иу азы бæрц цардтæн мæ фыдыфсымæримæ Дзæуджыхъæуы. Ахуыр кодтон 18-æм скъолайы. Æмæ мæ фыдыфсымæр Георы фатеры къулыл уыдис мæ фыды стыр къам ирон урс цухъхъайы, йæ уæхсчытыл – пъагæттæ, йæ астæуыл – хъама, дамбаца, йæ риуыл – бæрцыты сæрмæ цыппар дзуары æмæ дæлдæр дыууæ майданы. Уыцы къам иннæ хæдзары дзаумæттимæ фесæфти, хæст куы райдыдта, уæд. Мах уæд цардыстæм Æрыдоны нæхи хæдзары, æмæ нын ничи фехъусын кодта, Георы хæстмæ куы кодтой, уæд. Уый фæстæ дзырдтой, цыма, дам, Геор цавæрдæр уырыссаг сылгоймагимæ бацард, æмæ йын уый йæ дзаумæттæ кæдæмдæр аласта.

Мæ фыд амард 1934 азы 1 декабры. Мæныл цыд 7 азы, æмæ ма йæ хорз хъуыды кæнын, æххормаг 1933 азы мæ фыд нæ бинонты куыд аирвæзын кодта, уый. Цæвиттон, уыцы сызгъæрин-æвзист хæрзиуджытæ, дзуæрттæ, майдантæ, стæй æвзист хъама, рон, æхсаргард радта «Торгсин»-мæ (уыдис ахæм дукани, йæ хицау хъуымыхъхъаг лæг Абдул), æмæ райстам дыууæ голладжы дзуллаг ссад. Нагко уыди рæсугъд, хæрзконд лæг. Йæ уæлæ æдзухдæр – аив дарæс: бухайраг худ, хæдон, галифе хæлаф æмæ цæхæркалгæ хром цырыхъхъытæ. Зымæгон та пъалтойы бæсты дардта кæрц. Къухæй алцæмæ дæр уыди дæсны. Бирæ азты фæкуыста Грознайы, Кавцинчы, стæй Æрыдоны консервгæнæн заводы механикæй. Уыцы рæстæджы хъæуы ницы куыстуат уыд, адæм сæ хæдзары

дзаумæттæ кæм цалцæг кодтаиккой, ахæм. Æмæ æнæхъæн Æрыдоны цæрджытæ цыдысты махмæ. Хастой сæ хæлд хуыйæн машинæтæ, примустæ, керосинкæтæ, æрхуыйæ мигæнæнтæ. Нагко сæ бон-изæрмæ цалцæг кодта. Æхца никæмæй иста. Уыдис æм бирæ алыхуызон инструменттæ. Уæгъд рæстæджы уарзта ирон кадджытæ кæнын. Тынг дæсны цагъта скрипкæйæ. Æнæхъæн Æрыдоны хъуыстгонд уыдысты йæ диссаджы кадджытæ. Æдзухдæр сæ цагъта уазджытæн нæ хæдзары, кæнæ хæстæджытæн. Скрипкæйæ цæгъдæн æрдынтæ дæр-иу йæхæдæг кодта бæхы къæдзилы хъистæй. Дæсны уыди шахмæттæй хъазынмæ дæр. Арæх-иу æй федтон хъазгæйæ нæ сыхаг лæгтимæ. Уæлдай лымæнæй царди Нагко нæ тæккæ сыхаг паддзахы инæлар Хоранты Созырыхъоимæ. Нæ хæдзæрттæ уыдысты кæрæдзи бакомкоммæ. Хъуыды ма йæ кæнын, Созырыхъо уыди зæронд рынчын лæг, æмæ-иу æй мæ фыд арæх бабæрæг кодта. Мысыдысты сæ хæстон хабæрттæ. Мæ мад-иу чъиритæ куы скодта, уæд-иу мæн æрвыста æдзухдæр Созырыхъомæ: «Цу-ма, уæртæ уыцы рынчын зæронд лæгæн ацы хъарм хæринаг бадав».

Хъыгагæн, уыцы зын рæстæджы Созырыхъойæн йæ хæдзар сси хынджылæггаг, бæхдон ын дзы сарæзтой, йæ бæстыхæйттæ – колхозы хордæттæ, дыргъдоны бæлæстæ акалдтой. Бæрæг дæр æй ничиуал кодта, рынчынфæрсæг дæр æм ничиуал цыд. Адæм сæхицæн тарстысты – паддзахы инæлар, дам, у, не знаг. Афтæмæй æвзæрæй ницы сарæзта Созырыхъо ирон адæмæн, кад æмæ намысы йеддæмæ. Йæ хъæбатырдзинад æнæхъæн Уæрæсе æмæ фæсарæнты айхъуысти. Мæнмæ афтæ кæсы: æвæццæгæн, æмæ мæ фыд Нагко 1934 азы куынæ амардаид, уæд, æнæмæнг, 1937 азы йæ бинонтæ хаст æрцыдаиккой куыд Георгийы кавалеры, паддзахы æфсады хъæбатыр хæстоны бинонтæ.

*БОСИТЫ Ирбег*

## НЫРРУХС ЦЫППАР ДЗУАРÆЙ ДÆ РИУ

*(Арын дзы Джыккайты Нагкойы рухс ном)*

Нæ фæдæ буц, рæвдыд хъысмæтæй,
Мæгуыр саби хуындис дæ ном,
Дæ цард уыд дзаг фыдæбон, мæтæй,
Фæрæзтай сидзæры æргъом.

Ærвыстай де ‘хсæв, бон, дæ изæр
Уынгæгзæрдæ, уырыд, тыхстæй,
Цы мæгуыр дæ, цы мæгуыр, сидзæр!
Дæ уд ысуæлæнгай рыстæй.

Фæлæ, о, разындтæ фæразон,
Дæ зæрдæ уыд бæллицтæй дзаг,
Ысдæ дæ лæгдзинæдтæй уарзон,
Хæсты сæрæн уыдтæ, уæндаг.
Хæсты цыппар хатты хъæбатыр,
Дæ сахъ зæрдæ нæ зыдта ‘нцой,
Æндонау бахсыстæ зынг-арты,
Ды кодтай де знæгты сæргой.

Сæ ном дæ, се стыр кад Джыккайтæн,
Рæсугъд – дæ миддуне, дæ конд,
Дæ цардæн де сгуыхтытæ – й’ айдæн,
Дæ уд нæ адæмæн – нывонд.

Дæ цард дæрзæг уыди, зынтимæ,
Уæвгæ æнæ тухи лæг циу?!
Ыздæхтæ хæстытæй цытимæ,
Ныррухс цыппар дзуарæй дæ риу.

Ыстъалыйау тæмæнтæ калыс,
Нæ бафтыдтай дæхи цæсты,
Нагко, дæ сыгъдæг ном, дæ намыс
Цæрæццаг мингай азты сты

*28.07.1998,*
*Æрыдон*

*Газет «Рухс», 1998, № 88*

# ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

## РЕЗУЛЬТАТ ПОЛИТИЧЕСКОЙ БЕСПЕЧНОСТИ

.

Два дня проходило собрание членов и кандидатов Союза советских писателей Северной Осетии совместно с литературным активом, обсуждавшее задачи, стоящие перед Союзом писателей в свете исторических решений Пленума ЦК партии, доклада и заключительного слова товарища Сталина на этом Пленуме.

С докладом выступил **тов. Галаев**. Он отметил, что осетинская литература за последние годы имеет немалые достижения. В борьбе с буржуазными националистами и великодержавными шовинистами работники литературного фронта покончили с клеветой, которой враги осетинского народа окутали творчество лучшего поэта осетинского народа Коста Хетагурова. Осетинский народ узнал правду о своем поэте, получил его творчество в неискаженном виде.

Другое достижение в том, что за последние годы переведено на осетинский язык много произведений классиков русской литературы – Пушкина, Толстого, Чехова, Горького.

В то же время политическая беспечность Союза писателей Северной Осетии привела к тому, что в области осетинской литературы враги народа осуществляли самую настоящую диверсию.

До самого последнего времени буржуазный националист Косирати, троцкисты Фарнион и Дзесов, буржуазный националист Дзагуров занимали руководящие позиции в правлении Союза писателей.

Троцкисты и буржуазные националисты смыкаются в своей подлой деятельности против партии и советской власти. Тов. Галаев напоминает, что литературной колыбелью троцкистов Фарниона и Дзесова был журнал «Юная Осетия», издававшийся под руководстовом буржуазного националиста Бекоева. Фарнион

и Дзесов выступали в литературе под знаменем «Малусага» – знаменем буржуазно-националистической контрреволюции. Буржуазный националист Косирати и троцкист Фарнион в 1934 г. друг другу помогали пролезть в Союз писателей, хотя в другое время они с пеной у рта нападали один на другого.

Только поразительной беспечностью, слепотой можно объяснить, что так долго не был разоблачен именовавший себя писателем буржуазный националист Сармат Косирати.

Косирати переписывался с белым эмигрантом Гаппо Баевым и получал от него вредительские задания.

Союз советских писателей занимался чем угодно, но только не литературной работой. В протоколах заседаний правления можно найти что угодно, но только не материалы по принципиальным вопросам литературной жизни.

Критики и самокритики в Союзе писателей не было.

Тов. Галаев признает, что во многом виноват и он сам. Хорошо зная, что представляет собой Дзагуров, он, все-таки, не выступил решительно против него. Тов. Галаев «боролся» с Фарнионом и... рекомендовал к переизданию его книгу в Юго-Осетии. Он боролся с Фарнионом и в то же время покрывал Косирати. Тов. Галаев признает, что именно такая его позиция была одной из причин того, что Дзагуров стал единственным «консультантом» и «воспитателем» литературной молодежи.

Выступавший в прениях молодой поэт **т. Казбеков** кое в чем дополнил т. Галаева. Он рассказал о том, что Галаев редактировал произведения троцкиста Дзесова, что, сегодня критиковавший творчество Георгия Малиева за элементы буржуазного национализма в его поэзии, он прежде давал высокую оценку произведениям этого же Малиева.

Молодой поэт **Хозиев** рассказывает о систематической борьбе Дзагурова против Коста Хетагурова. Он цитирует ряд предисловий Дзагурова к книгам начинающих поэтов. Во всех этих предисловиях Дзагуров, с провокационной целью затормозить работу молодых писателей над собой, захваливает их произведения и всюду клевещет на творчество Коста Хетагурова.

Хозиев говорит о том, что Дзагуров неоднократно протаскивал мысль о национальной обособленности Дигории от всей остальной Осетии. Эту же вражескую установку Дзагурова, культивировавшего эту обособленность в области языкового строительства, отмечает в своем выступлении писатель **Арсен Коцоев**.

Писатель **Дабе Мамсуров** указывает, что до сих пор членами Союза писателей числятся люди, которые по требованию устава давно уже должны были бы автоматически выбыть, как не создавшие в течение двух лет ни одного ценного произведения. Киргуев с 1931 г. написал одно стихотворение, да и то неудачное, но он числится членом Союза писателей так же, как и Малиев, тоже ничего ценного не создавший. В то же время много и честно работающие писатели не состоят в Союзе писателей.

Тов. Мамсуров подвергает критике творчество писателей Кубалова, Коцоева, поэта Нигера. Эти люди владеют большим мастерством, говорит он, – но что дает их творчество для социалистического сторительства? Коцоев уже 30 лет воюет с попами и ворожеями и никак не может найти другой темы. Еще более консервативен Кубалов. Он не может найти ярких красок на своей палитре художника для изображения современности, а изображая события далекого прошлого, он идеализирует их. Иван Джанаев (Нигер) в 1930 году написал «Мост». До сих пор он сам еще не перешел этот мост. Он продолжает стоять на нем, прощаясь с прошлым.

Переводчик **Кайтуков** резко критикует деятельность председателя Союза писателей поэта Барона Боциева, вернее – его бездеятельность. Правление Союза писателей ни разу не созвало писателей для обсуждения актуальнейших политических вопросов.

Поэт **Иван Джанаев** говорит: «В Союзе советских писателей должны были быть секции оборонной литературы, детской литературы, литературной критики. Ни одной секции нет. Правление Союза писателей занималось голым администрированием».

В прениях приняли участие еще целый ряд товарищей: **С. Джанаев, Г. Мамиев, А. Гулуев, А. Аликов, Ардасенов и др.**, но почти все выступления не были достаточно самокритичны. Большинство участвовавших в прениях избегало называть вещи своими именами, а высказывало критические замечания по адресу того или иного писателя. Пересыпали их обильными комплиментами.

Очевидно, с целью выправить эту ошибку, **тов. Бадоев** начал свое выступление с того, что «об ошибках говорили недостаточно», что «сегодня мы только очень робко начинаем самокритику». Тем более неожиданна была остальная часть выступления тов. Бадоева. Он о своих собственных ошибках не сказал тоже почти ничего, заявив, что некоторая доля

ответственности за политическую беспечность и бездеятельность правления Союза писателей лежит на нем. Тов. Бадоев забыл сказать, что эта доля – львиная, потому что он долгое время руководил отделом агитации и пропаганды областного комитета партии и больше, чем кто бы то ни был, отвечает за деятельность Союза писателей.

Тов. Бадоев был явно неискренен, когда говорил о своих связях с буржуазным националистом Косирати. Из его выступления получилось так, что он, Бадоев, много лет тому назад приехал из села, «ничего не понимал» и «преклонялся перед авторитетом Косирати».

Тов. Бадоев не дал прямого ответа на целый ряд реплик участников собрания, требовавших, чтобы он четко сформировал занимаемую им позицию в оценке творчества Коста Хетагурова. Из ответов тов. Бадоева можно заключить, что именно он, Бадоев, дал единственно верную оценку творчества Коста.

Собрание Союза писателей не было достаточно самокритичным. Оно нерешительно, со скрипом, признало неудовлетворительность выступления тов. Бадоева, да и то не в целом, а только в некоторой его части.

Собрание признало неудовлетворительной работу правления Союза советских писателей Северной Осетии и не совсем логично поставило... потребовать от правления отчета о его работе, пока не предрешая вопроса о его переизбрании...

*Пролетарий Осетии,*
*9 мая 1937 г., №105*

*ПЛИТЫ Грис*

## ИСТОРИОН РÆСТАД ГАЛИУÆЙ[1]

Джиппы уагъд æрцыдис дыккаг хатт æмæ чиныгуæйгæнджытæ реализаци кæнынц Хетæгкаты Дауыты историон кадæг «Гоцъи»[2], Иры чиныгкæсджытыл атауыс и кадæджы кой,

[1] Уацы стиль æмæ растфыссынадмæ æвнæлд не 'рцыд.

[2] Хетæгкаты Дауыт. «Гоцъи». Цæгат Ирыстоны АССР-ы паддзахадон рауагъдад, Дзæуджыхъæу, 1949 аз.

кæсынц æй ахуырад æмæ аивад уарзаг ирон фæсивæд, дзурынц ыл скъоладзаутæ, хицæн æмæ хицæн хъуыдытимæ йыл ныхас кæнынц фысджытæ дæр – иутæ йæ фауынц, иннæтæ – стауынц. Нæй иудзинад уыцы алыхуызон бирæ цæстæнгæсты, критикæ нæ загъта йе 'ргом ныхас кадæгæн раст аргъ скæныныл æмæ чиныгкæсджыты цæстæнгæстæ æмвæнд æркæныны охыл.

Цавæр историон, хъомыладон æмæ эмоционалон ахадынад ис Гоцъийы кадæджы? Цæй бæрц раст у авторы хъуыды Гоцъийы тыххæй, цæуыл ахуыр кæны нæ фæсивæды, цы сын амоны, цас аив у йе 'взаджы хатт? – уыцы фарстатæн дзуапп раттынмæ хъавы ацы статья.

Райдайæм сæйрагдæрæй – кадæджы мидисæй.

Сæумæрайсом, хурыскастмæ, Поты фæзы базмæлæн нал уыди Нары номдзыд лæгтæй: хисдæртæ бадтысты Хетæджы кадджын чъырыны цъуппыл, лæппу-фæсивæд – бога-джигит адæм[3] – сæ лæджыхъæд æвзæрстой диссаджы хъæзтыты, бæркадарм устытæ цæттæ кодтой фынгтыл æвæринæгтæ.

Уалынджы фæсивæды 'хсæнæй райхъуысти, зæгьгæ, хъæзтыты сеппæтæй хуыздæр баскуыхти Гоцъи. Нары къæдзæхыл байгом и куывд æмæ Гоцъийы цæрæнбоны тыххæй дзыллæ «æнæмæтæй», нозт æмæ минасимæ, байдыдтой кувын æмæ зарын.

Фæлæ мæнæ куывддонты уæлхъус балæууыдысты дыууæ фæдисоны Гуырдзыйы паддзах Елечърейæ. Уыдон рахабар кодтой Елечъре-паддзахы номæй, тæтæр сæм кæй ныббырстой, гæныстон сæ кæй кæнынц æмæ сæ нарон хъонахтæй æхxуыс кæй агурынц. Кадæджы дыууæ сæйраг архайæджы – Гоцъи æмæ Джио – уыдысты фæйнæ фæндоныл хæст: Джио фæдисы фæцæуын нæ хъавыди, Гоцъи та фæдисмæ разæнгард кодта фæсивæды. Ацыдис Гоцъийы дзырд, араст сты Нары фæсивæд цалдæр мыккагæй тæтæры ныхмæ Елечъре-паддзахæн се 'ххуысы хай бакæнынмæ.

Ныззæй кодтой Иры сагсуртæ тæтæры 'фсæдтыл, фæцудын сæ кодтой, байдыдтой сæ бырсынтæ. Хъомпалæй лидзæг фесты тæтæйраг тыхгæнджытæ. Уый куы базыдта Парсайы хисдæр хан, уæд баминæвар кодта Елечъре-паддзахмæ, зæгъгæ, фæйнæ

[3] Хетæгкаты Къоста. Уацмыстæ, 1-аг том. Наукæты Академийы рауагъдад, 1939 аз, фарс 231.

богалы лæгæй-лæгмæ схæцын кæнæм, æмæ кæй богал басæдта, уымæн йæ паддзахад дæр баззайæд састы бынаты.

Бирæ фæсагъæс кодта Елечъре-паддзах йæ иузæрдион кънiæзтимæ тыхджын богал ссарыныл, фæлæ никуы ардта æмæ никæй зыдта ахæм богалæй. Фæстагмæ ныхас æрæнцадис ирон богал Гоцъийыл.

Дыууæ паддзахады минæвæрттæ нысангонд ран æрæмбырдсты, дунейы адæм æркастысты богæлтты хæцæн фæзмæ. Райдыдта хæст, фæлæ бирæ нæ ахаста – Гоцъи, йæ астæуыл ахауын кодта парсайаг уæйыг-богалы. Састы бынаты баззади Парсайы стыр хан, æмæ Елечъре-паддзах скодта уæлахизы куывд йæ ирвæзынгæнæг Гоцъийы кадæн.

Æрæнцади йæ зæрдæ Елечъре-паддзахæн, тас нал уыди Парсайы ханæй. Фæлæ бынтон не 'рæнцади: ног тасады мигъ бауагъта кæрæф паддзахы зæрдæйы ирон саггуырдты лæгдзинад – Елечъре йе зноны хъонахты уынын байдыдта йæ сомбоны знæгтæ. Æмæ ныффæнд кодта, уыдонæй дæр йæхи сæдас кæнын. Уый охыл сын се 'хсæн байтыдта хæрам æмæ фыдæх; сыгъзæрин нуазæны сæрыл кæрæдзимæ сбыцæу кодта Ирыфсады сæрхъуызæйтты. А фæстæгтæ сæхимæ куы рацæйздæхтысты, уæд, фæндагыл, Гоцъи авд лæджы амардта йæ нуазæн байсæг мыккагæй – Гаджитæй – æмæ Нармæ æрыздæхтысты туджджынæй.

Иуахæмы, Гаджитæ æхсæвыгон куывды куыд бадтысты, афтæмæй сæм Гоцъи бабырста æмæ сæ фынджы уæлхъус къуппритæ скодта – бынты-быны цагъд сын фæкодта.

Гъе, афтæ сты цыбырæй кадæджы хабæрттæ, ахæм уавæрты æвдыст цæуы Гоцъийы бæгъатыр-богалад. Куыд уынæм, афтæмæй рахъастгæнинагæй ницы ис кадæджы мидисы, æцæг дзы кадæггагæй дæр ницы ис, фæлæ.

Уæдæ рахизæм, уыцы мидис цавæр аивадон мадзæлттæй æххæстгонд у, уымæ. Цæмæй а фæстаг фарста раст раиртасæм, уый тыххæй та зонын хъæуы – чи уыди Гоцъи æмæ цы бæрæггæнæнтæ ис йæ дугæй.

Кадæг у Особайы дугæй, йæ сæйраг архайæг – Хетæгкаты стыр мыккагæй рацæуæг – Гоцъи. Гоцъийы рæстæджы Хетæгкаты тыхджын мыккаг фидар баст уыди Гуырдзыйы паддзæхтимæ, кънiæзтимæ. Мæнæ куыд фыссы уый тыххæй Къоста:

«Участие нарских осетин в рядах грузинских войск по най-

му или волонтерами относится ко времени правнука Хетага – Гоци, который, будучи небольшого роста, сразил в единоборстве персидского великана и получил от грузинского царя с соответствующей надписью и грамотой серебряную чашу. Чаша цела и до сих пор переходит по наследству от отца к старшему сыну. Из грамот грузинских царей, уцелевших в фамилии Хетагуровых, самая ранняя – пожалованная царем карталинским Арчилом (1730–1736) «в знак нашей милости нарскому дворянину Хетагуру – Зидахану (Зида[4]) и потомкам дома вашего» и т.д. Сын Арчила, Александр пожаловал грамоту нарскому дворянину Аса Амиранову[5]» в том, «что отцы и деды Ваши служили отцам и дедам нашим с таким тщанием, что дом наш по сие время находится вне всякой опасности почему» и т.д. Царь карталинский Теймураз пожаловал «жителям Нар, дворянам Георгию[6] и Амрану[7] Зидахановым сию грамоту за то, что вы служили нам верою и правдою» и т. д.[8]

Ахæм хорзæхтæ æмæ арфæйы чингуытæ истой Хетæгкаты мыккаджы скуыхт лæгтæ гуырдзиаг паддзæхтæй Гоцъийы размæ, уый рæстæджы, стæй йæ фæстæ дæр, Парсайы æмæ Сомихы ныхмæ хæстыты сын æххуыс кæй кодтой, уый тыххæй. Уыдоныл Къоста бæлвырд æмæ бæстонæй фыссы «Особайы». Къоста арф сахуыр кодта уæды истори, иттæг хорз зыдта Хетæгкаты æмæ гуырдзиаг паддзæхты бастдзинад – уый бæрæг у канд «Особайæ» нæ, фæлæ ма йе 'нæфæуд кадæг «Хетæджы» къухфыстæй дæр[9].

Гоцъийы дуджы наронтæ дих кодтой цалдæр хицæн социалон категорийыл: 1) стыр кæнæ тыхджын мыккаг (æлдæрттæ, дворянтæ. – Гр.), 2) фæрссаг адæм, 3) кæвдæсæрдтæ æмæ 4) æлхæд, сау адæм, цагъайрæгтæ[10].

Гоцъи уыди стыр мыккагæй, егъау æлдар. Къоста фыссы «Особайы», зæгъгæ, уыдон никæмæн уыдысты хъалондар æмæ дæлдæйраг, нæдæр æттагон искæмæн, нæдæр уæды рæстæджы

---

[4] Гоцъийы фырт.

[5] Гоцъийæн йæ фырты фырты фырт.

[6] Гоцъийы фыды фыд.

[7] Гоцъийы фырты фырт.

[8] Къоста. Публицистикæ. Цæгат Ирыстоны АССР-ы паддзахадон рауагъдад, 1941, фарс 33.

[9] Къоста. Уацмыстæ. Академион рауагъдад, 1-аг том, фæрстæ 230–232.

[10] Къоста. Публицистикæ, фарс 33.

тыхджын ирон паддзæхтæн. «Члены такой фамилии, будучи более обеспечены материально, одевались чище и богаче, располагали лучшим вооружением... Кровь их ценилась выше иной... калым их девушек достигал высшего предела»[11].

Уыцы стыр мыккагмæ Гоцъийы размæ, уый рæстæджы, стæй йæ фæстæ дæр уыди кæвдæсæрдтæ, сау адæм, уæй кодтой цагъайрæгтæ æндæр бæстæм.

Цæй фæдыл æрхастам ацы хаццæгтæ Гоцъийы тыххæй? Уымæн æмæ автор, Хетæгкаты Дауыт, йæ кадæджы ахæм хъуыды æвдисы, цыма Гоцъи хæрам уыдис гуырдзиаг паддзæхтæм, цыма сæ ныхмæ хæцыдис æмæ уыдон дæлбарæй уæгъд кодта ирон адæмы, Иры зæххытæ. Цы æрмæг æрхастам «Особайæ» æмæ Хетæгкатæн лæваргонд хорзæхты тыххæй, уый бынтон иннæрдæм амоны, уый амоны, зæгъгæ, автор галиуæй равдыста историон æцæгдзинад æмæ уый адыл стыр зиан æрхаста кадæджы историон ахадынадæн.

Фæлæ хæстæгдæр бацæуæм кадæгмæ. Уымæн йæ экспозицийы автор ахæм хуызы æвдисы наронты цард.

*«Байдзаг и Поты фæз номдзыд лæгтæй,*
*Се ‘гъдау, сæ бакастæй адæймаг рæзы»...*
*«Дзыллæ æнæмæтæй кувы ‘мæ зары».*
*«Сеппæтæн хъал зæрдæ, иуыл уæрæх».*

Цæвиттон, автор æппæт дзыллæйы æвдисы уыцы иу хуызы, сеппæт дæр æнæмæт, хъал æмæ уæрæх зæрдæ, æхсæнадон арæзтад та – къласон ныхлæуддзинæдтæ кæм нæ уыдис, ахæмæй. Особайы дуджы Къоста наронты ‘хсæн цы хицæн социалон къордтæ ары, уыдон автор нæ равдыста йæ кадæджы. Уый нæ, фæлæ Особайы дуг æвдисы кадæгæн йæ райдианæй йæ кæронмæ ирон адæмы сыгъзæрин æнусæй, сыгъзæрин рæстæгæй: ома, Ир тыхджын, зæхджын æмæ æцæг адæм Особайы дуджы уыдысты, æмæ сыл бындз абадын дæр нæ уæндыди: «Особа карды ком хаста цыргъæй, Особа не ‘фсæсти туджы пырхæй». «Ирыл нæ уæндыдис абадын бындз».

Бынтон идеализацигонд хуызы æвдисы автор Особайы дуг æмæ иры паддзæхты. Афтæ зæгъы Гоцъи авторы хъуыды:

[11] Уый дæр уым.

*«Фауинаг ма кæн хъæбатыр аланы, –*
*Ма кæн фыддзæсгом Дауыты-Сосланы!*
*Дзыллæйы номдзыд фæтæгæй фæцарди:*
*Уый, Джио, кадгæнæг махæн уыди!*
*Иры-аланты мæтæй-иу куы марди!*
*Уый Трапезундæй Дербентмæ цыди,*
*Æмæ сæ немæ ныббаста бынтон –*
*Бирæ уыд Иры паддзахæн йæ бон.*
*Чи уæндыд уый ныхмæ кард æмæ фатæй?*
*Чи дын æй фаудтаид исты сахъатæй?*
*...Денджызæй-денджызмæ, – Хуссар-Цæгат –*
*Мах-иу уыдысты, Аллоны бынат».*

Иудзырдæй, Дауыт-Сослан карды комæй басаста дунетæ, Цæгатæй Хуссармæ, иу денджызæй иннæмæ, Трапезундæй Дербентмæ, æгас Хуссар Кавказ æмæ сæ «ныббаста бынтон» Ирыл, бакодта кадæггаг хъуыддаг! Цы ма уа, уæдæ, уымæй æнæрастдæр, мæнгдæр, æнæбындурдæр хъуыды, Паддзахы фырт Дауыт-Сослан 1189 азы мидæгмойæн бацыди гуырдзиаг ус-паддзах Тамармæ, æмæ уыимæ паддзахиуæг кодта йæ амæлæтмæ – 1207 азмæ[12]. Уый æцæг уыди, гуырдзыйы истори куыд амоны, афтæмæй, зынгæ полководец, хæцыди Турчы ныхмæ, фæуæлахиз сыл ис, байста Трапезунд дæр (1204 аз), фæлæ ирон адæмы мæт кодта, сæ зæххытæ сын фылдæрæй фылдæр кодта, зæгъгæ, уыцы хъуыды «Гоцъийы» кадæгæй дарддæр фыст æмæ бæрæггонд никуы у.

Раст Дауыт-Сосланы цы хуызы æвдисы автор, афтæ хæлар-зæрдæ æмæ адæмуарзæгæй æвдисы иннæ паддзах Цæразоны дæр: «Калачы, Гуры фæтых и Цæразон», æмæ уыдон дæр «ныббаста» Ирыл. Авторы фæндыдис æви нæ, уæддæр йæ уацмысыл, хурау, бæрæгæй зыны, паддзæхты идеализаци кæй кæны, кæй сæ æвдисы стыр гуманисттæй, адæмы хæрзæджытæй, Иры сæрхъуызæттæй, патриоттæй. Ахæм хуызы æвдисы Гоцъи авторы хъуыды паддзах Дауыт-Сосланы тыххæй:

*«Никæйдæр бафхæрдта афтæ, рæстæй,*
*Мардта фыдгулты фæсмонæй, мæстæй».*

---

[12] Гуырдзиаг поэзи. Аив литературæйы Паддзахадон рауагъдад, Мæскуы–Ленинград. 1949, фарс 487.

Стыр Октябры революцийы агъоммæ ирон буржуазон-националистон интеллигенци ахæм «идея» парахат кодтой, зæгъгæ, Ир æцæг Ир æрмæст Особайы дуджы уыдысты, Дауыт-Сосланы æмæ Цæразоны хуызæн богал сæрхъуызæйттæ сын куы уыди, арвы иу кæронæй иннæмæ сæ зæххытæ куы æххæссыдысты, карды ком цыргъæй куы дардтой, туджы пырхæй куы не 'фсæстысты, бындз сыл абадын куы нæ уæндыди. Цалынмæ, амоны автор, Цæразон æмæ Дауыт-Сослан уыдысты Ирæн, уæдмæ уыди сæ рæсугъд царды заман, стæй сын гуырдзыйы паддзæхтæ байстой сæ зæххытæ. Хетæгкаты Дауыт йæ кадæджы æрмæгмæ акастис объективизмы цæстæнгасæй æмæ уый адыл йæ кадæгмæ бахæццæ буржуазон национализмы тæваг.

Дызæрдыггаг нæу, ахæм ориентаци стыр рæдыд кæй у, нæ фæсивæды раст фæндагыл кæй нæ ардауы, галиу хъуыдытыл сын кæй æфтауы сæ зондахаст. Автор тынг архайы йæ кадæджы адæмы кой ракæныныл, адæмы хъуыддæгты сæрыл радзурыныл, фæлæ кадæгæн цы æрмæг райста, уый нæ уисæн кæны, нæ кæсы авторы коммæ, уымæн æмæ уыцы æрмæг æгасæй дæр паддзæхты æмæ æлдæртты цардæй ист у, кадæджы архайджытæ паддзæхтæ æмæ æлдæрттæ сты, иумæйагæй сын ницы ис адæмимæ.

Суанг Гуырдзыйæ Нармæ цы дыууæ минæвары æрцыдис æххуысагур, уыдон дæр афтæ зæгъынц:

> *«Махæн нæ мыккаг гуырдзыйы уæздæттæй,*
> *Курæг нæ 'рвиты Елечъре-паддзах»*[13].

Минæвæртты фæзынды агъоммæ, кадæджы экспозицийы автор цы нывты æвдисы наронты цард, уымæй дæр бæрæг у, йæ архайджытæ æгуыст, æдыхст, æнæмæт, бухъзæрдæ æмæ цæлуарзаг аристократтæ кæй сты, уый.

Нывгæнæг, фыссæг, композитор, – чифæнды уæд, – цавæрфæнды историон темæ райсæд равдисынæн, уæддæр – хъуамæ йе 'рмæг, йæ архайджытæм уа ахæм исты миниуæг, ныртæккæйы дуджы æмæ фæсивæдæн зондæн чи бабæззa, актуалон ахадындзинад кæмæ уа, истæуыл ахуыр чи кæна, ныры хъуыддæгтæн æмæ сомбоны арæзтадæн ахъаз чи кæна. Гъе, ахæм домæнтимæ куы æркæсæм «Гоцъийы» кадæгмæ, уæд зæгъæн ис æрмæст иу

[13] Уый дæр уым. Ныхас цæуы Иракли II-ыл, уыди паддзах æмæ полководец (1716–1798). Уый Хегæгкаты мыккаджы зынгæ лæгтæн æмæ Гоцъийæн цы лæвæрттæ ракодта, уыдонæй бæрæг у, Гоцъи XVIII æнусы фыццаг æмбисы кæй цардис, уый.

хъуыды: нæдæр фæсивæдæн хъомыладон хъуыддаджы бæззы, нæдæр йæ архайджытæм бафæзминаг хорздзинад ис.

Кадæггаг æмæ идеал нæу Гоцъи йæхæдæг дæр, ницы раппæлинаг лæджыхъæды хицау у. Уый уыди цыбырхъуыр, æнæрхъуыды, гуырымыхъ, бухъзæрдæ æлдар, тыхгæнæг.

Автор куыд æвдисы, афтæмæй Гаджиты æмæ Хетæгкаты 'хсæн хæрамдзинад фæзындис, Елечъре-паддзахы ус Гоцъийæн цы нуазæн ралæвар кодта æмæ йын Гаджийы даргъ фырт кæй аскъæфта, уый фæдыл. Ау, æмæ Нарæй Гуырдзымæ «стыр хъуыддæгты» фæдыл æгас Иры номæй цы равзаргæ скуыхт лæгтæ фæцыдысты, уыдон паддзахы фынгтыл кæрæдзийæ нуазæнтæ скъæфынмæ 'рхаудтой, уымæй уыдис сæ лæгдзинад, уый тыххæй сты кадæггаг? Нæ, нæдæр Гоцъи, нæдæр Гаджийы даргъ фырт – ницы уадиссаг удыхъæды хицæуттæй æвдыст æрцыдысты, ницæуыл ахуыр кæнынц чиныгкæсæджы сæ митæ. Цæй хъæбатыр æмæ цæй скуыхт богал рахонæн ис Гоцъийæн, нуазæны сæрыл йе 'мæфсæддонтæй авды чи амардта! Ницы хуызы йæ хъæбатыр кæны, æхсæвыгон Гаджиты мæсыгмæ кæм балæбуры æмæ æгас мыккаджы фынджы уæлхъус бынты-быны цагъд кæм ныккæны, уыцы эпизод дæр.

Раст нæу автор, æнæсæрæн æмæ ницæйаг адæмæй кæй æвдисы æгас Гаджиты мыккаджы, уымæй дæр:

*...«бадтысты 'мбырдæй*
*Фидар чъырыны бын Гаджитæ 'мдзырдæй:*
*Сарæзтой стыр куывд та Гаджиты дзуарæн...*
*Минасмæ адардтой сеппæт сæ хъус,*
*Хисдæртæ кодтой арахъæй фæсус».*

Гоцъи, Гаджитæм балæбурыны агъоммæ, ахæм аргъ кæны Гаджитæн:

*«Гаджитæ бадынц, тæрхæджытыл зарынц...*
*Донæн цъæх арахъ ныр фонмæ дарынц».*

Стæй сæм куы бабырста, уæд та:

*«Уе 'хсæв мæ фæндиаг уа, Гаджитæ, бонмæ*
*Багъæцут! Иугай уæ калдзынæн донмæ!»*
*«Гаджитæ саугуырмау фесты дзы, раст...*
*Талынджы кæрдтæ фæцъипп ластой тагъд,*
*Цъиндæгæй самадтой хæст æмæ загъд».*

Бæрæг нæу, цæуыл хæрам у, цæй фæдыл бамæсты ис автор Гаджиты мыккагмæ, цæй тыххæй сæ йæ маст исы æмæ сæ афтæ хæрз æдзæллагæй æмæ фесафинагæй цæмæн æвдисы, уый; бæрæг у æрмæст уый, æмæ авторы ацы хъуыды аивадон литературæмæ хæссынæн кæй нæ бæззы æмæ кадæггаг кæй нæу: иуæй эстетикон æгъдауæй рæсугъд æмæ зæрдæмæдзæугæ нæу, иннæмæй та политикон æгъдауæй раст нæу æмæ рæстмæ нæ амоны историон æцæгдзинад.

Кадæджы эпилогы автор нымайы Гоцъийы фæндтæ æмæ хъуыддæгтæ, цыма уый хъавыди Иры «Рагон бындуртæ» знæгтæй асыгъдæг кæнынмæ, Гуырдзыйы ‘лдæртты дæрæн кæнынмæ, Иры дардыл тыгъд æнæкæрон быдыртæ баиу кæнынмæ, цыма Гоцъийæн уый æнтысгæ дæр бакодта, цыма йæ рæстæджы ирон адæмы сæрибар дæр скодта, сарæзта сын «сыгъзæрин æнус», фæлæ уый тыххæй, авторы хъуыдытæй дарддæр, никуы ницы бæлвырдгæнæнтæ ис нæдæр историйы, нæдæр ирон адæмы материалон культурæйы.

Раст зæгъын хъæуы, кадæджы ис бирæ рæсугъд ныхæстæ, дзæбæх рифмæтæ, хицæн аив дзырдтæ. Фæлæ, æмтгæй райсгæйæ, кадæджы æвзаг хорз æмæ рæсугъдыл зын банымайæн у, тынг арæх дзы хæлынц рифмæ æмæ ныхасы ритмы тыххæй æвзаджы нормæтæ, бирæ рæтты та ныхæсты хъуыды æппындæр æмбарæн нæй, фразæтæ сæстытæ æмæ скъуыдтæ кæй сты, архаизмтæ æмæ дзы провинциализмтæ æгæр арæх кæй сты, уый аххосæй. «Хорз» рифмæтæ аразыны охыл автор æнæхъуаджы тых кæны дзырдтæн, зæгъæм, уый фыссы: «Æрвдзавдау» нæ, фæлæ «æрвдзавд», «фæззыгон» нæ, фæлæ «фæззæгæй», «дойныйæн» нæ, фæлæ «донæн», «нуазынц» нæ, фæлæ «дарынц», «æдзард» нæ, фæлæ «‘дзар», «ирвæзынгæнæг» нæ фæлæ «ирвæзæг», «маргимæ хæццæ» нæ, фæлæ «маргæй æзмæст», «цард» нæ, фæлæ «цæрдты» æ а.д.

Бирæ хæттыты афтæ дæр рауайы, æмæ автор ирон дзырдтæй хъуыдыйад куы саразы, уæд йæ хъуыды нал вæййы иронау, баззайы талынгæй, æнæбæрæгæй, свæййы зынæмбарæн, кæнæ та йын бынтондæр нал вæййы бамбарæн. Мæнæ уый æвдисæг рæнхъытæ:

*«Фервæзын ма нын кæнут та нæ цæрдты»,*
*«Къасара уалынджы бафтыдта дисы»,*

*«Бæстыл, рæвдаугæйæ, ракодта радау» (Тар æхсæв),*
*«Бабын нæ кодта хæлæттагæй сах»,*
*«Исчи мæнкъæй дæр куы сгара сæ риссаг»,*
*«Хуссарæн арты, кæдзусæй, бынат» æ. а. д.*

Хетæгкаты Къостайы бирæ æмæ хорз литературон традицитæй иу уыди рæсугъд, сыгъдæг, æлвæст æмæ æнцонæмбарæн æвзагæй нывтæ аразын. Уый йæ тыхджын зæрдæйы æппæт хъаруйæ дæр тох кодта аив литературæйы ууыл, цæмæй уацмысы ма уа зынæмбарæн хъуыды, уæлдай дзырд. «Хуымæтæджы», æнцонæмбарæн, адæмон æвзагæй аив нывтæ кæнын – уый у Къостайы стырдæр фæдзæхстытæй иу. Кæцыфæнды райс Къостайы фыстытæй – йæ алы хъуыды дæр у арф, фæлæ æнцонарæн, «къахинаг» нæу.

Уыцы хорз традици зæрдылдаринаг у нæ фысджытæй алкæмæн дæр, Хетæгкаты Дауытæн дæр.

Ахæм кæрон кæнын мæ хъуыдыйæн «Гоцъийы» тыххæй.

Автор йæ кадæджы раст не ʻвдисы историон æцæгдзинад, паддзæхты æмæ æлдæртты цард æмæ хъуыддæгтæ æвдисы идеализацигондæй, кадæджы ис буржуазон национализмы æнтуан, галиу хъуыдытыл хъомыл кæны нæ фæсивæды. Историон темæйыл кусгæйæ, автор йæ уацмысы æрмæгмæ не ʻркасти марксистон-ленинон ахуырады цæстæнгасæй æмæ йæ кадæг ардауы, ныртæккæйы рæстæджы чи хъæуы, ахæм зондахастыл нæ, фæлæ, нæ рæстæджы æххуыс чи нæ кæны, зиан чи хæссы, ахæм зондахастыл æмæ хъуыдыйыл.

Хетæгкаты Дауыт фæстаг рæстæджы йе ʻргом здахын байдыдта актуалондæр тематикæмæ, нырыккон советон адæмы хъуыддæгтæ æмæ цардыуагыл зарджытæ кæнынмæ, æмæ йын æнтысын дæр хуыздæр байдыдта. Афтæ нæм кæсы, йæ уыцы ног фæндагыл фидардæр куы ныллæууид, уæд йе сфæлдыстадæн дæр æмæ чиныгкæсджытæн дæр бирæ ахъаздæр фæуаид æмæ растдæр, хуыздæр хъуыддаг бакæнид.

*«Мах дуг», 1950, №6*

# АРВИСТОН

## ЭЗОПЫ ÆМБИСÆНДТÆ

### 212. Æлвыд фыс

Иу æнарæхст лæг йæ фысы æлвыдта æмæ йын-иу йæ царм фæлыг кодта. Уæд æм фыс дзуры: «Кæд дæ къуымбил хъæуы, уæд дæ кард уæлдæрты уадз, кæд дæ фыдызгъæл хъæуы, уæд та мæ уыцыиу æргæвст акæн, науæд мын мæ буар куы иу ран фæрæгъузыс, куы иннæ ран».

Æмбисонд æвдисы: цавæрфæнды хъуыддагмæ дæр æнарæхст адæймæгтæ ма ‘вналæнт.

### 213. Гранатбæлас, фæткъуыбæлас æмæ какон



Гранатбæлас фæткъуыбæласимæ фæбыцæу. Сæ иу дæр загъта, сæ иннæ дæр, мæ дыргътæ, дам, хуыздæр сты. Сæ быцæу карзæй-карздæр куы кодта, уæд сæм æмбонды æддейæ какон дзуры: «Ныууадзут уæ хъаугъа. Фæлтау æнцад-æнцойæ цæрæм!»

Разагъды лæгтæ хыл кæнынмæ куы фæвæййынц, уæд ницæййæгтæ дæр сæхимæ исты æркæсынц.

### 214. Куырм мыст



Куырм мыст дын иуахæмы æппæлæгау йæ мадмæ дзуры: «Æз куырм нал дæн!» Мад хинымæры загъта, гъа-ма, бафæлварон æй, зæгъгæ. Радта йæм буды гага, стæй йæ афарста, цы, дам, у ай. Куырм мыст ын дзуапп радта, ай дур у, зæгъгæ. Уæд ын мад афтæ: «Мæ хуры чысыл, уынын дæр нæ райдыдтай, стæй ма де смудæнтæй дæр æнæхай фæдæ!»

Иуæй-иу хиппæлой адæймæгтæ дæр афтæ сты: ахсджиаг хъуыддаг нæ, фæлæ чысыл цыдæртæ скæнын дæр сæ бон нæ вæййы.

## 215. Дыдынтæ æмæ хуыргæрчытæ

Дыдынтæ æмæ хуыргæрчытæ дойныйæ мардысты æмæ дын иу зæхкусæгмæ куы бахатиккой, дон нын авæр, зæгъгæ. Хуыргæрчытæ йын зæрдæ бавæрдтой, дæ сæнæфсирдоны мæр дын фæлмæн кæндзыстæм, стæй, дам, талатæм зилдзыстæм. Дыдынтæ та загътой, давджыты, дам, æмгæрон нæ уадздзыстæм. Зæхкусæг сын дзуапп радта: «Омæ мæм дыууæ галы ис æмæ мын зæрдæ ницæмæй æвæрынц, фæлæ мын алцæмæй дæр мæ къух ацаразынц. Фæлтау уыдонæн ратдзынæн дон».

Æмбисонды æвдыст цæуы æбузн адæймаг.

## 217. Богъ æмæ хъæддаг сæгътæ

Домбай кæй расырдта, уыцы богъ дын, хъæддаг сæгътæ кæм цардысты, уыцы лæгæты куы фæмидæг уаид. Сæгътæ йæ сыкъайæ цæвын байдыдтой. Уæд сæм богъ дзуры: «Æз уæм не 'вналын, уымæн æмæ тæрсгæ кæнын – сымахæй нæ, фæлæ дæлæ æдде чи лæууы, уымæй».

Афтæ бирæтæ, тыхджынæй тæрсгæйæ, фæразынц лæмæгъты æфхæрдтытæн.

## 218. Маймулийы лæппынтæ

Дзурынц, маймулитæн, дам, дыгай лæппынтæ гуыры. Гъемæ, дам дзы мад иуы фæуарзы, фæзилы йæм, иннæмæй та йæ удхæссæг уыны æмæ йæ йæхи бар ныууадзы. Фæлæ Хуыцау хъуыддæгтæ афтæ саразы, æмæ мад буц кæмæй вæййы, дыгидыги кæмæн фæкæны, уыцы лæппын амæлы, иннæ та цардæгасæй баззайы.

Æмбисонд амоны: алцыдæр аразгæ у Хуыцауы фæндæй.



## 219. Мæлхъ æмæ цъиах

Мæргътæ сæхицæн æвзæрстой паддзах, æмæ мæлхъ загъта, мæнæй, дам уæ рæсугъддæр ничи у æмæ мæн равзарут. Мæргътæ сразы сты мæлхъы фæндоныл, фæлæ дын уалынджы цъиах куы сдзурид: «Омæ ды куы спаддзах уай æмæ нæм иуахæмы цæргæс куы ‘рбалæбура, уæд нæ куыд фервæзын кæндзынæ?»

Паддзах фидауцæй паддзах нæ вæййы, фæлæ тыхæй.

## 220. Теуа, пыл æмæ маймули



Цæрæгойтæ сæхицæн паддзах æвзарынвæнд скодтой. Æрæмбырд сты, уæдæ цы уыдаид. Пыл æмæ теуа сбыцæу сты, ома махæй стырдæр сырдтæ нæй æмæ хъуамæ махæй исчи уа паддзах. Маймули дæр ныхасы бар ракуырдта æмæ загъта, уæ иу дæр, дам, нæ бæззы паддзахæн: теуа йе ‘фхæрджытæм мæсты кæнынмæ нæ арæхсы, æмæ уымæй цæй паддзах ис, пыл та, дам, хуыйы хъыбылæй дæр тæрсгæ куы кæны, уæд чердыгон паддзах уыдзæни?

Æмбисонд æвдисы: хатгай чысыл аипп дæр къуылымпыйы хос вæййы стыр хъуыддаг саразынæн.



## 221. Зевс æмæ калм

Зевс чындзæхсæв кодта, æмæ йын сырдтæ, кæмæн куыд йæ амал уыд, афтæ иууылдæр лæвæрттæ хастой. Калм дæр æрбабырыд, йæ дзыхы сырхмæтæг, афтæмæй. Зевс æй куы ауыдта, уæд æй фæрсы: «Мæ уаз-

джытæй алкæмæй дæр райсдзынæн лæвæрттæ, дæуæй та мæ ницы хъæуы».

Æмбисонды хъуыды: фыд-зæрдæ адæймæгтæ дын цыфæнды хорзы куы цæуой, уæддæр тæссаг сты.

## 222. Хуы æмæ куыдз

Хуы æмæ куыдз фæхыл сты. Хуы Афродитæйæ ард бахордта, мæнæ куыдз, дæ дзыхыл, дам, куынæ æрхæцай, уæд, дам дын дæ дæндæгтæ ныццæхх кæндзынæн. Уæд ын куыдз афтæ, æмæ, дам, Афродитæ хуыйæ йæ удхæссæг куы уыны, йæ аргъуанмæ, дам, хуыйы фыд чи бахордта, ахæмты дæр куынæ уадзы. Хуы йын ахæм дзуапп радта: «Йæ удхæссæг нæ дæн, фæлæ мæ уарзгæ кæй кæны, уый тыххæй афтæ кæны – цæмæй мæ адæм ма марой, уый йæ фæнды».

Афтæ у дзыхарæхст адæймæгты хабар дæр: се знаг сæ куы бафхæры, уæд æй афтæ равдисынц, цыма сæ æппæлгæ ракодта.

## 223. Хуы æмæ куыдз

Хуы æмæ куыдз фæбыцæу сты. Сæ быцæуы сæр та уыди: кæй лæппынтæ хуыздæр сты? Куыдз загъта, æз, дам, æппæт сырдтæй дæр тагъддæр зайын. Хуы йын дзуапп радта: «Афтæ у, фæлæ дæ лæппынтæ куырмæй райгуырынц».

Æмбисонд амоны: ахсджиагдæр хъуыддаг у, талф-тулфæй кæй кæныс, уый нæ, фæлæ йыл бæстон кæй ахъуыды кодтай æмæ йæ нывыл кæй сарæзтай, уый.

## 224. Хъæддаг хуы æмæ рувас

Хъæддаг хуы бæласы бын лæууыд æмæ йе ссыртæ цыргъ кодта. Рувас æй афарста, нæдæр, дам, цуанæттæ æвvaхс искуы ис, нæдæр æндæр исты фыдбылыз, уæд, дам, де ссыртæ цæмæ цæттæ кæныс. Хъæддаг хуы йын дзуапп радта: «Дзæгъæлы сæ нæ цыргъ кæнын: исты фыдбылыз куы 'рцæуа, уæд мæ мæхи цæттæ кæнынмæ нал æвдæлдзæн, фæлтау мын уадз æмæ ифтонг уой».

Тæссаг уавæртæм рагацау цæттæ кæнын хъæуы – ахæм у æмбисонды хъуыды.

## ÆНÆХЪÆН XX ÆНУСЫ ДÆРГЪЫ АДÆМ АРÆЗТОЙ РУХС ФИДÆНЫ ТЕОРИТÆ

Ленинæн хъысмæт баххуыс кодта, æмæ йæ бæллиц сæххæст – революци фæуæлахиз. Æмæ уый хæдуæлвæд фæтæгæн йæ сæр баййæфта трагеди. Ахæм трагедийы тыххæй Энгельс загъта: «Революци сарæзтам, зæгъгæ, чи æппæлыд, уыдон-иу дыккаг бон дзурын байдыдтой: мах, дам, цы революци сарæзтам, уый, æнхъæлмæ кæмæ кастыстæм, ахæм нæ разынд. Уый Гегель хуыдта «историйы ирони». Ленин бæллыд æмæ æнхъæлдта, паддзахад амæлдзæни, паддзахадимæ та бюрократи æмæ а. д. **Цырен зонды хицау цы лæг уыд, ууыл æрцыд æвирхъау бæллæх – зондцух дзы рауади.** Сæрымагъз фæсахъат... Ленин чысыл бæстыхайы сæргъы дæр никуы лæууыд, афтæмæй сонт-монты егъау бæстæйы разамонæг ацис æмбойны æмæ залымы митæ кæнын байдыдта. Иудадзыг йе 'нæбон хъæрахст нæрыди: «расстрелять». Афтæ, гъе! Сифилис æй нæ байсæфта (адæм афтæ 'нхъæлдтой) – революци йын йæ сæрымагъз бавдæрзта. Йæ цардæн символикон кæрон ис: Хуыцауимæ разагъды тохгæнæг, атеист чи уыд, уымæн йе 'мтохгæнджытæ йе стджытæ æмбийын нæ бауагътой. (...)

**Уацхæссæджы фарст: 1991 азы нæ бæстæйы социалистон рельсытæй раргъæвтой капиталистон рельсытæм. Цас æнтысы уыцы фæндагыл Уæрæсейæн?**

**Дзуапп:** Махмæ ныр нæхи базар ис. Ноджы нæм ис нæхи буржуази – капиталистон фæллойы хъæбатыртæ. Коррупци Уæрæсейы раджы дæр уыди, ныр дæр ис æмæ фидæны дæр уыдзæни. Архивы баззад инæлар-майор Ягужинскийы ныхас Петр Фыццæгæмимæ. Император Ягужинскийæн бафæдзæхста, барамынд, дам, ныффысс: «Исчи бæндæн балхæныны аргъ исты куы адава, уæд ауыгъд æрцæудзæн уыцы бæндæныл». «Мæ паддзах, – дзуапп ын радта Ягужинский, – афтæ дæ фæнды, цæмæй дæ дæлбар адæмæй æнæхай фæуай? Мах иууылдæр давгæ кæнæм, æрмæст иутæ фылдæр давынц, иннætæ та – къаддæр».

*Эдвард Радзинский*
*АиФ, 2017, №31*

# КОРНЕЙ ЧУКОВСКИЙЫ БОНЫГÆЙ

* * *

**1946 азы 16 сентябрь.** Уыдыстæм Верæ Инбермæ. Радзырдта нын Маяковскийы тыххæй. Маяковский цавæрдæр кабаремæ бацыд, Есенин Айседорæ Дунканимæ куы бацард, уыцы рæстæджы. Конферансье – æнхъæлдæн, Гаркави – загъта: «Вот еще один знаменитый поэт. Пожелаем и ему какую-нибудь Айседору».

Маяковский йын дзуапп радта: «Может быть и найдется Айседура, но Айседураков больше нет». (...)

* * *

**1956 азы 9 мартъи.** ...мæ зæрдыл æрлæууыди: «Тараканище»-йæ Иосиф Виссарионович скъуыддзæгтæ иста, æнхъæлдæн, XIX съезды. «Зашуршал где-то таракан», – афтæ райдыдта йæ плагиат. Уый фæстæ мын мæ аргъау æнæхъæнæй радзырдта, фæлæ авторы кой не скодта. Æппæт «хуымæтæг адæм» дæр стыр дисы бацыдысты, Сталины хъуыддæгтæ куы раргомчынди, уæд: курдиатæйцух разамонæг, æбуалгъ администратор кæй уыд, йæхи Конституцийы æппæт пункттæй иу дæр кæй не 'ххæст кодта æмæ а.д. «Уæдæ газет «Правда» «Мæнг» газет уыди, нæ?» – загъта мын абон 7-æм къласы скъоладзау.

* * *

**1962 азы 24 ноябрь.** Сталины полицайты æрдонг ныддæрæхсæн Ахматовайыл. Цыбырзонд адæймæгтæм уый диссаг фæкæсдзæни: дæсгай мин опричниктæ алыхуызон фыдмитæгæнæн хотыхтæй ифтонг, револьвертæ, сармадзантæ сæм, афтæмæй сæхи ныццавтой æнæбон сылгоймагыл, æмæ сылгоймаг тыхджындæр разынди, се 'ппæтыл дæр фæуæлахиз. Фæлæ махмæ уый æппындæр диссаг нæ кæсы. Мах зонæм: æдзухдæр афтæ вæййы. Поэты ныхас кæддæриддæр хъомысджындæр разыны æппæт тыхгæнæг полицайтæй. Поэты ныхас нæ бамбæхсдзынæ, къæхты бын æй нæ бассæнддзынæ, нæ йæ амардзынæ...

*__К. Чуковский.__ Дневник 1930–1969.*
*М., «Современный писатель».*

# ЦИТАТÆТÆ

* * *

Коррупци дæргъмæ-уæрхмæ ахъардта, зæгъæн ис, æппæт бæстæйы уæлдæр разамынды алыхуызон структурæты... Официалон бæрæгзонæнтæм гæсгæ 2016 азы Уæрæсейы коррупцийы аххосæй зианты нымæц схызти 78 миллиард соммæ. Доллæрджын миллионерты нымæц фæци 10 проценты фылдæр. Уæрæсейæгтæн сæ 40 процентæн та цæрæнхостæ амал кæнынæн дæр нæ фаг кæны æхца.

**_Л.В. Расторгуева._**
*Пятая газета, 2017, №26*

* * *

Кæм и фыдракæндты гуырæн? Ныр 27 азы дæргъы Уæрæсейы Центробанкæн контрольгæнæг у Америчы Иугонд Штатты Федералон резервон системæ (ФРС) æмæ америкаг къазнадон...

*Аргументы недели,*
*2017, №35*

* * *

Не дожидаясь формального признания своего банкротства, банкиры выводят деньги, отданные им на хранение, то есть фактически осуществляют хищения в крупных размерах. Вот сейчас Набиуллина отзывает у банков лицензии. Уже триста лицензий отозвала. Это же страшный процесс!.. Наша страна заминирована банковской системой. Выдергивая банк за банком, Набиуллина разрушает нашу экономику. Физические лица получают хоть какую-то часть за счет Агентства страхования, а юридические лица теряют все подчистую.

**_Валентин Катасонов,_**
*экономикон наукæты доктор, профессор.*
*Аргументы недели, 2017, №35*

* * *

Кадрты фарста ис заууаты уавæры. Уымæ гæсгæ поликлиникæты рынчынтæ дæргъæй-дæргъмæ рады лæууынæй баста-

йынц, дохтыртæ нæ фаг кæны, æмæ адæм стыр хъизæмæрттæ æййафынц. Ацы хабар абон нæ райдыдта. 90-æм азты æнæниздзинад хъахъхъæныны системæ фехæлдæуыд. Уæд, хицæутты нымадмæ гæсгæ, паддзахады хардзæй цы студенттæ ахуыр кæны, уыдон бæлвырд-бæрæг бынæттæм хъуамæ æрвыст мауал цыдаиккой, цæвиттон, сæхи бар сæ ауагътой. Уыцы æбæрнон уынаффæ æркодта ныры уæззау уавæрмæ: дæрддзæф хъæууон районтæй медицинон кадртæ ивылын байдыдтой фæрнджындæр бынæттæм.

Цæмæй ацы къуырцдзæвæнæй фервæзæм, уый тыххæй раздæхын хъæуы раздæры æгъдæуттæм: паддзахады хардзæй чи ахуыр кæны, уыцы фæсивæды æнæмæнг æрвитын хъæуы нысангонд бынæттæм. Мингай дохтыртæй нын ницыуал пайда ис. Медикты царды уавæртæ дзæвгар февзæрдæр сты – социалон гарантитæ нал ис. Иумæйаг паддзахадон политикæ нæй медицинон кусджытæн социалон гарантиты тыххæй. Алы регионы разамонджытæ дæр хъуыддагмæ кæсынц, сæхи куыд фæнды, афтæ. Растдæр зæгъгæйæ та, регионтæй иутæ цыдæр мадзæлттæ аразынц, иннæтæ та – нæ.

***Леонид Рошаль,***<br>
*Национ медицинон*<br>
*палатæйы сæргълæууæг.*<br>
*АиФ, 2017, №37*

* * *

Венесуэлæ 2012–2013 азты Уæрæсейæ æфстау цы 3 миллиард сомы райста, уыдонæй 950 милуаны нæ бафыста. Киргизийæн та 240 милуан доллæры æфстау ныххатыр кодта нæ бæстæйы хицауад. Кубæ, Манголи, Афганистан æмæ нæ æндæр паддзахæдтæ дардтой миллиардтæ, уыдон дæр доны къусы сæфт фæкодтой... Гъе, фæлæ Уæрæсе йæхи адæмæн нæ хатыр кæны нæдæр хъалонтæ, нæдæр коммуналон хæрдзтæ-фиддонтæ.

*АиФ, 2017, №24*

**Редакцийæ: *Æмæ та иуахæмы нæ премьер срæцугъдзæни:* «Денег нет, но держитесь!»**

* * *

Ивгъуыд æнусы 70-æм азты Америчы 37-æм президент Ричард Никсон уыдис Советон Цæдисы. Йæ официалон хъуыддæгтæ куы

бакодта, уæд æй æрфæндыди Черемушкийы базар фенын... Базарæй куы рацæйцыд, уæд æй иу зæронд ус баурæдта æмæ йын æхсынæнты барчъи йæ къухы фæсагъта. Æхца дзы нæ райста, фæлæ йын загъта, ды, дам, Америчы сæргъы лæууыс, мæнæн та фашистон Германиимæ хæсты ме 'ртæ хъæбулы фæмард сты. Æмæ, дам, бацархай, цæмæй хæст мауал æрцæуа. Никсон зæронд усы йæ хъæбысы акодта, стæй йæ дæлбар лæгæн ацамыдта, æхца, дам ын авæр. Æмæ уыцы æхсынæнты барчъиимæ бацыди фысымуатмæ. Стæй иуцасдæры фæстæ кæртмæ рахызт æмæ дзы бирæ фæразил-базил кодта. Æвæццæгæн, мах, ома политиктæ, цыдæр хъуыддæгты рæдийæм, зæгъгæ, ахæм хъуыдыты аныгъуылд.

*АиФ, 2017, №24*

## Хафизы рубаи

Нæ дуне чъизи у, гадзрахат,
фыдæхæй, галиу митæй – дзаг.
Æмæ-иу ма раппæл хæларæй –
рæхджы дын бадардзæни марг.
Цæрын æз иппæрдæй, дæн иунæг,
нæ цæуын иумæ дæр хæстæг,
цæмæй мæ уарзон æмгар искæд
йæхицæн ма схона ызнаг.

## Джамимæ гæсгæ

Цъаммар бæрзонд бынаты 'рбадт,
Бынаты фæрцы слæг.
Рыджы мур арвмæ схаста уад,
Уæддæр рыг у – ныллæг.

# РАГОН КИТАЙАГ ЗОНДЫ НЫХÆСТÆ

* * *

Конфуций загъта: «Мæн æппындæр дзурын нæ фæнды». Цзы-гун ын афтæ: «Нæ ахуыргæнæг куы ницы дзура, уæд мах цы базондзыстæм?» Ахуыргæнæг загъта: «Арвы искуы дзургæ фехъуыстат? Никуы. Фæлæ уæддæр афæдзы афонтæ кæрæдзи

ивгæ цæуынц, зæххыл цæрæгудтæ гуырынц. Арв та лæууы æнæдзургæйæ».

* * *

Конфуций загъта: «Дзурæн кæимæ ис, уыцы адæймагимæ куынæ дзурай, уæд дын æцæгæлон суыдзæн; дзурæн кæимæ нæй, ахæмимæ куы дзурай, уæд дæ ныхæстæ сæфтыл нымай. Зонд кæмæ уа, уый адæймагæй дæр æмæ йæ ныхæстæй дæр йæхи æнæхай нæ фæкæндзæни».

* * *

Конфуций-иу, саутæ чи дары, стæй куырм чи у, ахæм адæймаджы куы федта, уæд-иу æнæмæнг сыстади, сæ рæзты-иу куы фæцæйцыд, уæд та-иу йæ цыд фæтагъддæр кодта.

* * *

Конфуций загъта: «Уæздан адæймагмæ ис æртæ миниуæджы, мæнæн сæ мæ бон нæ баци сæххæст кæнын: адæймагуарзон лæгыл катай нæ фæтых вæййы, зондджын гуырысхо нæ кæны, хъæбатыр та тæрсгæ». Цзы-гун ын загъта: «Уыцы миниуджытæ иууылдæр дæумæ сты».

* * *

Конфуций дзырдта: «Пайдайаг хæлæрттæ æртæ сты, фыдзæрдæтæ дæр æртæ. Пайдайаг хæлар у æргомзæрдæ, раст æмæ фендджын. Фыд-зæрдæтæ – мæнгард, цæстмæмитæгæнаг æмæ дзæнгæдацæгъдæг».

* * *

Конфуций загъта: «Уæздан адæймаджы цур фæрæдийæн ис æртæ хатты: дзурын не 'мбæлы, афтæмæй куы дзурай, уæд рæузонд дæ, дзурын куы хъæуа, уæд куынæ дзурай, уæд та æмбæхстзæрдæ дæ, стæй кæимæ ныхас кæнай, уымæн йæ цæсгомы æнгасмæ куынæ кæсай, уæд та дæ схонæн ис куырм».

* * *

Цзы-гун бафарста: «Цы загъдæуа, мæгуыр уæвгæйæ, искæмæн лæгъстæгæнгæ йæ гуыбыны цъарыл чи нæ быры, бонджын уæвгæйæ та йæ сæр чи нæ нысхъæл кæны, ахæмæй? Конфуций йын дзуапп радта: «Уый бæззон лæг у, фæлæ уæддæр, мæгуырæй хъæлдзæг чи у, бонджынæй та хæдæгъдау, ахæмы не 'ййафы».



*Хид йеменаг хъæу Шахарæйы.*



*Иу зæгæл дæр хост кæм нæй, ахæм хъæдын хид.*
*Дагестан. Хъæу Гулли.*

## «МАХ ДУГ» 2017 АЗЫ НЫММЫХУЫР КОДТА:

### БЕСТАУТЫ ГИУÆРГИ: 85 АЗЫ

*БЕСТАУТЫ Гиуæрги.* **Дзуары лæгау уазсыгъдæг уыдтæн.** Æмдзæвгæтæ. IV, 6.

### ГУЫРДЗЫБЕТЫ ИРИНÆ: 80 АЗЫ

*ГУЫРДЗЫБЕТЫ Иринæ.* **Æнусты рухс.** Æмдзæвгæтæ. XII, 17.

### ДЗАСОХТЫ МУЗАФЕР: 80 АЗЫ

*ДЗАСОХТЫ Музафер.* **Стъæлфæнтæ.** I, 80.

### МÆРЗОЙТЫ СЕРГЕЙ: 90 АЗЫ

*МÆРЗОЙТЫ Сергей.* **Хахуыр.** Радзырд. IV, 80.

### МЫРТАЗТЫ БАРИС: 100 АЗЫ

*МЫРТАЗТЫ Барис.* **Куыд атахтысты азтæ!..** Æмдзæвгæтæ, миниатюрæтæ. I, 7.

### ТЪЕХТЫ ВАЛЕНТИН: 75 АЗЫ

*ТЪЕХТЫ Валентин.* **Цæстысыджы æртæхтæ.** Новеллæ. III, 104.

### ЦОМАРТАТЫ ИЗÆТБЕГ: 75 АЗЫ

*БУТАТЫ Эльзæ.* **Æргом ныхасы къæм нæй.** Интервью. III, 85.

### ТЫБЫЛТЫ АЛЫКСАНДР: 130 АЗЫ

*ТЫБЫЛТЫ Алыксандр.* **Уацтæ.** III, 6.

## ЧЕДЖЕМТЫ ÆХСАР: 80 АЗЫ

*ЧЕДЖЕМТЫ Æхсар.* **Æз – хæхты фырт.** Æмдзæвгæтæ, цыбыр хъуыдытæ. III, 12.

## БИЦЪОТЫ ГРИШ: 85 АЗЫ

*БИЦЪОТЫ ГРИШ.* **Уæ рынтæ бахæрон.** Радзырд. V, 6.

## ГАДЖИТЫ ГЕОРГИ: 85 АЗЫ

*ГАДЖИТЫ ГЕОРГИ.* **Рæстæг – хосгæнæг.** Æмдзæвгæтæ. V, 15.

## ЧЕРЧЕСТЫ ХЪАСБОЛАТ: 70 АЗЫ

*ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат.* **Этюдтæ.** VIII, 7.

## ХОСТЫХЪОТЫ ЗИНÆ: 80 АЗЫ

**Фысджытæ Зинæйы тыххæй.** XII, 7.
*ХОСТЫХЪОТЫ Зинæ.* **Æз – сылгоймаг.** Æмдзæвгæтæ. XII, 11.

## ХЪАУЫРАТЫ ДАУЫР: 75 АЗЫ

*ХЪАУЫРАТЫ Дауыр.* **Нырма æнус фæсудзин.** Мысинæгтæ, æмдзæвгæтæ. XI, 7.

## ПОЭЗИ

*АБАЙТЫ Эдуард.* **Куырдадз у цард.** Æмдзæвгæтæ. IX, 66.
*АБОЙТЫ Зарæ.* **Мæ зæрдæ – æвдисæн.** Æмдзæвгæтæ. XII, 81.
*ÆЛБОРТЫ Беллæ.* **Дæ къахвæдтæ.** Æмдзæвгæтæ. IX, 82.
*ÆЛБОРТЫ Петр.* **Хур дæр алкæуыл не 'ххæссы.** Æмдзæвгæтæ. IX, 80.
*БАБОЧИТИ Руслан.* **Дувæндитæ.** Æмдзæвгитæ. X, 21.
*ГАГЛОЙТЫ Толик.* **Мæ фыццаг уалдзæг.** Æмдзæвгæтæ. XII, 86.
*БИАЗЫРТЫ Кромвел.* **Алондон æрлæууыди мæ зæрдыл.** Æмдзæвгæтæ. IV, 102.

*ГОДЖЫЦАТЫ Нелли.* **Æмбæхст зæлтæ.** Æмдзæвгæтæ. III, 108; Мæт сыгъдæг кæны уды. Æмдзæвгæтæ. IX, 63.
*КАСАТЫ Батрадз.* **Кæм агурон зæрдæйы ныфс...** Æмдзæвгæтæ. VIII, 13.
*КОКОЙТЫ Махар.* **Дыууæ æмдзæвгæйы.** VIII, 77; **Дыууæ æмдзæвгæйы.** X, 67.
*КОКОЙТЫ Эльзæ.* **Æрхæндæг æмæ цин.** Æмдзæвгæтæ. XI, 17.
*КОЛИТИ Витали.* **Поэти ном – ци зин уаргъ æй.** Æмдзæвгитæ. VII, 56.
*КЪАДЗАТЫ Станислав.* **Раст рæдыд.** Æмдзæвгæтæ. II, 71.
*КЪИБИРТИ Амурхан.* **Кæнæн тох, кæнæн догъ...** Æмдзæвгитæ. V, 94.
*РÆМОНТЫ Геор.* **Уды рухс.** Æмдзæвгæтæ. VII, 6.
*ФИДАРАТЫ Руслан.* **Абоны хъынцъым.** Æмдзæвгæтæ. VIII, 73.
*ХОДЫ Камал.* **Цæугæ цард.** Æмдзæвгæтæ. VI, 5.
*ХЪОДЗАТЫ Æхсар.* **Фæдисон нæй мæ хъæрмæ.** Æмдзæвгæтæ. VI, 33.

## ПРОЗÆ

*АГЪНАТЫ Гæстæн.* **Æмфæндаггонтæ.** Роман. II, 6; III, 21; IV, 18; V, 21.
*БАГАТЫ Аврам.* **Новеллæтæ.** VIII, 78.
*БАГАТЫ Лади.* Хорз лæг хорз фæд уадзы. Уац. 9, 108; **Джыкк æмæ Годжи.** Таурæгъ. VII, 63; **Чи кæй?** Радзырд. X, 6.
*БИЦЪОТЫ Гриш.* **Ставд-Дуртæ.** Документалон уацау. Кæрон. I,15.
*БЫЗЫККАТЫ Земфирæ.* **Гыркъо – чындзхæссæг.** Юморескæ. XII, 96.
*ГАПБАТЫ Алетæ.* **Худын – цардыхос.** Худæджы хабæрттæ. XII, 101.
*ДЗУЦЦАТЫ Къоста.* **Сатирикон нывтæ æмæ таурæгъ.** XII,
*ГУСАЛТЫ Барис.* **Мастад цинтæ.** Дарддæр. VII, X; Кæрон. VIII, 21.
*КОЛЫТЫ Хадзы-Мурат.* **Хуымæллæггаг хъæлдзæг ныхæстæ.** VI, 16.
*КЦОЙТЫ Астемыр.* **Хуыцауы минæвар.** Таурæгъ. XII, 83.
*НАФИ.* Урс-урсид мит. Уацау. IX, 6.
*ОТАРТЫ Гиуæрги.* **Уæныкæсæг.** Æцæг цаутæ. III, 113.

*ТОРЧЫНТЫ Хъазыбег.* **Фыдсыл.** Æцæг цау. VI, 81.
*ХУЫГАТЫ Сергей.* **Къостайы авдæн.** Уацау. XI, 21; **Къостайы авдæн.** Уацау. Кæрон. XII, 24.
*ЦГЪОЙТЫ Хазби.* **Хæлæджы фыдгæнд.** Радзырд. II, 84; **Дæ намыс дын – тæрхонгæнæг.** VI, 45.

## НОГ НОМ

*АНВАРАТЫ В.* **Сыгъдæгзæрдæйæ фæлæггад кодта Ирон театрæн.** Уац. V, 140.
*ТАХЪАЗТЫ Артур.* **Дыууæ æмдзæвгæйы.** II, 92;

## АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

**Аргъæуттæ.** I, 94; VI, 88.
**Уæйыджы лымæн ус.** Аргъау. V, 110.
Таурæгътæ, зарджытæ. IX, 71.
**Таурæгътæ.** XI, 86.

## ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

*МЗОКТЫ Аслæнбег.* **Интервью Касаты Батрадзимæ.** II, 110.
*ТЕДТОЙТЫ Зинæ.* **Хъуыдытæ Гоголы тыххæй.** Уац. VII, 125.
*ХЕКЪИЛАТЫ Цæразон.* **Уырыссаг æвзагыл фыст ирон литературæ æви уырыссаг литературæ?** Уац. 119.
*ХЪАЗИТЫ Мелитон.* **Рухсхæссæг кадæг.** Уац. VII, 95.

## УИДÆГТÆ

*АГЪНАТЫ Æхсар.* **Цалдæр ныхасы Лавровы уацы тыххæй.** XI, 109.
*Л. И. ЛАВРОВ.* **Происхождение кабардинцев и заселение ими нынешней территории.** Уац. XI, 101.

## НОГ ТÆЛМАЦТÆ

*Астрид КОЛЬМАЙЕР.* **Æмдзæвгæтæ.** V, 105.
*ДЗГОЙТЫ Анатоли.* **Ам дæ къалати цæттæ...** Мысинæгтæ. VIII, 49; Кæрон. X, 30.

## ИРОН ПРОЗӔЙЫ АНТОЛОГИ

*БИЦЪОТЫ Гриш.* Цалынмæ цалх тула. Радзырд. IX, 118.
*БУЛКЪАТЫ Михал.* **Трактор æмæ гутоны зарæг.** Радзырд. II, 124.
*ГАГЛОЙТЫ Владимир.* **Ӕртæ новеллæйы.** IV, 124.

*ГӔБУЛТЫ Мелитон.* Ӕртæ хатты мæрдтæй æрыздæхтæн... Радзырд. I, 118.
*ГУЫЦМӔЗТЫ Михал.* **Даргъ дзыккутæ.** Радзырд. XI, 110.
*ЗАКАТЫ Алыкси.* **Ӕдзæсгом уари.** Радзырд. VIII, 122.
*СӔБӔТХЪУАТЫ Рамазан.* **Мады къухтæ.** Радзырд. 6, 118.
*ХӔБЛИАТЫ Сафар.* **Инæлары мад.** Радзырд. 11, 122.

## НЕ ‘ВЗАГ – НӔ ФАРН

*МЗОКТЫ Аслæнбег.* **«Ӕвзаг хъуамæ хъæугæ уа».** Интервью Куыдзойты Анжелæимæ. X, 89.

## НӔ НОМДЗЫД АХУЫРГӔНДТӔ

*ТОХСЫРТЫ Къоста.* **Дохтыр, профессор, хорз адæймаг.** Уац. VIII, 104.

## АХУЫРГӔНӔГӔН ӔХХУЫСӔН

*МЗОКТЫ Аслæнбег.* **«Ӕгас Ирæн йæ цыт».** VIII, 97; IX, 93.

## РАЗАГЪДЫ ЛӔГТӔ

*ДЖЫККАЙТЫ Къоста.* **Георгийы кавалер**

## ӔВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

**Гæдиаты Цомахъы драмæ «Ос-Бæгъатыры» тыххæй.** IV, 119.
*ДЖИОЕВ Хазби.* **Социалистическое содержание и национальный характер литературного произведения.** II, 118.
**Зианхæссæг чиныг.** III,125.
**Ирыстоны историйы уавæры æмæ йæ ныффыссыны хæсты тыххæй.** V, 133.
**Мамсыраты Темырболат æмæ йæ пропагандисттæ.** I, 113.

**Партийы Обкомы фæндзæм пленум.** XI, 113.
**Письмо А. Б. Олисаева...** X, 104.
*ПЛИТЫ Грис.* **Историон рæстад галиуæй.** XII, 113.
**Результат политической беспечности.** XII, 110.
*ХЪУЛАТЫ Хъуыбады.* **Идеологон куыст.** Уац. VI, 108.
*ЦÆЛЛАГТЫ Муссæ.* **Адæмы знæгтæ хæлдтой ахуырадон-иртасæг институты куыст.** VIII, 113.
**Ходатайство Х. Цомаева...** X, 108.
*ХЪ. Хъ.* **Æркæсут-ма Барахъты Еленæйы æцæг цæсгоммæ.** VIII, 117.
*ХЪ. Хъ.* **Дыккаг «Ирон газет» – контрреволюцион-националистон буржуазийы ахстон.** X, 100.

## СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ

*БОЛАЙЫ фырт.* **Новеллæтæ.** II, 94.
*ДЗБОЙТЫ Батырбег.* **Æртæуатон фатер.** Киносценари. VII, 71.
*ТМЕНАТЫ Дзерассæ.* **Йæ цыртдзæвæн – йæ фæллæйттæ.** Цабайты Уасойы райгуырды 120 азмæ. X, 68.
*ХОДЫ Дзаххотт.* **Хъарм аходæнтæ æмæ уырытæ.** Фельетон. X, 76.

## «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ

I, 104; II,101; III, 115; IV, 110; V, 122; VI, 98; VII, 85; VIII, 87; IX, 81; X, 79; XI, 93.

## АРВИСТОН

I, 128; II,132; III,133; IV,135; VI, 136; VII, 131; VIII, 132; IX, 134; X, 128; XI, 134; XII, 123.

## УÆЛÆМХАСÆН

*Ольга ДУБИНСКАЯ.* «Этого оствить...». I, 138.

## ТÆФÆРФÆС.

**Джусойты Нафи.** VII, 139.

**Малиты Васо.** X, 137.

**Чеджемты Геор.** XII, 142.

# ТÆФÆРФÆС



## ЧЕДЖЕМТЫ ГЕОР

Ирон литературæ æмæ аивадыл æрцыд уæззау зиан. 4 декабры 77-аздзыдæй не ‘хсæнæй фæхъуыди Чеджемты Зæкæриайы фырт Геор, ирон зындгонд поэт, фыссæг, драматург, публицист æмæ курдиатджын нывгæнæг, нæ республикæйы Фысджыты цæдис æмæ Нывгæнджыты цæдисы уæнг, рауагъдад «Ир»-ы аивадон редактор, аивæдты сгуыхт архайæг, Гæдиаты Цомахъы номыл премийы лауреат.

Георы алывæрсыг сфæлдыстад зынгæ бынат æрцахста ирон адæмы культурæйы. Йе ‘мдзæвгæты сæйрагдæр мотивтæ уыдысты сыгъдæг уарзондзинад, ивгъуыд бонты æхцон æмæ риссаг мысинæгтæ, зæрдæбын сагъæстæ йæ ныййарæг адæмы хъысмæтыл, фыдызæххыл, фидæныл. Дзæвгар зæрдæмæхъаргæ æмдзæвгæтæ, радзырдтæ æмæ аргъæуттæ ныффыста рæзгæ фæлтæрæн дæр. Йæ алы уацмыс дæр ифтонг уыдис йæ хæлар зæрдæйы цæхæрæй. Уæдæ йæ пьесæты цæстуарзон юморæй дæр бирæ чиныгкæсджытæ æмæ театрдзауты зæрдæтæ барухс кодта.

Йæ уацмыстæ æмæ йæ уацтæ 1964 азæй фæстæмæ иу æмæ дыууæ хатты нæ фæзындысты журнал «Мах дуджы» фæрстыл. Уыдис нæ иузæрдион автор.

Рауагъдад «Ир»ы кусгæйæ бирæ поэттæ æмæ фысджыты чингуытæ сфæлгонц кодта йæ аив нывтæй. Йæ нывтæ йын фенæн уыдис Æппæтуæрæсейон, зоналон æмæ республикон равдыстыты. 2012 азы 11-æм номыры йын мыхуыргонд æрцыдысты рубрикæ «Мах дуджы равдыст»-ы дæр.

Чеджемты Георы рухс ном æнустæм цæрдзæн нæ зæрдæты.

***Журнал «Мах дуджы» кусджытæ***

*Цъары фæрстыл:*

*Абысалты Юри. Ногбонтæ Ирыстоны.*


* * *

| | |
|---|---|
| Гл. редактор | *А. М. КОДЗАТИ* |
| Зам. гл. редактора, проза | *Б. М. ГУСАЛОВ* |
| Ред. отдела поэзии и драматургии | *К. Г. МАМУКАЕВ* |
| Шеф-редактор | *И. А. КОДЗАТИ* |
| Корректор | *З. З. КАРАЦЕВА* |
| Дизайн | *З. Р. ГУРИЕВА* |
| Компьютерный набор | *М. К. КИРГУЕВА* |

* * *

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

Учредитель:
Комитет по делам печати
и средств массовых коммуникаций РСО-Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Гагарина, 30.

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64; зам. гл. редактора, отдел прозы – 25-20-52; шеф-редактор, отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.*

Подписано к печати 15.12.17. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1.
Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,35. Учетно-изд. л. 7,27.
Тираж 1100 экз. Заказ № 836. Цена свободная.
Выход из печати 28 декабря 2017 г.

Отпечатано в АО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.





Индекс 73247